



CABINET DU PRESIDENT

LOI N°1/ 27 DU 28 DECEMBRE 2023
PORTANT MODIFICATION DU CODE DE
PROCEDURE CIVILE

LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

Vu la Constitution de la République du Burundi ;

Vu la Loi Organique n°1/26 du 26 décembre 2023 portant Modification de la Loi n°1/08 du 17 mars 2005 portant Code de l'Organisation et de la Compétence Judiciaires ;

Vu la Loi n°1/22 du 25 juillet 2014 portant Réglementation de l'Action Récursoire et Directe de l'Etat et des Communes contre leurs Mandataires et leurs Préposés ;

Vu la Loi n°1/03 du 23 janvier 2021 portant Complément des Dispositions du Code de Procédure Civile relatives à la Réinstitution du Conseil des Notables de la Colline ;

Revu la Loi n°1/010 du 13 mai 2004 portant Code de Procédure Civile ;

Le Conseil des Ministres ayant délibéré ;

L'Assemblée nationale et le Sénat ayant adopté ;

PROMULGUE :



IBIRO VY'UMUKURU W'IGIHUGU

IBWIRIZWA INOMERO 1/ 27 RYO KU WA 28
KIGARAMA 2023 RISUBIRAMWO IGITABU
C'AMATEGEKO YEREKEYE INGENE IMANZA
Z'AMATATI ZIBURANISHWA, ZICIBWA
N'INGENE ZIKURIKIZWA

UMUKURU W'IGIHUGU,

Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Repuburika y'Uburundi ;

Yihweje Ibwirizwa ryunganira Ibwirizwa shingiro inomero 1/26 ryo ku wa 26 Kigarama 2023 rihindura Ibwirizwa inomero 1/08 ryo ku wa 17 Ntwarante 2005 rishinga Igitabu c'amategeko aringaniza sentare n'ububasha bwazo ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/22 ryo ku wa 25 Mukakaro 2014 rishinga ingene Reta n'ikomine bishingisha imanza z'ukwishuza amafaranga yarishwe kubera amakosa yakozwe nabo Reta yashinze amabanga, abakozi bayo n'abo ikomine ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/03 ryo ku wa 23 Nzero 2021 ryunganira ingingo z'Igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'amatati ziburanishwa, zicibwa n'ingene zikurikizwa, ryerekeye ukunagura intahe yo ku mugina ;

Asubiye kwihweza Ibwirizwa inomero 1/010 ryo ku wa 13 Rusama 2004 rishinga Igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'amatati ziburanishwa, zicibwa n'ingene zikurikizwa ;

Inama Nshikiranganji imaze kubica irya n'ino ;

Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka zimaze kuvyemeza ;

ATANGAJE :

Article 1 :

Les dispositions de la présente loi s'appliquent devant toutes les juridictions siégeant en matière civile, commerciale, sociale et administrative.

TITRE I : DE LA PROCEDURE DEVANT LES JURIDICTIONS**CHAPITRE I : DES DISPOSITIONS LIMINAIRES****Section 1 : Des principes directeurs du procès****Sous-section 1 : De l'instance****Article 2 :**

Seules les parties introduisent l'instance, hors les cas où la loi en dispose autrement. Elles ont la liberté d'y mettre fin avant qu'elle ne s'éteigne par l'effet du jugement ou en vertu de la loi.

Article 3 :

Les parties conduisent l'instance sous les charges qui leur incombent. Il leur appartient d'accomplir les actes de la procédure dans les formes et les délais requis.

Article 4 :

Le juge veille au bon déroulement de l'instance. Il impartit les délais et ordonne les mesures d'instruction nécessaires, sous réserve du strict respect des limites fixées par la présente loi.

Sous-section 2 : De l'objet du litige**Article 5 :**

L'objet du litige est déterminé par les prétentions respectives des parties.

Les prétentions sont fixées par l'acte introductif d'instance et par les conclusions en défense. Toutefois, l'objet du litige peut être modifié par des demandes incidentes lorsque celles-ci se rattachent aux prétentions originaires par un lien suffisant.

Ingingo ya 1 :

Ibitegekanijwe n'iri bwirizwa birakurikizwa muri sentare zose zisasa mu manza zerekeye amatati, ubudandaji, akazi n'izerekeye Reta n'ibisata vyayo.

IKIGABANE CA 1 : UKO IVYEREKEYE IMANZA Z'AMATATI BIGENDA MURI SENTARE**IGICE CA 1 : INGINGO Z'INTANGAMARARA****Agace ka 1 : Ingingo ngenderwako mu kwitura sentare****Agahimba k'agace ka 1 : Ibijanye n'urubanza****Ingingo ya 2 :**

Ababuranyi ni bo bonyene bashingisha urubanza, kiretse mu gihe amategeko abitegekanya ukundi. Barafise uburenganzira bwo kuruheba imbere yuko ruhera kubera rucitse canke kubera ari ko amategeko abitegekanya.

Ingingo ya 3 :

Ababuranyi bakurikirana urubanza umwumwe wese afatiye ku bimwega. Ni bo bategerezwa kurangura ibijanye n'urubanza mu buryo no mu biringo bitegerejwe.

Ingingo ya 4 :

Umucamanza aritwararika ko urubanza ruburanishwa neza. Arashinga ibiringo kandi agafata ingingo zikenewe mw'itohoza, hatirengagijwe ko ibitegekanijwe n'iri bwirizwa vyubahirizwa.

Agahimba k'agace ka 2 : Icitwarirwa**Ingingo ya 5 :**

Icitwarirwa gitomorwa hafatiwe ku bisabwa n'umwumwe mu baburanyi.

Ibisabwa n'ababuranyi bitomorwa mu rwandiko rw'ukwitwara no mu mburano z'ukwiregura. Ariko, icitwarirwa gishobora guhinduka bivuye ku bindi birego vyinjira mu rubanza mu gihe bifise ico bihuriyeko gikwiye n'ivyari vyarasabwe urubanza rugitangura.

Sous-section 3 : Des faits**Article 6 :**

A l'appui de leurs prétentions, les parties ont la charge d'alléguer les faits propres à les fonder.

Article 7 :

Le juge ne peut pas fonder sa décision sur des faits qui n'ont pas fait objet de débat.

Sous-section 4 : Des preuves**Article 8 :**

Il incombe à chaque partie de prouver conformément au droit les faits nécessaires au soutien de sa prétention.

Article 9 :

Le juge a le pouvoir d'ordonner d'office les mesures d'instruction légalement admissibles.

Article 10 :

Les parties sont tenues d'apporter leurs concours aux mesures d'instruction sauf au juge à tirer toute conséquence d'une abstention ou d'un refus.

Si une partie détient un élément de preuve, le juge peut, à la requête de l'autre partie, lui enjoindre de le produire, au besoin à peine d'astreinte. Il peut, à la requête de l'une des parties, demander ou ordonner, au besoin sous la même peine, la production de tous les documents détenus par des tiers s'il n'existe pas d'empêchement légitime.

Sous-section 5 : Du droit applicable**Article 11 :**

Le juge tranche le litige conformément aux règles de droit qui lui sont applicables.

Agace ka 3 : Imvo n'imvano y'icitwarirwa**Ingingo ya 6 :**

Mu gushimangira ivyo basaba, ababuranyi bategerezwa gushikiriza imvo n'imvano y'icitwarirwa.

Ingingo ya 7 :

Umucamanza ntashobora gufata ingingo yishimikije ivyo ababuranyi batahariyeko.

Agahimba k'agace ka 4 : Ivyemezo**Ingingo ya 8 :**

Umuburanyi wese ni we ategerezwa kwerekana, hisunzwe amategeko, ibintu vyose bikenewe kugira ashigikire imburano ziwe.

Ingingo ya 9 :

Umucamanza afise ububasha bwo gushinga, abonye ko bikenewe, ingingo zemewe n'amategeko zifasha mu gutohoza.

Ingingo ya 10 :

Ababuranyi bategerezwa gufasha kugira ingingo z'ugutohoza zikurikizwe, mu gihe naho hari uwirengagije canke uwanse gukurikiza izo ngingo, umucamanza aca afata ingingo zose zikenewe.

Iyo umuburanyi afise icemezo, umucamanza arashobora, bisabwe n'uwundi muburanyi, kumutegeka kugishikiriza, bibaye ngombwa agatangishwa ihadabu rija ririyongera uko imisi ihera atagishikirije. Arashobora, bisabwe n'umwe mu baburanyi, gusaba canke gutegeka ko abandi bantu bashikiriza inzandiko zose z'ivyemezo bafise iyo ata kibibuza, bibaye ngombwa, bagahanishwa ico gihano nyene.

Agahimba k'agace ka 5 : Ibijanye n'amategeko akurikizwa**Ingingo ya 11 :**

Umucamanza aca urubanza rwerekeye amatati yisunze amategeko ayerekeye.

Il est tenu de donner ou de restituer leur exacte qualification aux faits et aux actes litigieux nonobstant la dénomination que les parties en auraient proposée.

Toutefois, il ne peut changer la dénomination ou le fondement juridique lorsque les parties, en vertu d'un accord exprès et pour les droits dont elles ont la libre disposition, l'ont lié par les qualifications et les points de droit auxquels elles entendent limiter le débat.

Article 12 :

Le juge peut inviter les parties à fournir les explications de droit qu'il estime nécessaires à la solution du litige.

Sous-section 6 : De la défense

Article 13 :

Les parties défendent elles-mêmes leurs causes; elles peuvent choisir librement leurs défenseurs pour se faire représenter ou pour se faire assister suivant ce que la loi permet ou ordonne.

Sous-section 7 : De la contradiction

Article 14 :

Nulle partie ne peut être jugée sans avoir été régulièrement assignée.

Est nulle, toute disposition d'un jugement ou d'un arrêt qui condamne une personne non partie ou non appelée à l'instance.

Article 15 :

Les parties doivent se faire connaître mutuellement en temps utile les moyens de fait sur lesquels elles fondent leurs prétentions, les éléments de preuve qu'elles produisent et les moyens de droit qu'elles invoquent, afin que chacune soit à même d'organiser sa défense.

Ategerezwa gutomora canke kwerekana neza imvo n'imvano n'amatati ayo ari yo n'aho ababuranyi boba bavyise ukundi.

Ariko, umucamanza ntashobora guhindura uko vyitwa canke uko bifatwa imbere y'amategeko mu gihe ababuranyi, hisunzwe ivyo biyumvikaniye ku mugaragaro n'uburenganzira bafise bashobora gukoresha uko bashatse, bafashe ayo matati ku bijanye n'uko yokwitwa hamwe n'ingingo z'amategeko bashima guharirako.

Ingingo ya 12 :

Umucamanza arashobora gusaba ababuranyi gutanga insiguro zijanye n'amategeko abona ko zikenewe mu gutorera umuti amatati.

Agahimba k'agace ka 6 : Ibijanye n'ukuburana

Ingingo ya 13 :

Ababuranyi ni bo biburanira bo nyene, hatirengagijwe ko hari aho bategerezwa guserukirwa; barashobora kwitorera uwubaburanira bishakiye kugira abaserukire canke abafashe bivanye n'ico amategeko abarekurira canke abasaba.

Agahimba k'agace ka 7 : Ibijanye n'uguhinyuzanya

Ingingo ya 14 :

Nta muburanyi n'umwe ashobora gucirwa urubanza atumvirijwe canke atarengukijwe.

Ingingo yose iri mu rubanza ihana umuntu atari mu rubanza canke atarengukijwe iba impfagusa.

Ingingo ya 15 :

Umuburanyi umwumwe wese ategerezwa kumenyeshwa mu gihe kibereye ivyo imburano z'uwo baburana zishingiyeko, ivyemezo ashikiriza hamwe n'ingingo z'amategeko yishimikiza kugira ashobore gutunganya imburano ziwe.

Article 16 :

Le juge doit, en toutes circonstances, faire observer et observer lui-même le principe de la contradiction.

Il ne peut retenir, dans sa décision, les moyens, les explications et les documents invoqués ou produits par les parties que si celles-ci ont été à même d'en débattre contradictoirement.

Il ne peut fonder sa décision sur les moyens de droit qu'il a relevés d'office ou sur les explications complémentaires qu'il a demandées sans avoir au préalable invité les parties à présenter leurs observations.

Article 17 :

Sur requête de l'une des parties et lorsque la loi le permet ou si la nécessité le recommande, une mesure conservatoire peut être ordonnée à l'insu de l'autre partie. Celle-ci dispose d'un recours contre la décision qui lui fait grief devant l'autorité qui l'a prise.

Sous-section 8 : Des débats et de l'obligation de réserve**Article 18 :**

Les débats sont publics, sauf les cas où la loi exige ou permet qu'ils aient lieu à huis clos.

Article 19 :

Les débats se déroulent dans l'une des langues officielles du pays.

Article 20 :

Lorsque l'une des parties est dans l'incapacité de communiquer dans l'une des langues officielles, elle comparaît assistée d'une personne de son choix en mesure d'assurer la communication.

Article 21 :

Les parties sont tenues de garder en tout le respect dû à la justice.

Ingingo ya 16 :

Umucamanza ategerezwa, mu bihe vyose, gutuma hubahirizwa no kwubahiriza we nyene ubwiwe ingingo ngenderwako yerekeye uguhinyuzanya.

Umucamanza ntashobora gushingira, mu ngingo afata, ku mburano, insiguro no ku nzandiko vyavuzwe canke vyashikirijwe n'ababuranyi kiretse iyo bashoboye kubishikiriza bahinyuzanya.

Umucamanza ntashobora gufata ingingo yisunze imvo zifatye kw'itegeko yabonye we nyene ubwiwe canke insiguro yasavye zunganira izo batanze atabanje gusaba ababuranyi kugira ico babivuzeko.

Ingingo ya 17 :

Bisabwe n'umwe mu baburanyi no mu gihe amategeko abirekura canke iyo bikenewe ko ingingo ifatwa umuburanyi atabimenyeshajwe, arafise uburenganzira bwo kwungururiza iyo ngingo imurenganya uwo baburana atabizi. Uwungururijwe arafise uburenganzira bw'ukwitwarira iyo ngingo imbere ya sentare yayifashe.

Agahimba k'agace ka 8 : Ibijanye n'ukuburana n'ugutegerezwa kwiyubara mu mvugo no mu ngiro**Ingingo ya 18 :**

Ukuburana bibera mu ntahe y'icese, kiretse mu gihe amategeko asaba canke arekura ko bibera mu mwiherero.

Ingingo ya 19 :

Mu kuburana hakoreshwa ururimi rumwe mu zikoreshwa mu ntwaro.

Ingingo ya 20 :

Mu gihe umwe mu baburanyi afise ubumuga butuma adashobora kuvuga muri rumwe mu ndimi zikoreshwa mu ntwaro, arenguka ari kumwe n'uwo yitoye ashobora kumuvugira.

Ingingo ya 21 :

Ababuranyi bategerezwa muri vyose kuguma bubaha ubutungane.

Le juge observe lui-même le devoir de réserve dans la conduite d'audience.

Section 2. Des règles propres à la matière gracieuse

Article 22 :

Le juge statue en matière gracieuse lorsque, en l'absence de litige, il est saisi d'une demande dont la loi exige, en raison de la nature de l'affaire ou de la qualité du requérant, qu'elle soit soumise à son contrôle.

Article 23 :

Le juge peut prendre en considération, parmi les éléments du débat, même les faits que les parties n'auraient pas spécialement invoqués au soutien de leurs prétentions.

Article 24 :

Le juge procède, même d'office, à toutes les investigations utiles.

Il a la faculté d'entendre les personnes qui peuvent l'éclairer ainsi que celles dont les intérêts risquent d'être affectés par sa décision.

Article 25 :

Lorsque le juge estime qu'il est suffisamment éclairé, il peut statuer sur pièce.

Article 26 :

Un tiers peut être autorisé par le juge à consulter le dossier de l'affaire et à s'en faire délivrer copie, s'il justifie d'un intérêt légitime.

Section 3 : De l'action

Article 27 :

L'action est le droit, pour l'auteur d'une prétention, d'être entendu sur le fond de celle-ci afin que le juge la dise bien ou mal fondée.

Umucamanza ategerezwa kwiyubara mu mvugo no mu ngiro mu gihe ariko araburanisha.

Agace ka 2 : Ingingo zerekeye imanza ata matati arimwo

Ingingo ya 22 :

Umucamanza afata ingingo mu manza ata matati arimwo, iyo mu vyo ashikirijwe, itegeko risaba ko, bivanye n'ibisabwa ivyo ari vyo canke ico uwubisaba ari, bitegerezwa gutohozwa n'umucamanza.

Ingingo ya 24 :

Umucamanza arashobora gufatira, mu vyashikirijwe, no ku bindi bintu ababuranyi batoba barashimikirako cane mu vyo basaba.

Ingingo ya 25 :

Umucamanza aragira, anavyibwirije, amatohoza yose akenewe.

Arafise uburenganzira bwo kwumviriza abantu bashobora kumuha umuco hamwe n'abandi inyungu zabo zishobora kubangamirwa biturutse ku ingingo ashobora gushinga.

Ingingo ya 25 :

Igihe umucamanza abona ko afise umuco ukwiye, arashobora gushinga ingingo atumvirije abo vyega.


Ingingo ya 26 :

Umucamanza arashobora kurekurira uwundi muntu kuraba idosiye y'urubanza no kumuha ikopi yayo, iyo yerekanye ko hari inyungu yemewe n'amategeko abifisemwo.

Agace ka 3 : Ivyerekeye ukwitwara

Ingingo ya 27 :

Ukwitura sentare ni uburenganzira ku witwara bw'ugushikiriza ibirego, bwo kwumvirizwa ku bijanye n'ido n'ido ry'ivyo birego kugira umucamanza avuge ko ibirego yashikirijwe bifise canke bidafise ishingiro.



Article 28 :

L'action est ouverte à tous ceux qui ont un intérêt légitime. Elle n'est reconnue qu'aux seules personnes capables d'ester en justice et qualifiées par la loi pour élever ou combattre une prétention.

Article 29 :

Est irrecevable toute prétention émise par ou contre une personne dépourvue du droit d'agir.

CHAPITRE II : DE LA DEMANDE EN JUSTICE**Section 1 : De la demande initiale****Sous-section 1 : De la demande en matière contentieuse****Article 30 :**

La demande initiale est celle par laquelle un plaideur prend l'initiative d'un procès en soumettant au juge ses prétentions. Elle introduit l'instance.

La demande initiale est formée par assignation, par remise d'une déclaration conjointe au greffe de la juridiction, par requête ou par déclaration au greffe de la juridiction.

Dans tous les cas, le greffier invite le demandeur à consigner la provision nécessaire pour le paiement des frais de justice et lui délivre un reçu portant le numéro de mise au rôle.

Paragraphe 1 : La requête conjointe**Article 31 :**

La requête conjointe est l'acte commun par lequel les parties soumettent au juge leurs prétentions respectives, les points sur lesquels elles sont en désaccord ainsi que leurs moyens respectifs.

Ingingo ya 28 :

Ukwitura sentare birekuriwe abo bose bafise inyungu baharanira zemewe n'amategeko. Ubu burenganzira bwemerewe gusa abantu bafise ubushobozi bwo guseruka mu butungane kandi bavyemerewe n'amategeko kugira bashikirize ibirego canke biregure.

Ingingo ya 29 :

Ibirego vyose bishikirizwa n'umuntu adafise uburenganzira bw'ugushobora kwitura sentare canke ibiregwa umuntu nk'uko ntivyakirwa.

IGICE CA II : IVYEREKEYE UKWITWARA**Agace ka 1 : Ivyerekeye ukwitwara utanguje urubanza****Agahimba k'agace ka 1 : Ukwitwara hari amatati****Ingingo ya 30 :**

Ukwitwara utanguje urubanza ni icyo uwitwaye ashikirije sentare ibirego. Ni vyo bitanguza urubanza.

Ukwitwara bigaragazwa n'umutahe wo kurengutsa urungikirwa uwitwariwe, mu gutanga urwandiko rumenyeshya ibisabwa rushikirizwa n'abaturanyi bompzi mw'iyandikiro ry'imanza rya sentare canke bikagirwa biciye mu rwandiko rw'ukwitwara canke bigashikirizwa ku munwa mw'iyandikiro ry'imanza rya sentare.

Mu bihe vyose, umwanditsi w'imanza arasaba uwitwaye gutanga amafaranga y'ugushingisha urubanza akenewe kugira hazorihwe amagarama agaca amuha urwandiko rwemeza ko ayo mafaranga yatanzwe ruriko inomeru y'urutonde urubanza ruzohamagarirwako.

Agahimba ka 1 : Urwandiko rw'ukwitwara sentare rushikirizwa n'abaturanyi bompzi**Ingingo ya 31 :**

Urwandiko rw'ukwitwara sentare rushikirizwa n'abaturanyi bompzi ni urwandiko rusangi aho umwumwe mu baburanyi ashikiriza sentare ibirego vyiwe, ivyo batashoboye kwumvikanako hamwe n'imburano zibishigikira.

Elle contient, en outre :

- 1° les noms, prénoms, profession, domicile, nationalité, date et lieu de naissance de chacun des requérants pour les personnes physiques ainsi que la forme, la dénomination, le siège social et l'organe qui les représente légalement pour les personnes morales ;
- 2° l'indication de la juridiction devant laquelle la demande est portée.

La requête comprend également l'indication des pièces sur lesquelles la demande est fondée. Elle est datée et signée par les parties.

La requête conjointe vaut conclusions pour les parties.

Paragraphe 2 : La requête et la déclaration

Article 32 :

La requête et la déclaration sont des actes par lesquels le demandeur saisit la juridiction sans que son adversaire en ait été préalablement informé.

La requête est écrite et la déclaration est verbale.

La requête et les déclarations contiennent :

- 1° l'indication des noms, prénoms, profession, domicile, nationalité, date et lieu de naissance du demandeur pour les personnes physiques ainsi que l'indication de la forme, la dénomination, le siège social et l'organe qui les représente légalement pour les personnes morales ;
- 2° l'indication des noms, prénoms et domicile de la personne contre laquelle la demande est formée ou, s'il s'agit d'une personne morale, de sa dénomination et de son siège social ;

Urwo rwandiko, kugira rwakirwe ruba rurimwo, n'ibi bikurikira :

- 1° Izina ry'umwumwe mu bitwaye, amatazirano yiwe, ico akora, aho aba, ubwenegihugu bwiwe, igenekerezo yavukiyeko n'aho yavukiye mu gihe ari amashirahamwe na ho, umugwi ishirahamwe rimwerimwe ryose ririmwo, izina ryaryo, ahari icicaró caryo n'urwego ruriserukira imbere y'amategeko ;
- 2° Sentare yituwe iyo ari yo .

Urwo rwandiko rurerekana kandi inzandiko urubanza rushingiyeko. Rurashirwako igenekerezo rugiriwako n'imikono y'ababuranyi.

Urwandiko rw'ukwitura sentare rushikirizwa n'ababuranyi bompi rufatwa nk'imburano zabo.

Agahimba ka 2 : Ukwitwara biciye mu rwandiko n'ukwitwara ku munwa

Ingingo ya 32 :

Ukwitwara biciye mu rwandiko n'ukwitwara ubishikirije ku munwa mw'iyandikiro ry'imanza ni uburyo uwitwara akoresha mu kwitura sentare, uwo yitwarira atabanje kubimenyeshwa.

Ukwitwara bicishwa mu rwandiko canke bigashikirizwa ku munwa.

Ibishikirizwa mu kwitwara biba birimwo ibi bikurikira :

- 1° Izina ry'uwitwaye, amatazirano yiwe, ico akora, aho aba, ubwenegihugu bwiwe, igenekerezo yavukiyeko n'aho yavukiye, mu gihe ari amashirahamwe na ho, umugwi ishirahamwe rimwerimwe ryose ririmwo, izina ryaryo, ahari icicaró caryo n'urwego ruriserukira imbere y'amategeko ;
- 2° Izina ry'uwitwariwe, amatazirano yiwe n'aho aba, canke iyo ari ishishirahamwe na ho, izina ryaryo n'ahari icicaró caryo ;

3° l'objet de la demande avec un exposé des moyens en fait et en droit.

Sauf justification d'un motif légitime tenant à l'urgence ou à la matière considérée, en particulier lorsqu'elle intéresse l'ordre public, la requête ou la déclaration qui saisit la juridiction de première instance précise également les diligences entreprises en vue de parvenir à une résolution amiable du litige. Elle est datée et signée.

La requête ou la déclaration vaut conclusions pour le demandeur.

Article 33 :

Le défendeur doit, sous peine d'être déclaré, même d'office, irrecevable en sa défense, faire connaître :

- 1° les noms, prénoms, profession, domicile, nationalité, date et lieu de naissance s'il s'agit d'une personne physique ;
- 2° la forme, la dénomination, le siège social et l'organe qui la représente s'il s'agit d'une personne morale.

Paragraphe 3 : L'assignation

Article 34 :

L'assignation est l'acte d'huissier de justice par lequel le demandeur invite le défendeur à comparaître et lui signifie l'objet et les motifs de sa prétention en vue d'entendre statuer par jugement sur celle-ci.

Article 35 :

L'assignation contient, outre les mentions prescrites pour les actes d'huissier de justice :

- 1° l'indication de la juridiction devant laquelle la demande est portée ;
- 2° l'objet de la demande avec un exposé des moyens en fait et en droit ;

3° l'objet de la demande avec un exposé des moyens en fait et en droit.

Kiretse hari imvo yemewe n'amategeko yashikirijwe ituma urubanza rushingishwa vyihuta canke bivanye n'ico rwerekeye, na canecane mu gihe ari ibijanye n'umutekano w'igihugu, mu kwitwara biciye mu rwandiko canke ukwitwara ku munwa urubanza rugitangura haratomorwa kandi ivyakoze mu ntumbero yo gutorera umuti amatati biciye mu mwumvikano. Birashirwako igenekerezo bigiriweko n'umukono.

Ukwitwara biciye mu rwandiko canke ukwitwara ku munwa bifatwa nk'imburano z'uwitwaye.

Ingingo ya 33 :

Uwitwariwe ategerezwa, kugira ivyo yireguza vyakirwe, n'aho yoba avyibwirije, kumenyeshya ibi bikurikira :

- 1° Izina ryiwe, amatazirano yiwe, ico akora, aho aba, ubwenegihugu bwiwe, igenekerezo yavukiyeko n'aho yavukiye ;
- 2° Iyo ari ishirahamwe na ho, umugwi ririmwo, izina ryaryo, ahari icicaro caryo n'urwego ruriserukira.

Agahimba ka 3 : Umutahe w'ukurengutsa

Ingingo ya 34 :

Umutahe w'ukurengutsa ni urwandiko rw'umumenyeshamanza uwitwara ahamagarizako uwo aburanya ngo arenguke kandi amenyeshwe imvo n'ibituma yitwariwe kugira yumvirizwe kandi hacibwe urubanza ku vyo yitwariweko.

Ingingo ya 35 :

Umutahe w'ukurengutsa, uretse ibisanzwe bishirwa mu nzandiko z'umumenyeshamanza, ushirwamwo kandi :

- 1° Sentare yakiriye ibirego vy'urubanza iyo ari yo ;
- 2° l'objet de la demande avec un exposé des moyens en fait et en droit ;

3° l'indication des modalités de comparution devant la juridiction et la précision que, faute pour le défendeur de comparaître, il s'expose à ce qu'un jugement soit rendu contre lui sur les seuls éléments fournis par son adversaire.

Elle comprend en outre, l'indication des pièces sur lesquelles la demande est fondée. Les pièces sont énumérées sur un bordereau qui lui est annexé.

Sauf justification d'un motif légitime tenant à l'urgence ou à la matière considérée, en particulier lorsqu'elle intéresse l'ordre public, l'assignation précise également les diligences entreprises en vue de parvenir à une résolution amiable du litige.

L'assignation vaut conclusions pour le demandeur.

Article 36 :

L'assignation est signifiée au défendeur comme il est prescrit à l'article 100 de la présente loi. Le délai ordinaire d'ajournement pour celui qui réside dans le pays est de huit jours francs.

Pour le défendeur qui réside en dehors du pays, le délai visé à l'alinéa précédent est de soixante jours.

Sous-section 2: De la demande en matière gracieuse

Article 37 :

En matière gracieuse, la demande est formée par requête.

Article 38 :

Le juge est saisi par la remise de la requête au greffe de la juridiction.

3° Ibukurikizwa mu kurenguka imbere ya sentare n'ugutomora ko, uwitwariwe atarengutse, urubanza rushobora gucibwa agatsindwa hafatiwe gusa ku vyashikirijwe n'uwamwitwariye.

Umutahe w'ukurengutsa urerekana kandi inzandiko ukwitwara bishingiyeko. Izo nzandiko zidondagurwa mu rwandiko ruherekeza uwo mutahe.

Kiretse hari imvo yemewe n'amategeko yashikirijwe ituma urubanza rushingishwa vyihuta canke bivanye n'ico rwerekeye, na canecane mu gihe ari ibijanye n'umutekano w'igihugu, umutahe wo kurengutsa uratomora kandi ivyakozwe mu ntumbero yo gutorera umuti amatati biciye mu mwumvikano.

Umutahe wo kurengutsa ufatwa nk'imburano z'uwitwaye.

Ingingo ya 36 :

Umutahe wo kurengutsa umenyeshwa abitwariwe nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 100. Ikiringo gisanzwe c'ukurenguka ku baba mu Burundi ni ic'imisi umunani hadaharuwemwo umusi umutahe utangiweko n'imisi y'akaruhuko.

Ku baba hanze y'igihugu, ikiringo c'ukurenguka kivugwa mu gahimba gahejeje kuvugwa ni ic'imisi mirongo itandatu.

Agahimba k'agace ka 2 : Ibijanye n'ukwunguruza imanza ata matati arimwo

Ingingo ya 37 :

Ukwungururiza ingingo zafashwe mu manza ata matati arimwo bigirwa biciye mu rwandiko rusanze.

Ingingo ya 38 :

Sentare y'iyungururizo yiturwa biciye mu gushikiriza mw'iyandikiro ry'imanza urwandiko rusaba kwunguruza urubanza.

Section 2 : Des demandes incidentes

Article 39 :

Constitue une demande incidente, toute demande intervenant au cours d'un procès déjà né.

Les demandes incidentes sont la demande reconventionnelle, la demande additionnelle et l'intervention.

Article 40 :

La demande reconventionnelle est une demande par laquelle le défendeur originaire prétend obtenir un avantage autre que le simple rejet de la prétention de son adversaire.

Article 41 :

Constitue une demande additionnelle, la demande par laquelle une partie modifie ses prétentions antérieures en les amplifiant.

Article 42 :

L'intervention est la demande dont l'objet est de rendre un tiers, partie au procès engagé entre les parties originaires.

Article 43 :

Lorsque la demande émane d'un tiers, l'intervention est volontaire; elle est faite par comparution volontaire après paiement des frais de consignation.

Lorsqu'un tiers est mis en cause par une partie ou sur instruction du juge, le cas échéant, l'intervention est dite forcée; elle est formée par voie d'assignation.

Article 44 :

La demande incidente expose les prétentions et les moyens de la partie qui la forme et indique les preuves qui les sous-tendent.

Agace ka 2 : Ivyerekeye ukwiyadukiza mu rubanza rwamaze gutangura

Ingingo ya 39 :

Ukwiyadukiza mu rubanza ni uburyo bwose bw'ugushikiriza ibirego urubanza rwamaze gutangura.

Ukwiyadukiza mu rubanza ni ukwitwarira uwagushingishirije urubanza, ukwongera ibirego ku vyari vyarashikirijwe mu kwitwara hamwe n'ukwinjira mu rubanza rwatanguwe n'abandi.

Ingingo ya 40 :

Ukwitwarira uwagushingishirije urubanza ni ukwitwara bigirwa n'uwitwariwe muri urwo rubanza yizera kuronka akandi karusho atari ukwiregura kwonyene ku vyasabwe n'uwamwitwariye.

Ingingo ya 41 :

Ukwongera ibirego ku vyari vyashikirijwe ni ibirego umwe mu baburanyi ashikiriza ahindura ivyo yari yasavye ubwa mbere mu kubishimangira.

Ingingo ya 42 :

Ukwinjira mu rubanza rwatanguwe n'abandi ni ukwitwara bituma uwundi muntu aba umuburanyi muri urwo rubanza.

Ingingo ya 43 :

Mu gihe uwundi muntu ari we yisabiye kwinjira mu rubanza, bivugwa ko yinjije muri urwo rubanza ku gushaka kwiwe; bigirwa mu kurenguka ku gushaka kwiwe amaze kuriha amafaranga y'ugushingisha urubanza.

Mu gihe uwundi muntu akwegewe mu rubanza n'umwe mu baburanyi canke bitegetswe n'umucamanza, iyo bikenewe, bivugwa ko yinjije mu rubanza ku gahato; bigirwa biciye mu kumurengutsa.

Ingingo ya 44 :

Mu kwiyadukiza mu rubanza rumaze gutangura harerekanwa ivyo umuburanyi yiyadukije asaba n'ivyo imburano ziwe zishingiyeko hakerekanwa n'ivyemezo bibishigikira.

Article 45 :

Les demandes incidentes sont formées de la même manière que sont présentés les moyens de défense.

En appel, les demandes incidentes le sont par voie d'assignation.

Article 46 :

L'acte par lequel est formée une demande incidente vaut conclusions pour son auteur; il est notifié aux autres parties.

Article 47 :

Les demandes reconventionnelles ou additionnelles ne sont recevables que si elles se rattachent aux prétentions originaires par un lien suffisant.

Toutefois, la demande en compensation est recevable même en l'absence d'un tel lien, sauf au juge à la disjoindre si elle risque de retarder à l'excès le jugement sur le tout.

Section 3 : De la saisine**Article 48 :**

La juridiction est saisie à la diligence de l'une ou de l'autre partie par la remise au greffe d'une copie de l'assignation. La remise est faite dans les trente jours de la réception de l'assignation par le défendeur, faute de quoi l'assignation est caduque.

A défaut de remise, la requête peut être présentée au président de la juridiction en vue de faire constater la caducité.

La caducité est constatée d'office par ordonnance du président de la juridiction.

Ingingo ya 45 :

Ibirego vyaduka mu rubanza rwamaze gutangura bishikirizwa nk'uko hashikirizwa imburano z'ukwiregura.

Igihe urubanza rwungurujwe, ibirego vyaduka mu rubanza rwamaze gutangura bishikirizwa biciye mu mutaha w'ukurengutsa abo vyerekeye.

Ingingo ya 46 :

Urwandiko rw'ibirego vyaduka urubanza rwamaze gutangura rufatwa nk'imburano z'uwarushikirije; ruramenyeshwa abandi baburanyi vyerekeye.

Ingingo ya 47 :

Ibirego bishikirizwa n'uwitwariwe yitwarira uwamwitwariye canke ibirego uwitwaye yongera ku vyo yari yarashikirije mu kwitwara vyakirwa gusa iyo bifitaniye isano riboneka n'ivyari vyashikirijwe ubwa mbere.

Ariko, ibirego bijanye n'ukwishuzanya birakirwa n'aho imyenda itaba ifitaniye isano, umucamanza ashatse aratandukanya izo manza igihe ivyo birego bishobora kudindiza urubanza mu gihe bifatiwe hamwe n'ivyari vyashikirijwe ubwa mbere.

Agace ka 3 : Ivyerekeye ugushingisha urubanza**Ingingo ya 48 :**

Urubanza rwitwa ko rwashinzwe muri sentare ari uko ikopi y'umutaha w'ukurengutsa uwitwariwe igarukanywe mw'iyandikiro ry'imanza rya sentare, bisabwe n'umwe mu baburanyi. Iyo kopi igarukanwa mu misi mirongo itatu kuva uwitwariwe yakiriye umutaha w'ukumurengutsa, bitagenze uko na ho umutaha uca uta igihe.

Ikopi y'umutaha itagarukanywe, urwandiko rw'ukwitwara rurashobora gushikirizwa umukuru wa sentare kugira yemeze ko umutaha w'ukurengutsa uwitwariwe wataye igihe.

Ingingo y'umukuru wa sentare ni yo yemeza ko umutaha w'ukurengutsa uwitwariwe wataye igihe ata wurinze kubisaba.

Article 49 :

La juridiction est également saisie par la remise de la requête conjointe, par la requête ou par la déclaration faite au greffe de la juridiction.

Section 4 : De la procédure devant le juge de mise en état**Article 50 :**

Il est institué, au sein de toute juridiction, un juge de mise en état.

Le président de la juridiction ou de la chambre désigne le juge de mise en état dès qu'il y a saisine régulière de la juridiction.

Article 51 :

Le juge de mise en état a la mission de veiller au déroulement de la procédure, notamment à la célérité de l'échange des conclusions et de la communication de toutes les pièces nécessaires à la procédure.

Le juge peut entendre les parties ou leurs avocats et leur faire toutes communications utiles. Il peut également, si besoin est, leur adresser des injonctions. Il dresse à cet effet un procès-verbal.

Il exerce sa mission en étroite collaboration avec le président de la juridiction.

Article 52 :

Le juge de mise en état fixe, au fur et à mesure, les délais nécessaires à la production des pièces de la procédure ou à l'accomplissement des devoirs requis, eu égard à la nature, à l'urgence ou à la complexité de l'affaire, après avoir provoqué l'avis des parties ou de leurs représentants.

Ingingo ya 49 :

Urubanza rwitwa kandi ko rwashinzwe muri sentare ababuranyi bompibabishikirije hamwe mw'iyandikiro ry'imanza mu rwandiko rw'ukwitwara canke ku munwa.

Agace ka 4 : Ibirangurwa n'umucamanza ajejwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa**Ingingo ya 50 :**

Harashinzwe muri sentare zose umucamanza ajejwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa.

Umukuru wa sentare canke w'igisata aragenda umucamanza ajejwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa sentare iciturwa hubahirijwe amategeko

Ingingo ya 51 :

Umucamanza ajejwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa ashinzwe gukurikirana ibijanye n'urubanza rugomba kuburanishwa, na canecane gutuma ivyerekeye ukumenyesha imburano hamwe n'ugushikiriza inzandiko vyihuta.

Uwo mucamanza arashobora kwumviriza ababuranyi canke abashingwamanza babo no kubamenyesha ibikenewe vyose. Arashobora kandi, iyo bikenewe, kubategeka ivyo bakora. Ku bw'ivyo aragira icegeranyo kivyerekeye.

Akora umurimo ashinzwe afadikaniye n'umukuru wa sentare.

Ingingo ya 52 :

Umucamanza ajejwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa aja arashinga ibirango bikenewe kugira urubanza rukwize ibisabwa, bivanye n'urubanza urwo ari rwo, ingene rwiwuhuta n'ingene rugoye gutahura, kandi amaze kubaza icyo ababuranyi canke abashingwamanza babo babivugako.

Il peut, après avoir recueilli l'accord des parties ou de leurs avocats, fixer un calendrier de la mise en état étalé sur un délai ne dépassant pas soixante jours à partir de la saisine de la juridiction.

Article 53 :

Le juge de mise en état peut décider les jonctions ou les disjonctions d'instance.

Article 54 :

Le juge de mise en état peut constater la conciliation, même partielle, des parties. Il propose pour homologation par jugement, à la demande des parties, l'accord qu'elles lui soumettent.

Article 55 :

Le juge de mise en état peut, à la demande des parties ou d'office, inviter les parties à mettre en cause tous les intéressés dont la présence lui paraît nécessaire à la solution du litige.

Article 56 :

Le juge de mise en état relève les exceptions de procédure et les incidents mettant fin à l'instance. Il constate également l'extinction de l'instance, le cas échéant.

Article 57 :

Si l'une des parties n'a pas accompli les actes de la procédure dans les délais impartis, le juge clôture la procédure de mise en état et la partie défaillante n'a plus le droit d'accomplir ces actes.

Arashobora, amaze kuvyumvikana n'ababuranyi canke abashingwamanza babo, gushinga ikirangamisi c'ugukora ibikenewe kugira urubanza rushobore kuburanishwa kitarenza imisi mirongo itandatu iharurwa kuva sentare yituwe.

Ingingo ya 53 :

Umucamanza ajejwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa arashobora gufata ingingo yo gufatanya canke gutandukanya imanza.

Ingingo ya 54 :

Umucamanza ajejwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa arashobora kubona ko habaye umwumvikano hagati y'ababuranyi, n'aho hoba ari kuri bimwebimwe. Ababuranyi babisavye, umucamanza arasaba sentare gufata ingingo yemeza ivyo bumvikanyeko.

Ingingo ya 56 :

Umucamanza ajejwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa arashobora, bisabwe n'ababuranyi canke avyibwirije, gusaba ababuranyi gushengeza abantu bose berekewe n'urubanza bigaragara ko bahashitse bashobora gufasha mu gutorera inyishu amatati.

Ingingo ya 56 :

Umucamanza ajejwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa arashira ahabona inzitizi z'urubanza n'ibindi bituma urubanza ruhagarara. Aremeza, igihe bikenewe, ko urubanza yariko arakurikirana ruhereye aho.

Ingingo ya 57 :

Iyo umwe mu baburanyi atakurikije ibisabwa kugira urubanza ruburanishwe mu kiringo gitegekaniywe, umucamanza arashobora gushinga ko ivyerekeye gushikiriza ibikenewe kuri uwo muburanyi birangiye kandi umuburanyi atabikurikije ntaba agifise uburenganzira bwo gushikiriza ivyo yari yasabwe.

Article 58 :

A la fin de la procédure, le juge de mise en état produit un rapport sommaire de mise en état sans donner son avis sur le fond du litige et transmet le dossier au président de la juridiction ou de la chambre pour fixation.

Article 59 :

Le juge ayant procédé à la mise en état d'un dossier ne peut pas en connaître le fond.

CHAPITRE III : DES MOYENS DE DEFENSE**Section 1 : Des défenses au fond****Article 60 :**

Constitue une défense au fond, tout moyen qui tend à faire rejeter comme non fondée, après examen au fond du droit, la prétention de l'adversaire.

Article 61 :

Les défenses au fond peuvent être proposées en tout état de cause.

Section 2 : Des exceptions de procédure**Article 62 :**

Constitue une exception, tout moyen de défense tendant à faire obstacle temporairement à l'exercice de l'action telle que mue devant la juridiction.

Les exceptions doivent, à peine d'irrecevabilité, être soulevées avant toute défense au fond ou fin de non-recevoir.

Le juge se prononce dans un délai ne dépassant pas huit jours.

Les dispositions de l'alinéa premier ne font pas non plus obstacle à l'application des articles 66, 71, 72 et 76 de la présente loi.

Ingingo ya 58 :

Ibikurikizwa biheze, umucamanza ajejwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye aragira incamake y'icegeranyo c'ingene ibantu vyifashe ariko ntatange icyumviro ciwe kw'ido n'ido ry'amatati agaca ashikiriza idosiye umukuru wa sentare canke uwurongoye igisata ca sentare kugira ashinge isango.

Ingingo ya 59 :

Umucamanza ajejwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye mw'idosiye ntashobora kwinjira mw'ido n'ido ryayo.

IGICE CA III : IVYEREKEYE UKWIREGURA**Agace ka 1 : Ivyerekeye ukwiregura mw'ido n'ido ry'urubanza****Ingingo ya 60 :**

Ukwiregura mw'ido n'ido ry'urubanza ni imburano zose zifise intumbero yo kwerekana ko ivyashikirijwe n'uwundi muburanyi bitagira ishingiro, hamaze kwihwezwa neza ibijanye n'amategeko bivyerekeye.

Ingingo ya 61 :

Ukwiregura mw'ido n'ido ry'urubanza bishobora gusabwa umwanya uwo ari wo wose.

Agace ka 2 : Ivyerekeye inzitizi z'urubanza**Ingingo ya 62 :**

Inzitizi z'urubanza ni imburano zose zifise intumbero yo gusaba ko hatangazwa ko iburanishwa ryarwo rihagarikwa ivy'agateganyo.

Inzitizi z'urubanza zitegerezwa gushikirizwa imbere yuko urubanza ruburanishwa mw'ido n'ido atari uko ntiziba zicakirwa.

Umucamanza afata ingingo mu kiringo kitarenza imisi umunani.

Ibitegekaniywe mu gahimba ka 1 k'iyi ingingo ntibibuza ko ibitegekaniywe mu ngingo ya 66, iya 71, iya 72 n'iya 76 bikurikizwa.

Article 63 :

La juridiction peut toujours joindre les exceptions déclinatoires au fond et ordonner aux parties de conclure à toutes fins.

Article 64 :

S'il est soulevé une exception d'incompétence, la partie qui la soulève doit, à peine d'irrecevabilité, la motiver et faire connaître dans tous les cas la juridiction qu'elle estime compétente.

Article 65 :

Le juge peut, dans un même jugement, mais par des dispositions distinctes, se déclarer compétent et statuer sur le fond du litige, sauf à mettre préalablement les parties en mesure de présenter leurs observations ou conclusions sur le fond.

Article 66 :

L'exception de connexité peut être proposée en tout état de cause, sauf à être écartée, si elle a été soulevée tardivement dans une intention dilatoire.

Article 67 :

S'il s'élève sur la connexité des difficultés entre diverses formations d'une même juridiction, elles sont réglées par le président, sans formalités.

Article 68 :

Le juge suspend l'instance lorsque la partie qui le demande jouit, soit d'un délai pour faire inventaire, soit d'un bénéfice de discussion ou de division, soit de quelque autre délai d'attente en vertu de la loi.

Article 69 :

Le juge peut accorder un délai au défendeur pour appeler un garant en cause.

L'instance reprend son cours à l'expiration du délai dont dispose le garant pour comparaître, sauf à ce qu'il soit statué séparément sur la demande en garantie si la citation n'a pas été faite dans le délai ou si le garant n'a pas comparu.

Ingingo ya 63 :

Sentare irashobora kwakira ivyireguro biba biratebeje urubanza hamwe n'imburano bwite no gusaba ababuranyi ko bashikiriza ivyiyumviro vya nyuma boba bafise.

Ingingo ya 64 :

Iyo herekanywe inzitizi ko sentare idafise ububasha bwo guca urwo rubanza, umuburanyi abivuze aratanga insiguro zihagije akanerekana sentare yiyumvira ko ibifitiye ububasha, ubundiho ntivyakirwa.

Ingingo ya 65 :

Umucamaza arashobora, mu rubanza rumwe, ariko mu ngingo zitandukanye, gutangaza ko afise ububasha bwo kuburanisha urubanza mw'ido n'ido no gufata ingingo, abanje gusaba ababuranyi gushikiriza ico babivugako n'imburano zabo ido n'ido.

Ingingo ya 66 :

Inzitizi yerekeye imanza zifitaniye isano irashobora gushikirizwa hatarinze kurabwa ico urubanza rwerekeye, ariko ntiyakirwa igihe ishikiriye itevye mu ntumbero yo kudindiza urubanza.

Ingingo ya 67 :

Iyo hari ingorane zijanye n'imanza zifitaniye isano hagati y'ibisata bitandukanye vya sentare imwe, zitorerwa umuti n'umukuru wa sentare hatisunzwe ibisanzwe bikurikizwa.

Ingingo ya 68 :

Umucamanza arahagarika ivy'agateganyo urubanza igihe umuburanyi abisavye afise uburenganzira bwo kuronswa ikiringo co guharura amatungo, ikiringo c'ukubiharirako canke ic'ugusaba kugabura, canke ikindi kiringo ico ari co cose c'ukurindira gitegekaniye n'amategeko.

Ingingo ya 69 :

Umucamanza arashobora guha uwitwariye ikiringo kugira ahamagaze uwishinze umwenda vyerekeye.

Urubanza rubandanya mu gihe ikiringo c'uko uwishinga aseruka giheze kiretse batandukanije kuvyihwereza hamwe iyo kurengukisha bitamenyeshejwe ku gihe canke uwishinga ataserutse.

Article 70 :

Le juge peut également suspendre l'instance lorsque l'une des parties invoque une décision frappée de tierce opposition ou de révision.

Article 71 :

Le bénéficiaire du délai accordé par le juge en vertu de l'article 68 de la présente loi, ne peut proposer d'autres exceptions qu'après l'expiration de ce délai.

Article 72 :

La nullité des actes de procédure peut être invoquée au fur et à mesure de leur accomplissement; mais elle est couverte si celui qui l'invoque a, postérieurement à l'acte critiqué, fait valoir des défenses au fond ou soulevé une fin de non-recevoir.

Article 73 :

Tous les moyens de nullité contre les actes de procédure déjà fait doivent être invoqués simultanément à peine d'irrecevabilité de ceux qui ne l'auraient pas été.

Article 74 :

Aucun acte de procédure ne peut être déclaré nul pour vice de forme sans grief sauf en cas d'observation d'une formalité substantielle ou d'ordre public.

Article 75 :

La nullité est couverte par la régularisation ultérieure de l'acte si aucune forclusion n'est intervenue et si la régularisation ne laisse subsister aucun grief.

Article 76 :

Les exceptions de nullité fondées sur l'inobservation des règles de fond relatives aux actes de procédure peuvent être proposées en tout état de cause, sauf la possibilité pour le juge de condamner à des dommages-intérêts ceux qui se seraient abstenus de les soulever plutôt dans une intention dilatoire.

Ingingo ya 70 :

Umucamanza arashobora kandi guhagarika urubanza iyo umwe mu baburana yerekanye ingingo yasabwe gusubirwamwo bisabwe n'uwutari mu rubanza canke rusubiwemwo rwabaye ntabanduka.

Ingingo ya 71 :

Uwaronse ikiringo co gusubiza inyuma urubanza ahawe n'umucamanza hisunzwe ingingo ya 68 ashobora kudashikiriza izindi nzitizi gushika ca kiringo giheze.

Ingingo ya 72 :

Ukugira impfagusa ivyakozwe mu rubanza bishobora kuja birasabwa uko bija birakorwa ariko bica vyemerwa iyo uwubisaba aba yarabikoresheje mu mburano ziwe mw'ido n'ido, ico asaba ko cogirwa impfagusa caramaze gukorwa canke yari yarasavye ko kitokwemerwa.

Ingingo ya 73 :

Imburano zisaba ko ivyakozwe mu rubanza bigirwa impfagusa zitegerezwa gushikirizwa rimwe no ku bitoba birakorwa, atari uko ntivyakirwa.

Ingingo ya 74 :

Nta gikorwa na kimwe co mu rubanza gishobora kugirwa impfagusa kubera kitakozwe uko caterezwa gukorwa ata we vyononera kiretse mu gihe hatubahirijwe ibisanzwe bikurikizwa bihambaye canke mu gihe icakozwe cerekeye ineza ya bose.

Ingingo ya 75 :

Icagizwe impfagusa gishobora gusubira kwemerwa kimaze gukosorwa igihe ikiringo caco kitararenga kandi uko gukosora ntibigire uwo vyononera.

Ingingo ya 76 :

Inzitizi zisaba ko ivyakozwe biba impfagusa zifatye ku kudakurikiza ibitegerejwe bihambaye vyerekeye ibikorwa bijanye n'urubanza bishobora gushikirizwa uko biba biri kwose kiretse hari amategeko abitegekanya ukundi ariko umucamanza akaba ashobora guha igihano c'ugutanga indishi aboba banse kubishikiriza hakiri kare bafise intumbero yo kudindiza urubanza.

Elles doivent être relevées d'office lorsqu'elles ont un caractère d'ordre public.

Le juge peut relever d'office la nullité pour défaut de capacité d'ester en justice.

Article 77 :

Dans les cas où elle est susceptible d'être couverte, la nullité n'est pas prononcée si sa cause a disparu au moment où le juge statue.

Article 78 :

Les jugements statuant sur les exceptions sont susceptibles d'appel. Si le juge se déclarant compétent a statué au fond, la juridiction d'appel peut évoquer le fond, même si l'appel a été formé seulement sur le rejet de l'exception.

Article 79 :

L'appel des jugements rejetant une exception entraîne la suspension de l'instance jusqu'au règlement définitif de l'incident.

Section 3 : Des fins de non-recevoir

Article 80 :

Constitue une fin de non-recevoir, tout moyen de défense par lequel une partie, sans engager le débat sur le fond, soutient que la partie adverse n'a pas d'action et que sa demande est irrecevable.

Article 81 :

Les fins de non-recevoir, peuvent être proposées en tout état de cause, sauf la possibilité pour le juge de condamner à des dommages-intérêts ceux qui se seraient abstenus de les soulever plutôt dans une intention dilatoire.

Le juge se prononce dans un délai ne dépassant pas huit jours.

Inzitizi zisaba ko ivyakozwe biba impfagusa zifatiye ku kudakurikiza ibitegerejwe bihambaye vyerekeye ibikorwa bijanye n'urubanza zitegerezwa gushikirizwa n'umucamanza ata muburanyi abisavye mu gihe zerekeye ineza ya bose

Umucamanza arashobora kwerekana ko ivyakozwe ari impfagusa ata muburanyi abisavye kubera ko umwe mu baburanyi adafise ubushobozi bwo kwitura ubutungane.

Ingingo ya 77 :

Mu gihe ivyakozwe bisabirwa kugirwa impfagusa bishobora gukosorwa, ingingo y'ukubigira impfagusa ntishobora gushingwa iyo icabituma cahavuye igihe umucamanza afata ingingo.

Ingingo ya 78 :

Imanza ziciwe zerekeye inzitizi zirashobora kunguruzwa. Iyo umucamanza yavuze ko aruffiye ububasha akaba yaruciye ido n'ido, sentare isubiramwo imanza irashobora kurusubiramwo rwose ido n'ido n'aho uwungurujye abayitwariye urw'inzitizi gusa.

Ingingo ya 79 :

Iyunguruzwa ry'imanza zihakana inzitizi bituma urubanza rwose ruba rurabangiriyeye gushika iryo yunguruzwa ritorewe inyishu burundu.

Agace ka 3 : Ivyerekeye intambamyi zibuza ko urubanza rubandanya

Ingingo ya 80 :

Kiba ari intambamyi ibuza ko urubanza rubandanya, ico cose gishikirijwe n'umuburanyi, ata co avuze ku rubanza rw'ido n'ido, yemeza ko uwo bahanganye atarubanza afise kandi ko batokwakira ibirego vyawe.

Ingingo ya 81 :

Imburano zisaba ko urubanza rutokwakirwa zishobora gushikirizwa uko ziba ziri kwose ariko umucamanza akaba ashobora guha igihano c'ugutanga indishi aboba banse kubishikiriza hakiri kare bafise intumbero yo kudindiza urubanza.

Umucamanza afata ingingo mu kiringo kitarenza imisi umunani.

Article 82 :

Les fins de non-recevoir sont accueillies sans que celui qui les invoque ait à justifier d'un grief.

Article 83 :

Les fins de non-recevoir doivent être relevées d'office lorsqu'elles ont un caractère d'ordre public, notamment lorsqu'elles résultent de l'inobservation des délais dans lesquels doivent être exercées les voies de recours.

Le juge peut relever d'office la fin de non-recevoir tirée du défaut d'intérêt.

Article 84 :

Dans le cas où la situation donnant lieu à fin de non-recevoir est susceptible d'être régularisée, l'irrecevabilité est écartée si sa cause a disparu au moment où le juge statue.

Il en est de même lorsque, avant toute forclusion, à la personne ayant qualité pour agir devient partie à l'instance.

CHAPITRE IV : DE LA NOTIFICATION DES ACTES DE PROCEDURE ET DES DELAIS

Section 1: De la notification des actes de procédure

Article 85 :

Les actes d'huissier sont portés à la connaissance des intéressés par la notification qui leur en est faite.

La notification d'un acte judiciaire est signée par la personne ayant reçu la copie. Il est indiqué ses rapports de parenté, d'alliance, de sujétion ou de voisinage avec le destinataire si celui-ci n'est pas personnellement touché.

L'acte peut être notifié par l'envoi d'une copie sous pli fermé, mais à découvert, recommandé à la poste ou remis par un messenger ordinaire contre récépissé.

Ingingo ya 82 :

Imburano zisaba ko urubanza rutokwagirwa zakirwa uwuzishikirije atarinze kwerekana ko hari icyo bimwononera.

Ingingo ya 83 :

Imburano zisaba ko urubanza rutokwagirwa zitegerezwa gushikirizwa n'umucamanza ata muburanyi arinze kubisaba mu gihe zerekeye ineza ya bose canecane mu gihe zivuye ku kutubahiriza ibiringo bitegekanijwe mu kwunguruzwa urubanza.

Umucamanza arashinga, ata muburanyi arinze kubisaba, ko urubanza rutokwagirwa kubera ko hari umwe mu baburanyi ata nyungu abifisemwo.

Ingingo ya 84 :

Mu gihe ivyotuma urubanza rutakirwa bishobora gukosorwa, ingingo y'ukutarwakira ntiba igifashwe iyo icabituma cahavuye igihe umucamanza agomba gufata ingingo.

Ni ko kw'uko mu gihe, ikiringo kitararenga, habonetse umuntu afise ububasha bwo kuburana agaca aba umuburanyi mu rubanza.

IGICE CA IV : IYEREKEYE UKUMENYESHA IYYO ABABURANA BATEGEREZWA GUKORA HAMWE N'IBIRINGO

Agace ka 1 : Ukumenyeshya ivyo ababurana bategerezwa gukora

Ingingo ya 85 :

Inzandiko z'umumenyeshamanza zimenyeshwa abo zerekeye biciye mu rwandiko barungikirwa.

Urwandiko rumenyeshya ivyakozwe na sentare rushirwako umukono n'uwakiriye ikopi yarwo. Harerekanywa ubucuti bw'amaraso bafitaniye, ubuturutse ku guhana abageni, ko ari umukozi canke umukoresha wiwe canke ko ari umubanyi w'uwo urwandiko rugenewe iyo uwo rugenewe atari we yarushikirijwe we nyene ubwiwe.

Urwandiko rurashobora kumenyeshwa biciye mu kurungika ikopi yarwo izinze, mw'ibahasha ariko ritugaye, mu kurucisha mw'iposita na yo igatanga icemeza ko yarwakiriye canke rwatanzwe biciye mu butumwa busanzwe hagatangwa icemeza ko rwakiriwe.

Article 86 :

La notification est faite à la personne du destinataire. Lorsqu'elle est faite à personne, elle est valable quel que soit le lieu où l'acte a été délivré, y compris le lieu de travail ou de rencontre.

La notification faite à une personne morale est à personne lorsque l'acte est délivré à son représentant légal, à un fondé de pouvoir de ce dernier ou à toute autre personne habilitée à cet effet.

Article 87 :

Lorsque la personne ne peut ou ne veut recevoir la copie de l'acte et qu'il résulte des vérifications faites par l'huissier et dont mention est faite dans l'acte de notification que le destinataire demeure bien à l'adresse indiquée, la notification est réputée faite à domicile ou à résidence.

Dans ce cas, l'huissier remet copie de l'acte à l'autorité administrative locale, le jour même ou au plus tard le premier jour ouvrable contre récépissé. L'autorité administrative locale remet l'exploit de justice au destinataire.

Lorsque la personne ne veut recevoir la copie de l'acte, l'autorité locale fait mention de son refus en présence de deux témoins et retourne la copie de l'acte à la juridiction.

Article 88 :

Lorsque l'acte n'est pas délivré à personne, l'huissier mentionne sur la copie l'identité de la personne ayant reçu la notification si le destinataire n'a pas été personnellement touché. La copie est remise à la personne qui la reçoit pour compte du destinataire.

Article 89 :

Lorsque la personne à qui l'acte doit être notifié n'a pas de domicile, de résidence ou de lieu de travail connus, l'huissier de justice dresse un procès-verbal

Ingingo ya 86 :

Ibiri mu rwandiko bimenyeshwa uwubigenewe. Mu gihe abimenyeshwe we nyene ubwiwe, biremerwa hatarabwe ikibanza aherewemwo urwandiko ruyerekeye, haba aho akorera canke aho ahuriye n'uwurumushikiriza.

Bifatwa ko ishirahamwe ryamenyeshwe ibiri mu rwandiko ryo nyene ubwa ryo mu gihe urwo rwandiko rushikirijwe uwuriserukira imbere y'amategeko, uwo ryahaye ububasha canke uwundi muntu abifitiye uburenganzira.

Ingingo ya 87 :

Mu gihe umuntu adashobora canke adashaka kwakira ikopi y'urwandiko rwa sentare hanyuma itohoza ryagizwe n'umumenyeshamanza rikemeza ko uwurugenewe aba ahanditswe kuri urwo rwandiko, kandi agaca avyandika kuri urwo rwandiko, imenyeshwa rifatwa ko ryabereye aho afise urugo canke aho aba.

Muri ico gihe, umumenyeshamanza aca ashikiriza ikopi y'urwandiko umutegetsu ajejwe intwari w'aho hantu, uwo musu nyene canke hatarenze umusu ukurikira w'akazi agatanga icemeza ko yayakiriye. Umutegetsu ajejwe intwari w'aho hantu arashikiriza urwo rwandiko rw'umumenyeshamanza uwo rugenewe.

Mu gihe uwo muntu adashaka kwakira ikopi y'urwandiko, uwo mutegetsu ajejwe intwari w'aho hantu ari kumwe n'ivyabona bibiri, aca yandika ko yanse kurwakira agaca agarukanira sentare iyo kopi.

Ingingo ya 88 :

Mu gihe urwandiko rudashikirijwe uwo rugenewe we nyene ubwiwe, umumenyeshamanza arandika kw'ikopi yarwo umwidondoro w'ubaruhawe iyo uwo rugenewe atari we yarwakiriye. Iyo kopi ihabwa umuntu azoyishikiriza uwo igenewe.

Ingingo ya 89 :

Mu gihe hatazwi aho umuntu ategerezwa kumenyeshwa urwo rwandiko afise urugo, aho aba canke aho akora, umumenyeshamanza aragira

où il relate avec précision les diligences accomplies pour rechercher le destinataire de l'acte.

Dans ce cas, la notification s'opère par affichage à la porte principale de l'auditoire de la juridiction compétente et par la publication dans le Bulletin Officiel du Burundi ou dans un autre journal officiel aux frais de la partie diligente.

Article 90 :

Aucune notification ne peut être faite avant six heures et après vingt heures, les dimanches, les jours fériés ou chômés, si ce n'est en vertu de l'ordonnance du juge.

Article 91 :

Pour les personnes morales, les notifications sont adressées :

- 1° au Ministre ayant le cas litigieux sous sa responsabilité ou à son délégué lorsqu'il s'agit d'une assignation et à l'avocat de l'Etat en charge du dossier s'il s'agit de la signification d'un jugement ou d'un arrêt impliquant l'Etat ;
- 2° aux administrations ou aux établissements publics, dans leurs bureaux ou dans le lieu où se trouve le siège de l'administration et dans les autres lieux, en la personne du premier responsable ou de son délégué lorsqu'il s'agit d'une assignation et à l'avocat de l'Etat en charge du dossier s'il s'agit de la signification d'un jugement ;
- 3° à l'administrateur communal ou son délégué pour les communes lorsqu'il s'agit d'une assignation et à l'avocat de l'Etat en charge du dossier s'il s'agit de la signification d'un jugement ;
- 4° au représentant légal, à un fondé de pouvoir de ce dernier ou à toute autre personne habilitée à cet effet pour la personne morale ;

icegeranyo cerekana neza ivyo yakoze vyose kugira atohoze aho uwugenewe urwandiko yoba ari.

Muri ico gihe, ukumenyeshya bigirwa mu kumanika urwo rwandiko ku muryango mukuru w'aho sentare ibifitiye ububasha isasira no mu kubitangaza mu Kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi canke mu kindi kinyamakuru ca Reta amafaranga bisaba agatangwa n'umuburanyi abikeneye.

Ingingo ya 90 :

Nta rwandiko na rumwe rushobora kumenyeshwa imbere y'isaha icumi na zibiri z'igitondo n'inyuma y'isaha zibiri z'ijoro, ku misi y'Imana, ku misi mikuru canke y'akazi abakozi barekuriwe kudakora, kiretse iyo bitegetswe n'itegeko ry'umucamanza.

Ingingo ya 91 :

Ku mashirahamwe, inzandiko zimenyeshwa zishikirizwa :

- 1° Umushikirananyi yerekewe n'amatati ari mu vyo ajejwe canke uwo yahaye ububasha bwo kumuserukira mu gihe ari umutahe n'umushingwamanza wa Reta ajejwe iyo dosiye mu gihe ari ukumenyeshya urubanza canke ingingo ya sentare yerekeye inyungu za Reta ;
- 2° Ibisata vy'intwari canke amashirahamwe ya Reta, ibiro vyavyo canke mu kibanza kirimwo icicaro c'igisata c'intwari no mu bindi bibanza, kw'izina ry'uwutwari igisata canke ishirahamwe canke uwumuserukira mu gihe ari umutahe n'umushingwamanza wa Reta ajejwe iyo dosiye mu gihe ari ukumenyeshya urubanza rwerekeye inyungu za Reta ;
- 3° Musitanteri canke uwo yahaye uburenganzira bw'ukumuserukira ku makomine mu igihe ari umutahe n'umushingwamanza wa Reta ajejwe iyo dosiye mu gihe ari ukumenyeshya urubanza rwerekeye inyungu za Reta ;
- 4° Uwumuserukira ishirahamwe imbere y'amategeko, uwo ryahaye ububasha canke uwundi muntu wese abifitiye uburenganzira igihe ari ishirahamwe ;

5° aux faillis ou au curateur de faillite ;

6° par lettre adressée à leur résidence pour les personnes qui n'ont pas de résidence ou de domicile connus au Burundi, mais qui ont une résidence connue à l'étranger ;

7° aux Etats étrangers et aux agents diplomatiques résidant au Burundi par l'intermédiaire du Ministre ayant la justice dans ses attributions et par voie diplomatique à moins qu'en vertu d'un traité international la transmission puisse être faite par une autre voie.

Article 92 :

Lorsque la notification est faite conformément au point 6° de l'article précédent, l'huissier affiche son exploit à la porte principale de l'auditoire de la juridiction où la demande est portée et fait parvenir un double, sous enveloppe, par la poste à la résidence de la partie avec accusé de réception.

A l'expiration d'un délai de trois mois, il est réputé notifié et la procédure poursuit son cours.

Article 93 :

Lorsqu'une partie a chargé une personne de la représenter en justice, les actes qui lui sont destinés sont notifiés à son représentant, sous réserve des règles particulières à la signification des jugements.

Article 94 :

La date de la signification d'un acte d'huissier de justice est celle du jour où elle est faite à personne, à domicile, à résidence ou, dans le cas mentionné à l'article 89 de la présente loi, celle du dernier jour de la publication.

5° Amashirahamwe yamaze gutangazwa ko yahomvye canke uwagenywe gutunganya ishira hamwe ryahomvye ;

6° Biciye mw'ikete rirungikwa aho baba igihe ari abantu hatazwi aho baba canke aho bafise urugo mu Burundi, ariko bafise aho baba hazwi mu mahanga ;

7° Biciye ku Mushikiranganji ajejwe ubutungane kandi mu nzira z'imigenderanire hagati y'ibihugu igihe ari ibindi bihugu n'abakozi bo mu buserukizi bw'igihugu baba mu Burundi, kiretse, hari amasezerano mpuzamakungu ategukanywa ko bicishwa mu yindi nzira.

Ingingo ya 92 :

Mu gihe urwandiko rumenyeshwa hisunzwe ibitegekanyijwe mu karongo ka 6° k'ingingo ya 91, umumenyeshamanza aramanika urwandiko yateguye rw'ibimenyeshwa ku muryango mukuru w'aho sentare yabisabwe isasira agaha akarungika ikopi yarwo, iri mw'ibahasha, biciye mw'iposita, aho umuburanyi arugenewe aba, na yo igatanga icemeza ko yarwakiriye.

Ikiringo c'amezi atatu kirangiye, bifatwa ko urwandiko rwamenyeshwe hanyuma urubanza rukabandanya.

Ingingo ya 93 :

Mu gihe umuburanyi yashinze umuntu kumuserukira mu butungane, inzandiko agenewe zimenyeshwa uwumuserukira, hatirengagijwe ingingo zimwezimwe zikurikizwa mu kumenyeshwa imanza zaciwe.

Ingingo ya 94 :

Igenekerezo rifatwa ko ryamenyeshwejwe ko urwandiko rw'umumenyeshamanza ni iry'umusi uwo rugenewe yarushikirijweko we nyene ubwiwe, ku rugo rwiwe, aho aba canke, mu gihe urwandiko rwashikirijwe hakurikijwe ibiri mu ingingo ya 89, iryo genekerezo ni iry'umusi rwatangarijweko ubwa nyuma.

Article 95 :

Les constats de l'huissier dans l'exercice de ses fonctions font foi jusqu'à l'inscription en faux.

Sous-section 2 : Des notifications des actes en provenance de l'étranger**Article 96 :**

Les actes en provenance d'un Etat étranger dont la notification est demandée sont notifiés par voie diplomatique sous réserve des conventions internationales.

Article 97 :

La partie requérante est tenue d'avancer des frais de signification sous réserve des conventions internationales existantes.

Article 98 :

L'acte est notifié dans la langue de l'Etat d'origine.

Toutefois, le destinataire qui ne connaît pas la langue dans laquelle l'acte est établi peut en refuser la notification et demander que l'acte soit traduit et accompagné d'une traduction dans l'une des langues officielles, à la diligence et aux frais de la partie requérante.

Article 99 :

Les pièces constatant l'exécution ou le défaut d'exécution des demandes de notification ou de signification sont transmises en retour selon les mêmes voies que celles par lesquelles les demandes avaient été acheminées.

Article 100 :

L'exécution d'une demande de notification ou de signification peut être refusée par l'autorité burundaise si elle est de nature à porter atteinte à la souveraineté, aux bonnes mœurs ou à la sécurité de l'Etat.

Elle peut également être refusée si la demande n'est pas présentée conformément aux dispositions du présent Code.

Ingingo ya 95 :

Ivyo umenyeshamanza yiboneye ariko ararangura akazi ajejwe kandi akavyandika biguma vyemewe gushika habonetse ibibihinyuza.

Agahimba k'agace ka 2 : Ukumenyeshya ingingo zafashwe na sentare yo mu kindi gihugu**Ingingo ya 96 :**

Inzandiko ziva mu kindi gihugu hasabwa ko zimenyeshwa, zimenyeshwa uwo zigenewe biciye mu nzira z'imigenderanire hagati y'ibihugu hatirengagijwe ibitegekanijwe mu masezerano mpuzamakungu.

Ingingo ya 97 :

Uwusaba ko inzandiko zimenyeshwa ategerezwa kubanza kuriha amafaranga bijanye hatirengagijwe ibitegekanijwe mu masezerano mpuzamakungu asanzwe ahari.

Ingingo ya 98 :

Urwandiko rumenyeshwa mu rurimi rukoreshwa mu ntwaro mu gihugu ruvuyemwo.

Ariko, uwugenewe urwandiko atazi ururimi urwandiko rwanditse arashobora kwanka kurwakira agaca asaba ko arushikirizwa ruri kumwe n'urwo rwandiko nyene rwahinduwe muri rumwe mu ndimi zikoreshwa mu ntwaro, bigakurikiranwa kandi bikarihirwa amafaranga n'uwasavye kurumenyeshwa.

Ingingo ya 99 :

Inzandiko zemeza ko ivyasabwe kumenyeshwa canke gushikirizwa uwubigenewe vyakozwe canke bitakozwe zirungikwa mu gihugu cabisavye biciye mu nzira zimwe zisa n'izakoreshejwe mu kubisaba.

Ingingo ya 100 :

Umutegetsi wo mu Burundi arashobora kutamenyeshya ingingo yafashwe na sentare yo mu kindi gihugu canke kuyishikiriza uwo igenewe iyo bishobora kubangamira ubwigenge bw'igihugu, imico myiza canke umutekano w'igihugu.

Ukumenyeshya iyo ngingo birashobora kutemerwa igihe vyasabwe hatisunzwe ibitegekanijwe n'iki Gitabu c'amategeko.

Section 2 : De la computation des délais

Article 101 :

Lorsqu'un acte ou une formalité doit être accompli avant l'expiration d'un délai, celui-ci a pour origine la date de l'acte, de l'événement, de la décision ou de la notification qui le fait courir.

Article 102 :

Lorsqu'un délai est exprimé en jours, celui de l'acte, de l'événement, de la décision ou de la notification qui le fait courir ne compte pas. S'il est franc, le jour de la formalité ne compte pas non plus.

Lorsqu'un délai est exprimé en mois ou en années, ce délai expire le jour du dernier mois, de la dernière année qui porte le même quantième que le jour de l'acte, de l'événement, de la décision ou de la notification qui fait courir le délai. A défaut d'un quantième identique, le délai expire le dernier jour du mois.

Lorsqu'un délai est exprimé en mois et en jours, les mois sont d'abord décomptés puis les jours.

Article 103 :

Tout délai expire le dernier jour à vingt-quatre heures.

Le délai qui expire normalement un samedi, un dimanche ou un jour férié ou chômé, est prorogé jusqu'au premier jour ouvrable suivant.

Article 104 :

Les délais ordinaires de comparution sont de huit jours francs entre l'assignation et la comparution pour la partie qui demeure à une distance de vingt kilomètres au plus de l'immeuble du siège de la juridiction.

Agace ka 2 : Ingene ibiringo biharurwa

Ingingo ya 101 :

Mu gihe ingingo canke igikorwa gisabwa gitegerezwa kugirwa imbere yuko ikiringo gitegekanijwe kirangira, ico kiringo gitangura guharurwa kuva kw'igenekerezo ingingo ifatiweko, icashitse cabereyeko, ingingo yafatiweko canke igenekerezo vyamenyesherejweko.

Ingingo ya 102 :

Mu gihe ikiringo giharuwe mu misi, umusi urwandiko rugiriweko, icashitse kibereyeko, ingingo ifatiweko canke umusi bimenyesherejweko ntuharurwa muri ico kiringo. Igihe ari umusi wuzuye, umusi urwandiko rugiriweko na wo nyene ntuharurwa.

Mu gihe ikiringo giharuwe mu mezi canke mu myaka, kirangira ku musu w'ukwezi kwa nyuma canke w'ukwezi kwa nyuma kw'umwaka wa nyuma usangiye igenekerezo n'umusi urwandiko rwagiriweko, icashitse cabereyeko, ingingo yafatiweko canke umusi vyamenyesherejweko. Igihe ukwezi kwa nyuma canke ukwezi kwa nyuma kw'umwaka wa nyuma kudafise umusi usangiye igenekerezo n'umusi vyagiriweko, ikiringo kirangira ku musu wa nyuma w'uko kwezi.

Mu gihe ikiringo giharuwe mu mezi no mu misi, hatangura guharurwa amezi hanyuma imisi.

Ingingo ya 103 :

Ikiringo ico ari co cose kirangira ku musu wa nyuma isaha zitandatu z'ijoro.

Ikiringo mu bisanzwe kirangira ariku wa gatandatu, ku w'Imana, ku musu mukuru canke ku musu w'akazi abakozi barekuriwe kudakora gica gishika ku musu w'akazi ukurikira.

Ingingo ya 104 :

Ibiringo bisanzwe vy'ukurenguka ni imisi umunani yuzuye iharurwa hagati y'ukurengutsa n'ukurenguka ku muburanyi aba ahari urugendo rutarenza ibirometero mirongo ibiri hafatiwe ku hari inyubakwa y'icicaro ca sentare.

Si la partie demeure au-delà, les délais sont augmentés de :

- 1° un jour par trente kilomètres de distance ;
- 2° un mois pour les personnes qui demeurent hors du Burundi, dans un pays desservi par une ligne aérienne régulière comportant une escale à Bujumbura ;
- 3° deux mois pour les personnes qui demeurent hors du Burundi dans un pays non desservi par une ligne aérienne régulière comportant une escale à Bujumbura.

Article 105 :

Les dispositions qui précèdent ne font pas obstacle au pouvoir des juges, en cas d'urgence, d'abrégéer les délais de comparution.

Article 106 :

Lorsqu'un acte destiné à une partie domiciliée en un lieu où elle bénéficierait d'une prorogation de délai est notifié à sa personne en un lieu où ceux qui y demeurent n'en bénéficient point, cette notification n'emporte que les délais ordinaires accordés à ces derniers.

CHAPITRE V : DE L'INTERVENTION

Article 107 :

L'intervention est l'acte par lequel un tiers qui, originairement, n'était pas partie dans une instance, s'y présente ou est appelé à y prendre part.

L'intervention est dite volontaire lorsqu'un tiers intervient spontanément dans la cause. Elle est dite forcée ou mise en cause lorsqu'une assignation est dirigée par le demandeur ou le défendeur contre un tiers.

Article 108 :

L'intervention n'est recevable que si elle se rattache aux prétentions des parties par un lien suffisant.

Iyo umuburanyi aba kure y'aho hahejeje kuvugwa, ibiringo birongerezwa gutya :

- 1° Umunsi umwe ku birometero mirongo itatu ;
- 2° Ukwezi ku bantu baba hanze y'Uburundi, mu gihugu hari indege zica kenshi i Bujumbura zikahahagarara ;
- 3° Amezi abiri ku bantu baba hanze y'Uburundi mu gihugu ata ndege zica kenshi i Bujumbura zikahahagarara.

Ingingo ya 105 :

Ibihejeje kuvugwa ntibibera intambamyi ububasha abacamanza bafise bwo kugabanganya ibiringo vy'ukurenguka, igihe vyihuta.

Ingingo ya 106 :

Mu gihe urwandiko rugenewe umuburanyi acumbitse ahantu arekuriwe kwongererezwa ikiringo rumenyesherejwe uwo muburanyi we nyene ubwiwe mu kibanza abahaba batongererezwa ikiringo, uko kubimumenyeshya gutuma aca aharurirwa ibiringo bisanzwe biharurirwa abo bantu.

IGICE CA V : UKWINJIRA MU RUBANZA

Ingingo ya 107 :

Ukwinjira mu rubanza bivugwa igihe uwundi muntu, mu ntango, atari umuburanyi arwinjijemwo canke ahamagarirwa kurwinjiramwo.

Bivugwa ko uwundi muntu yinjije mu rubanza ku gushaka mu gihe aciye arwinjiramwo avyishakiye. Bivugwa na ho ko yarwinjijemwo ku gahato canke arukwegewemwo iyo uwitwaye canke uwitwariwe asavye ko arungikirwa umutahe.

Ingingo ya 108 :

Urwandiko rusaba kwinjira mu rubanza rwakirwa gusa iyo ibiri muri rwo bifitaniye isano riboneka n'ivyashikirijwe n'ababuranyi.

Section 1 : De l'intervention volontaire

Article 109 :

L'intervention volontaire est principale ou accessoire.

Article 110 :

L'intervention est principale lorsqu'elle soutient une prétention au profit de celui qui la forme. Elle est recevable lorsque son auteur a le droit d'agir relativement à la prétention.

Article 111 :

L'intervention est accessoire lorsqu'elle appuie les prétentions d'une partie. Elle est recevable lorsque son auteur a intérêt, pour la conservation de ses droits, à soutenir cette partie. L'intervenant à titre accessoire peut se désister unilatéralement de son intervention.

Article 112 :

L'intervention volontaire est faite par comparution volontaire.

Article 113 :

Lorsqu'un tiers intéressé intervient à l'instance avant la clôture des débats par une demande incidente ou connexe, l'affaire est renvoyée à une prochaine audience et les mesures d'instruction prorogées. Si l'intervention apparaît purement dilatoire, le juge peut passer outre et retenir l'affaire.

Article 114 :

Peut intervenir volontairement en appel dès lors qu'elle y a intérêt, la personne qui n'a été ni partie, ni représentée en première instance ou qui y a figuré en une autre qualité. Dans ce cas, la décision est rendue en premier et dernier ressort en ce qui la concerne.

Agace ka 1 : Ukwinjira mu rubanza ku gushaka

Ingingo ya 109 :

Ukwinjira mu rubanza ku gushaka bishobora kuba nyamukuru canke vyunganira.

Ingingo ya 110 :

Ukwinjira mu rubanza biba nyamukuru mu gihe bishigikira ivyashikirijwe n'umuburanyi biftiye inyungu uwo yinjijye mu rubanza. Vyakirwa gusa mu gihe uwinjijye mu rubanza afise uburenganzira bw'ukugira ico ashikirije cerekeye ivyashikirijwe n'uwo muburanyi.

Ingingo ya 111 :

Ukwinjira mu rubanza biba vyunganira mu gihe bishigikira ivyashikirijwe n'umuburanyi. Urwandiko rw'ugusaba kwinjira mu rubanza nk'uwunganira rwakirwa mu gihe nyene kurwandika afise inyungu y'ukugumana uburenganzira bwiwe, yo gushigikira uwo muburanyi. Uwinjira mu rubanza nk'uwunganira arashobora gusokora ivyo yari yashikirije ata we arinze kugisha inama.

Ingingo ya 112 :

Ukwinjira mu rubanza ku gushaka bigirwa mu kurenguka ku gushaka.

Ingingo ya 113 :

Mu gihe uwundi muntu abifisemwo inyungu yinjijye mu rubanza imbere yuko imburano zisozerwa mu gushikiriza ibirego vyadutse urubanza rumaze gutangura canke mu gushikiriza ibindi birego biftaniye isano n'urwo rubanza, urubanza ruca rwungururizwa mu ntahe ikurikira kandi n'ingingo zijanye n'ugutohoza zikongererezwa ikiringo. Iyo ukwo kwinjira mu rubanza biboneka ko bifise intumbero y'ukurudindiza, umucamanza arashobora kuvyihaza akabandanya urubanza rwari ruhasanzwe.

Ingingo ya 114 :

Uwushobora kwinjira ku gushaka kwiwe mu rubanza rwamaze kwunguruzwa iyo abifisemwo inyungu ni umuntu atigeze aburana muri urwo rubanza, atigeze aserukirwa muri rwo rugitangura canke yarugiyemwo atari umuburanyi. Muri ico gihe, ingingo ntabanduka ivyerekeye ica ifatirwa muri iyo sentare ku rugero rwa mbere n'urwa nyuma.

Section 2 : De l'intervention forcée

Article 115 :

Le juge peut inviter les parties à mettre en cause tous les intéressés dont la présence lui paraît nécessaire à la solution du litige.

En matière gracieuse, le juge peut ordonner la mise en cause des personnes dont les droits ou les charges risquent d'être affectés par la décision à prendre.

Article 116 :

Le tiers mis en cause procède devant la juridiction saisie de la demande originaire, sans qu'il puisse décliner la compétence territoriale de la juridiction, même en invoquant une clause attributive de compétence.

Article 117 :

L'intervention forcée en appel est interdite à moins que la personne n'ait été appelée en première instance ou qu'elle accepte de comparaître volontairement.

CHAPITRE VI : DES INCIDENTS D'INSTANCE

Section 1 : De la jonction et de la disjonction d'instances

Article 118 :

Le juge peut, à la demande des parties ou d'office, ordonner la jonction de plusieurs instances pendantes devant lui s'il existe entre les litiges un lien tel qu'il soit de l'intérêt d'une bonne justice de les faire instruire ou juger ensemble.

Il peut également ordonner la disjonction d'une instance en plusieurs.

Agace ka 2 : Ivyerekeye ukwinjizwa mu rubanza ku gahato

Ingingo ya 115 :

Umucamanza arashobora gusaba ababuranyi gukwegera mu rubanza abo bose abona ko bakenewe mu gutorera umuti amatati.

Mu manza ata matati arimwo, umucamanza arashobora gusaba ko hakwegerwa mu rubanza abantu abona ko ingingo yofata ishobora kugira ingaruka ku burenganzira bwabo canke ku vyo bategerejwe.

Ingingo ya 116 :

Uwundi muntu yakwegewe mu rubanza yiregura muri sentare urubanza rwatanguriyemwo, ata guhakana ububasha bw'iyi sentare ku bijanye n'akarere ikoreramwo, n'aho yoshikiriza ingingo ijanye n'ubwo bubasha.

Ingingo ya 117 :

Ukwinjiza umuntu ku gahato mu rubanza rwungurujwe birabujijwe kiretse iyo uwo muntu atigeze arengukishwa muri sentare yo ku rugero rwa mbere canke yemeye kurenguka ku gushaka kwiwe.

IGICE CA VI : IVYADUKA MU RUBANZA RWAMAZE GUTANGURA

Agace ka 1 : Ivyerekeye ugufatanywa n'ugutandukanywa imanza n'urubanza zadutsemwo

Ingingo ya 118 :

Umucamanza arashobora, bisabwe n'ababuranyi canke avyibwirije, gushinga ko imanza nyinshi ziri mu minwe yiwe zifatanywa iyo zifitaniye isano mu gihe bigaragara ko ukuzitohoreza hamwe canke ukuzicira hamwe vyofasha ubutungane mu gutunganiriza ababwituye.

Umucamanza arashobora kandi gushinga ko urubanza nyamukuru rutandukanywa n'izadutse muri rwo.

Article 119 :

Les décisions de jonction ou de disjonction d'instances sont des mesures d'administration judiciaire.

Section 2 : De l'interruption de l'instance**Article 120 :**

L'instance est notamment interrompue par :

- 1° la majorité d'une partie ;
- 2° la cessation de fonctions de l'avocat lorsque la représentation est obligatoire ;
- 3° l'effet du jugement qui prononce la sauvegarde, le redressement judiciaire ou la liquidation judiciaire dans les causes où il emporte assistance ou dessaisissement du débiteur.

Article 121 :

A compter de la notification qui en est faite à l'autre partie, l'instance est notamment interrompue par :

- 1° le décès d'une partie dans les cas où l'action est transmissible ;
- 2° la cessation de fonctions du représentant légal d'un incapable ;
- 3° le recouvrement ou la perte par une partie de la capacité d'ester en justice ;
- 4° le renouvellement de la représentation légale pour les personnes morales.

Article 122 :

Les actes accomplis et les jugements, même passés en force de chose jugée, obtenus après l'interruption de l'instance, sont réputés nonavenus à moins qu'ils ne soient expressément ou tacitement confirmés par la partie au profit de laquelle l'interruption est prévue.

Ingingo ya 119 :

Ingingo z'ugufatanyanya canke z'ugutandukanyanya imanza n'urubanza zadutsemwo ni ingingo zifatwa n'ubuyobozi bwa sentare.

Agace ka 2 : Ivyerekeye uguhagarika urubanza**Ingingo ya 120 :**

Urubanza ruhagarikwa canecane n'ibi bikurikira :

- 1° Uwahora aburanirwa ari umwana ashikanye imyaka y'ukwiburanira ;
- 2° Umushingwamanza ahagaritse imirimo mu gihe vyari ngombwa ko aserukira umuburanyi ;
- 3° Inkurikizi zituruka ku ngingo y'urubanza imenyeshya ibijanye n'ukubungabunga amatungo, ukuzamura canke uguheraheza ibikorwa vy'uwuheranye biciye mu ngingo ya sentare, mu manza bisaba ko uwuheranye afashwa canke yakwa uburenganzira ku matungo yiwe.

Ingingo ya 121 :

Kuva uwundi muburanyi abimenyeshajwe, urubanza rurahagarikwa ku mvo zikurikira :

- 1° Umwe mu baburanyi apfuye mu gihe urubanza rushobora gukurikiranwa n'uwundi ;
- 2° Uwuserukira imbere y'amategeko umuburanyi adashoboye kwiburanira ahagaritse imirimo ;
- 3° Umuburanyi asubiye kuronka canke atakaje ubushobozi bw'ukwitura ubutungane ;
- 4° Uwuserukira imbere y'amategeko asubirijwe mu gihe ari amashirahamwe.

Ingingo ya 122 :

Ivyakozwe hamwe n'imanza n'aho zoba zari zimaze kuba ntabanduka, vyabonetse urubanza rwari rumaze guhagarikwa, nta co bishikako kiretse vyemejwe mu rwandiko canke ku munwa canke bishoka bifatwa ko vyemejwe ko vyashikirijwe n'umuburanyi yari yatumye urubanza ruhagarikwa.

Article 123 :

L'interruption de l'instance ne dessaisit pas le juge.

Le juge peut inviter les parties à lui faire part de leurs initiatives en vue de reprendre l'instance ou de radier l'affaire à défaut de diligence dans le délai par lui imparti.

Il peut demander au Ministère public de recueillir les renseignements nécessaires à la reprise d'instance.

Section 3 : De la suspension de l'instance**Article 124 :**

En dehors des cas où la loi le prévoit, l'instance est suspendue par la décision qui sursoit à statuer, qui radie l'affaire ou ordonne son retrait du rôle.

Sous-section 1 : Du sursis à statuer**Article 125 :**

La décision de sursis suspend le cours de l'instance pour le temps ou jusqu'à la survenance de l'événement qu'elle détermine.

Article 126 :

Le sursis à statuer ne dessaisit pas le juge. A l'expiration du sursis, l'instance est poursuivie à l'initiative des parties ou à la diligence du juge, sauf la faculté d'ordonner, s'il y a lieu, un nouveau sursis.

Le juge peut, selon les circonstances, révoquer le sursis ou en abrégier le délai.

Article 127 :

La décision de sursis peut être frappée d'un recours s'il est justifié d'un motif légitime.

Ingingo ya 123 :

Uguhagarika urubanza ntibituma umucamanza aca arwakwa.

Umucamanza arashobora gusaba ababuranyi kumushikiriza ivyo bariko barakora kugira rusubire kuburanishwa agashobora no kurufuta ku rutonde mu gihe ababuranyi batagize ico bakora mu kiringo yashinze.

Arashobora gusaba umushikirizamanza gutororokanya ibikenewe vyose kugira urubanza rusubire kuburanishwa.

Agace ka 3 : Ivyerekeye uguhagarika ivy'agateganyo urubanza**Ingingo ya 124 :**

Kiretse mu gihe amategeko abitegekanya, urubanza rurahagarikwa ivy'agateganyo n'ingingo ishingako ruba rurabangira, irufuta canke ishingako rukurwa ku rutonde rw'iziburanishwa.

Agahimba k'agace ka 1 : Ukubangira gufata ingingo**Ingingo ya 125 :**

Ingingo ishingako urubanza rubangirwako ica iruhagarika umwanya wose icashitse iyo ngingo itomora kimara canke gushika kibaye.

Ingingo ya 126 :

Mu gihe urubanza rubaye rurabangiye ntibituma umucamanza aca arwakwa. Ikiringo c'ukubangira kirangiye, urubanza rurabandanya bisabwe n'ababuranyi canke bikozwe n'umucamanza, kiretse iyo afise ububasha bwo gufata ingingo, igihe bikenewe, yuko urubanza rusubira kubangirwako.

Umucamanza arashobora, bivanye n'uko ivyatumye urubanza rubangirwako bimeze, guhagarika ingingo ishingako urubanza rubangira canke kugabanya ikiringo iyo ngingo yomaze.

Ingingo ya 127 :

Ingingo ishingako urubanza rubangira irashobora gusubirishwamwo iyo bitangiwe imvo yemewe n'amategeko.

La partie qui veut exercer le recours saisit le président de la juridiction qui statue dans la forme des référés. L'assignation doit être délivrée dans le mois de la décision.

S'il reçoit la demande, le président fixe, par une décision non susceptible d'appel, le jour où l'affaire est examinée par la juridiction.

Sous-section 2 : De la radiation et du retrait du rôle

Article 128 :

La radiation est la suppression de l'affaire du rang des affaires en cours. Elle sanctionne le défaut de diligence des parties.

Elle est notifiée par lettre simple aux parties ou à leurs représentants. La notification précise le défaut de diligence sanctionné.

Article 129 :

Le retrait du rôle est ordonné lorsque toutes les parties en font la demande écrite et motivée.

Article 130 :

La radiation et le retrait du rôle sont des mesures d'administration judiciaire.

A moins que la péremption de l'instance ne soit acquise, l'affaire radiée ne peut être appelée à nouveau qu'après nouvelle consignation des frais de justice, sur justification de l'accomplissement des diligences dont le défaut avait entraîné la radiation ou, en cas de retrait du rôle, à la demande de l'une des parties.

Umuburanyi yipfuzwa gusubirishamwo ingingo yitura umukuru wa sentare, na we agafata ingingo mu buryo bw'imanza zihutirwa kuburanishwa. Umutahe utegerezwa gutangwa mu kwezi ingingo yafafatiwemwo.

Iyo yemeye ivyo asabwe, umukuru wa sentare arashinga, abicishije mu ngingo idashobora kwungururizwa, umusi sentare izokwihwerezako urubanza.

Agahimba k'agace ka 2 : Ugufuta urubanza hamwe n'ugukura urubanza ku rutonde rw'iziburanishwa

Ingingo ya 128 :

Ugufuta urubanza ni ugukura urubanza mu manza ziriko ziraburanishwa. Iyo ababuranyi batakurikije ivyo basabwe, urubanza rurafutwa.

Bimenyeshwa ababuranyi canke ababaserukira biciye mw'ikete risanzwe. Urwo rwandiko rubibamenyeshya ruratomora ivyo batakurikije vyatumye urubanza rufutwa.

Ingingo ya 129 :

Ingingo y'ugukura urubanza ku rutonde rw'iziburanishwa ishingwa mu gihe ababuranyi bose babisavye biciye mu rwandiko kandi bakabitangira imvo.

Ingingo ya 130 :

Ugufuta urubanza n'ukurukura ku rutonde rw'iziburanishwa ni ingingo zifatwa n'ubuyobozi bwa sentare.

Kiretse iyo vyemejwe ko urubanza rwataye igihe, urubanza rwafuswe rushobora gusubira guhamagazwa gusa hamaze gutangwa amafaranga yo gusubira kurushingisha, herekanywe icemeza ko hazokorwa ibitakozwe vyari vyatumye urubanza rufutwa canke, mu gihe rwakuwe ku rutonde rw'iziburanishwa, bisabwe n'umwe mu baburanyi.

Section 4 : De l'extinction de l'instance

Article 131 :

En dehors des cas où l'extinction de l'instance résulte du jugement, l'instance s'éteint accessoirement à l'action par l'effet de la transaction, de l'acquiescement, du désistement d'action ou, dans les actions non transmissibles, par le décès d'une partie.

L'extinction de l'instance est constatée par une décision de dessaisissement.

Il appartient au juge de donner force exécutoire à l'acte constatant l'accord des parties, que l'accord intervienne devant lui ou ait été conclu hors sa présence.

Article 132 :

L'instance s'éteint à titre principal par l'effet de la péremption ou du désistement d'instance.

La constatation de l'extinction de l'instance ou du dessaisissement de la juridiction ne met pas obstacle à l'introduction d'une nouvelle instance, si l'action n'est pas éteinte.

Sous-section 1 : De la péremption de l'instance

Article 133 :

L'instance est périmée lorsqu'aucune des parties n'accomplit de diligence depuis six mois à partir de la date de l'enrôlement de l'affaire ou de la date du dernier acte de procédure. La péremption est constatée d'office par le juge.

La péremption peut être relevée par le juge à la demande de l'une des parties en cas de force majeure.

Agace ka 4 : Ivyerekeye ukurangira kw'urubanza

Ingingo ya 131 :

Kiretse mu bihe urubanza rurangiye kubera ko ruciwe, urubanza rushobora kurangira kandi ababuranyi bagiraniye amasezerano, uwitwariwe yemera ivyo aregwa, uwitwaye ahevyeye urubanza yashingishije canke umwe mu baburanyi apfuye, mu gihe ari imanza zidashobora gukurikiranwa n'abandi.

Ingingo y'ukwaka umucamanza ububasha bw'ugukurikirana urubanza ni yo yemeza ko rurangiye.

Umucamanza ni we ashinga ingingo yuko amasezerano aba yagizwe hagati y'ababuranyi aca akurikizwa, yaba yapfunditswe bari kumwe na we canke batari kumwe na we.

Ingingo ya 132 :

Urubanza rurangira ahanini iyo rwataye igihe, iyo canke iyo uwitwaye ahevyeye urubanza rwariko ruraburanishwa.

Ingingo yemeza ko urubanza rurangiye n'iy'ukwaka ububasha sentare ntibibuza ko urubanza rusubira gushingishwa, iyo icatumye urwo urubanza rushingishwa kitararangira.

Agahimba k'agace ka 1 : Ibijanye n'uguta igihe kw'urubanza

Ingingo ya 133 :

Urubanza ruta igihe haciye amezi atandatu aharurwa kuva kw'igenekerezo urubanza rushirirwa ku rutonde rw'iziburanishwa canke kuva kw'igenekerezo urubanza ruheruka kuburanishirizwako, mu gihe ata muburanyi n'umwe aje kurukurikirana. Umucamanza ni we ashinga ko urubanza rwataye igihe.

Ingingo yemeza ko urubanza rwataye igihe ishingwa n'umucamanza bisabwe n'umwe mu baburanyi igihe haba hari intambanyi ntasimbwa.

Article 134 :

La péremption d'instance n'éteint pas l'action. Elle emporte seulement extinction de l'instance. Le demandeur défaillant ne peut plus se prévaloir des délais de la première instance.

Article 135 :

La péremption en appel ou en opposition confère au jugement la force de la chose jugée, même s'il n'a pas été notifié.

Article 136 :

Les frais de l'instance périmée sont supportés par la partie qui a introduit la demande.

Sous-section 2 : Du désistement d'instance**Paragraphe 1 : Le désistement de la demande en première instance****Article 137 :**

Le demandeur peut, en toute matière, se désister de sa demande en vue de mettre fin à l'instance.

Article 138 :

En cas de demande reconventionnelle, le désistement n'est parfait que par l'acceptation du défendeur.

Article 139 :

Le désistement d'instance n'emporte pas renonciation à l'action mais seulement extinction de l'instance.

Article 140 :

Le désistement entraîne pour le demandeur, obligation de payer les frais de l'instance éteinte.

Paragraphe 2 : Le désistement de l'appel ou de l'opposition**Article 141 :**

Le désistement en appel ou en opposition est admis en toutes matières.

Ingingo ya 134 :

Ugushinga ko urubanza rwataye igihe ntibituma urubanza rwari rwashingishijwe rurangira. Iyo ingingo ituma gusa harangira urubanza rwariko ruraburanishwa kandi ata na kimwe mu vyari birugize gishobora kwitwazwa.

Ingingo ya 135 :

Hashinzwe ko urubanza rwungurujwe canke rwasubirishijwemwo rutaye igihe, bituma ruca ruba ntabanduka, n'aho rwoba rutamenyeshejwe.

Ingingo ya 136 :

Amafaranga asabwa ku rubanza rwataye igihe arihwa n'umuburanyi yari yarushingishije.

Agahimba k'agace ka 2 : Uguheba urubanza rwariko ruraburanishwa

Agahimba ka mbere : Uguheba urubanza rwariko ruraburanishwa ku rugero rwa mbere

Ingingo ya 137 :

Uwitwaye arashobora, mu rubanza urwo ari rwo rwose, guheba ivyo asaba kugira urubanza rwariko ruraburanishwa ruhagarare.

Ingingo ya 138 :

Mu gihe uwitwariwe ashingishirije na we uwari yamwitwariye, ingingo yuko uwitwaye ahevyeye urubanza yemerwa ko ikwije ibisabwa ari uko uwitwariwe avyemeye.

Ingingo ya 139 :

Urubanza rwariko ruraburanishwa ruhebwe ntibituma urubanza rwashingishijwe ruca ruhebwa, ariko harangira gusa urubanza rwariko ruraburanishwa.

Ingingo ya 140 :

Urubanza rwariko ruraburanishwa ruhebwe bituma uwuruhevyeye ategerezwa kuriha amafaranga ajanye n'uko urubanza rurangiye.

Agahimba ka 2 : Uguheba urubanza rwungurujwe canke rwasubirishijwemwo

Ingingo ya 141 :

Mu manza zose, biremewe ko urubanza rwungurujwe canke rwasubirishijwemwo ruhebwa.

Article 142 :

Le désistement en appel et en opposition emporte acquiescement au jugement entrepris.

Sous-section 3 : De l'acquiescement**Article 143 :**

L'acquiescement à la demande emporte reconnaissance du bien-fondé des prétentions de l'adversaire et renonciation à l'action.

Il n'est admis que pour les droits dont la partie a la libre disposition.

Article 144 :

L'acquiescement au jugement emporte soumission aux chefs de celui-ci et renonciation aux voies de recours.

CHAPITRE VII : DE L'AUDIENCE ET DES MESURES D'INSTRUCTION**Section 1 : De la fixation de la cause****Article 145 :**

Au jour fixé par l'assignation, les parties comparaissent en personne ou par mandataire.

Article 146 :

A l'exception des avocats régulièrement inscrits à un barreau, les autres mandataires doivent justifier d'un pouvoir spécial, qui peut être donné au bas de l'assignation et doivent être agréés dans chaque cas par le juge. L'avocat porteur de pièces de procédure est présumé représenter valablement la partie qu'il invoque.

Article 147 :

Si la cause ne nécessite pas de mesures d'instruction, elle est retenue à l'audience. Toutefois, l'affaire peut être renvoyée à une prochaine audience à la demande des parties.

Le nombre de remises ne peut être supérieur à deux sauf accord des parties.

Ingingo ya 142 :

Urubanza rwungurujwe canke urwahagarikishijwe ruhebwe bituma urwari rwaciwe ruca rwemerwa.

Agahimba k'agace ka 3 : Ukwemera ibirego canke urubanza**Ingingo ya 143 :**

Umuburanyi yemeye ivyo aregwa bisigura ko yemera ko ivyo uwo baburana yashikirije bifise ishingiro kandi ko ahevyе kuburana urwo rubanza.

Vyemerwa gusa ku vyo uwo muburanyi afitiye uburenganzira.

Ingingo ya 144 :

Umuburanyi yemeye urubanza rwaciwe bisigura ko yemeye kwubahiriza ingingo zafashwe muri urwo rubanza kandi ko ahevyе kwunguruza.

IGICE CA VII : IVYEREKEYE INTAHE Y'ICESE N'INGINGO ZIJANYE N'UGUTOHOZA**Agace ka 1 : Ishingwa ry'urubanza****Ingingo ya 145 :**

Ku musi uba washinzwe ku mutahe, ababuranyi barenguka bo nyene ubwabo canke baserukiwe n'abo batumye.

Ingingo ya 146 :

Kiretse abashingwamanza basanzwe banditswe mu rwego rw'abashingwamanza, izindi ntumwa zitegerezwa kwerekana ububasha budasanzwe bushobora kwerekanwa mu mpera z'umutahe kandi zitegerezwa kuba zemewe n'umucamanza. Umushingwamanza yitwaje ivyemeza vy'amategoko afatwa nk'uwuserukira bikwiye umuburanyi avugira

Ingingo ya 147 :

Iyo urubanza rudakeneye kubanza gutohozwa, ruca rushirwa mu ntahe y'icese. Ariko urubanza rurashobora kwungururizwa ku rindi sango bisabwe n'ababuranyi.

Ntibishoboka ko urubanza rwungururizwa ku rindi sango incuro zirenga zibiri kiretse ababuranyi bompi bavyemeye.

Article 148 :

S'il apparaît que le demandeur ne fait pas diligence dans la mise en état, l'affaire est renvoyée au rôle général.

Article 149 :

Une affaire renvoyée au rôle général ne sera appelée à nouveau qu'après nouvelle consignation des frais de justice. Le défendeur est à nouveau assigné.

Le demandeur pourra procéder par avenir avec sommation de conclure si l'échange des pièces avait déjà eu lieu. L'exploit reproduira les termes du présent article. Si le défendeur ne comparait pas ou si après avoir comparu ne conclut pas, il sera statué par un jugement réputé contradictoire.

Article 150 :

Le tribunal peut décider d'appeler les affaires renvoyées au rôle général auquel cas les parties sont préalablement informées par exploit de la nouvelle date d'audience à la diligence du greffier. Si le demandeur ne comparait pas, l'affaire sera biffée sur les bancs.

Le règlement d'ordre intérieur des juridictions fixe le jour de l'année où les affaires renvoyées au rôle général seront toutes appelées. Un extrait de ce règlement portant cette indication est affichée sur la porte principale de chaque juridiction.

Section 2 : Des mesures d'instruction**Article 151 :**

Si la preuve des faits de la cause nécessite des mesures d'instruction, celles-ci sont ordonnées par la juridiction à la demande des parties ou même d'office.

Sous-section 1 : De l'audition des témoins**Article 152 :**

Les parties font connaître au greffier ou en audience publique les noms et demeures des témoins à entendre. Cette liste peut être complétée à la demande du Ministère public ou d'office par le juge.

Ingingo ya 148 :

Bigaragaye ko uwitwaye atavyitayeho, urubanza ruca rushirwa ku rutonde rw'imanza zirindirizwa.

Ingingo ya 149 :

Urubanza rushizwe ku rutonde rw'izirindirizwa rusubira guhamagarwa habanje gusubira kurihwa amafaranga y'ugushingisha urubanza. Uwitwariwe aca asubira kurengutswa.

Uwitwaye azoshobora mu bikurikira kugabisha uwo yitwariye ko yokwiregura iyo ihanahana ry'ivyemeza ryamaze kuba. Umutahe usubira kwandikwamwo ibivugwa muri ino ngingo. Iyo uwitwariwe atitavye canke iyo yitavye ntiyiregure, hacibwa urubanza rufatwa nk'uko ababuranyi baburanye bahinyuranije.

Ingingo ya 150 :

Sentare ishobora gufata ingingo yo guhamagara imanza zari ku rutonde rw'izirindirijwe, muri ico gihe ababuranyi babanza kumenyeshwa mu rwandiko igenekerezo rishasha ry'isasa ry'intahe ruvuye ku mwanditsi w'imanza. Uwitwaye atitavye, urubanza ruca ruhanagurirwa aho nyene mu ntahe y'icese.

Amategeko ntunganyabikorwa vy'amasentare arashinga umunsi w'aho imanza zarungitse ku rutonde rw'izirindirijwe zizohamagarako zose. Urwandiko ry'iryo tegeko riranga uwo munsi rumanikwa ku muryango mukuru wa sentare inwimwe yose.

Agace ka 2 : Ibijanye n'ingingo z'itohoza**Ingingo ya 151 :**

Iyo icemeza c'amatati gisaba itohoza, iryo tohoza ritegekwa na sentare bisabwe n'ababurana canke kubwa sentare nyene.

Agace k'agahimba ka 1 : Ibijanye n'ukwumviriza amasura**Ingingo ya 152 :**

Ababurana baramenyeshya umwanditsi w'imanza canke mu ntahe y'icese amazina y'amasura yo kwumvirizwa hamwe n'aho baba. Urwo rutonde rushobora kwongerezwa bisabwe n'abashikirizamanza canke umucamanza avyibwirije.

Article 153 :

Au jour indiqué, les témoins, après avoir décrit leurs identités, prêtent serment de dire la vérité, toute la vérité et rien que la vérité et déclarent s'ils sont parents ou alliés des parties et à quel degré. Ils précisent s'ils sont au service des parties ou si celles-ci sont leurs serviteurs.

Sous peine de déni de justice, tout faux témoignage est sanctionné séance tenante selon les peines prévues par le Code pénal. Les réquisitions du Ministère public ne sont pas obligatoires.

Après la prestation de serment de dire la vérité, le juge avise les témoins des peines prévues en cas de faux témoignage.

Article 154 :

Les témoins sont entendus séparément en présence des parties. Le juge peut les confronter entre eux et au besoin avec les parties.

Article 155 :

Le greffier dresse un procès-verbal de l'audition des témoins qui est annexé à la feuille d'audience. Lecture en est faite à chaque témoin pour la partie qui le concerne, avant qu'il soit invité à signer sa déposition. Mention est faite des impossibilités ou refus de signer.

Le procès-verbal est contresigné par le juge et le greffier ainsi que les parties si elles le demandent.

Article 156 :

Les témoins défaillants encourent une amende dont le montant est fixé par ordonnance du Ministre ayant la justice dans ses attributions. Cette amende est prononcée par le juge par voie d'ordonnance non susceptible de recours. Ils sont convoqués à nouveau à leurs frais. Si les témoins convoqués à nouveau sont encore défaillants, le juge peut les condamner au double de l'amende et il peut faire décerner contre eux un mandat d'amener.

Ingingo ya 153 :

Ku musi wagenywe, amaze kwerekana ibiyaranga, amasura ararahira kuvuga ukuri, ukuri kwose, ukuri kwonyene, kandi bakemeza ko ari incuti canke ko hari ico bahuriyeko n'ababurana n'urugero bigerako. Baratomora ko bakorera ababurana canke ko ababurana ari abakozi babo.

Ugusura ibinyoma guhanirwa aho nyene hisunzwe ibihano bitegekanijwe n'igitabu c'amategeko mpanavyaha, atari uko abacamanza baca bagirizwa ko bataranguye amabanga yabo. Ingingo z'abashikirizamanza ntiziba zikenewe.

Inyuma y'ukurahira kuvuga ukuri, umucamanza aramenyeshya amasura ibihano bitegekanijwe mu gihe hasuwe ibinyoma.

Ingingo ya 154 :

Amasura yumvirizwa atandukanijwe imbere y'ababurana. Umucamanza ashobora kubahanganisha hagati yabo, bikenewe akabahanganisha n'ababurana.

Ingingo ya 155 :

Umwanditsi w'imanza aragira icegeranyo c'ivyo amasura yavuze gica gifatanywa n'urupapuro rw'ivyavugiwe muri sentare. Ico cegeranyo kirasomerwa amasura umwe wese ku gice kimwerekeye, imbere yuko atera igikumu ku vyo yavuze. Baramenyeshwa ko hari ibimubuza canke ko yanse gushirako umukono wiwe.

Icegeranyo giterwako umukono n'umucamanza, n'umwanditsi w'imanza hamwe n'ababurana iyo babisavye.

Ingingo ya 156 :

Amasura y'ikinyoma ahanishwa ihadabu ry'amafaranga ashingwa n'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe ubutungane. Iryo hadabu rimenyeshwa n'umucamanza biciye mu nzira y'itegeko ridashobora gusubirwamwo. Amasura asubira guhamagarwa bushasha, akimenya muri vyose. Iyo amasura arengukijwe bushasha asubiriye kuvugisha ikinyoma, umucamanza arashobora kubahanganisha ihadabu rya mbere rigwijwe na kabiri kandi ashobora kubarungikira umutahe w'ukubarengutsa ku nguvu.

Article 157 :

Si le témoin justifie qu'il n'a pu se présenter au jour indiqué, le juge peut lui accorder un délai. Dans ce cas, il est déchargé de l'amende et des frais de la nouvelle convocation.

Si le témoin est dans l'impossibilité de se présenter, le juge peut se transporter pour recevoir sa déposition.

Article 158 :

Les témoins peuvent demander le remboursement des frais de déplacement et séjour, selon les modalités fixées à l'article 343 de la présente loi.

Article 159 :

Si les dépositions ont été recueillies en violation des dispositions des articles 151 à 153 de la présente loi, la juridiction en apprécie souverainement la portée. En particulier, il pourra admettre la déposition si le vice n'est pas de nature à nuire aux droits de la défense ou si le vice est couvert par le silence des parties.

Sous-section 2 : Des commissions rogatoires**Article 160 :**

Si le témoin est domicilié en dehors du ressort du tribunal et ne peut sans difficultés se déplacer pour comparaître, le juge donne commission rogatoire au président du tribunal du domicile du témoin pour procéder à son audition. Ce magistrat peut déléguer tout juge de son ressort pour assurer la commission.

Article 161 :

Le juge mandant joint à sa commission toutes pièces ou copies de pièces utiles à la compréhension de l'affaire et à la direction de l'enquête.

Ingingo ya 157 :

Iyo isura ryerekanye ko ritashoboye kurenguka ku musi wategekanijwe, umucamanza ashobora kumuha ikindi kiringo. Muri ico gihe, aca akwuwako ihadabu n'amafaranga y'umutahe mushasha.

Iyo isura ridashobora kurenguka, umucamanza arashobora kumushikira kugira yakire ivyo iryo sura rishikiriza.

Ingingo ya 158 :

Amasura arashobora gusaba ko asubizwa amafaranga y'ukwiyunguruza n'ay'indaro hakurikijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 343 y'iri bwirizwa.

Ingingo ya 159 :

Iyo ivy'amasura yashikirije vyakiriwe hatisunzwe ibitegekanijwe mu ngingo ziva ku ya 151 gushika ku 153, sentare irihweza yonyene ingaruka. Yo yonyene irashobora kwakira ivyo amasura yashikirije iyo amahinyu adashobora kubera intambamyi uwitwariwe canke iyo ababurana ata co bavuze kuri ayo mahinyu.

Agahimba k'agace ka 2 : Ugutuma abacamanza b'ahandi**Ingingo ya 160 :**

Iyo isura iba mu karere katagengwa na sentare vyerekeye kandi ridashobora kwiyunguruza ata ngorane, kugira rirenguke, umucamanza arashobora gutuma Umukuru wa Sentare w'aho isura riba kugira aryumvirize. Uwo mushikirizamanza ashobora gutuma umucamanza wese wo mu karere ajejwe kurangura ubwo butumwa.

Ingingo ya 161 :

Umucamanza yatumye afatanye ubutumwa bwiwe n'inyandiko zose canke amakopi y'inyandiko ngirakamaro zifasha gutegera urubanza no kurongora itohoza.

Article 162 :

Les commissions rogatoires destinées aux juridictions étrangères sont adressées au Ministre ayant la justice dans ses attributions qui en assure la transmission conformément aux accords d'entraide judiciaire et, à défaut, selon les usages diplomatiques.

Article 163 :

Les commissions rogatoires émanant des juridictions étrangères sont, à défaut de convention particulière, transmises par l'intermédiaire du Ministre ayant la justice dans ses attributions.

Sous-section 3 : Des visites des lieux**Article 164 :**

Quand il y a lieu de constater l'état des lieux ou d'apprécier sur place la valeur des indemnités et dédommagements demandés, le juge ordonne le transport sur les lieux du tribunal ou d'un juge commissaire, en présence du greffier, des parties, et au besoin, de tous les témoins ou experts.

Les parties peuvent être entendues personnellement sur les lieux ainsi que les témoins ou les experts.

Il est établi un procès-verbal des opérations qui est signé des juges et du greffier.

Sous-section 4 : Des expertises**Article 165 :**

Si le point litigieux nécessite des connaissances techniques qui sont étrangères au juge, celui-ci peut commettre un à trois experts, soit sur proposition des parties, soit d'office. La mission de l'expert devra être précisée mais limitée aux questions de son art sans qu'il puisse s'immiscer dans une appréciation du litige.

Ingingo ya 162 :

Inzandiko z'ugusaba inzego z'ubutungane zo mu bindi bihugu gukora ibikorwa bijanye n'itohoza zirungikirwa Umushikiranganji ajejwe ubutungane na we akazirungika hisunzwe amasezerano y'ugufashanya mu bijanye n'ubutungane, ata yahari na ho, hagakoreshwa ibisanzwe bigirwa mu bijanye n'imigenderanire hagati y'ibihugu.

Ingingo ya 163 :

Inzandiko zitangwa n'inzego z'ubutungane zo mu bindi bihugu zisaba gukora ibikorwa bijanye n'itohoza, zishikirizwa biciye ku Mushikiranganji w'Ubutungane, iyo ata masezerano avyerekeye ahari.

Agahimba k'akagace ka 3 : Ukwishikira ku bibanza**Ingingo ya 164 :**

Iyo bikenewe ko yibonera ubwiwe uko ibintu vyifashe canke ko yihweza agaciro indishi n'inshumbusho zasabwe, umucamanza aratega ko Sentare yishikirayo canke hakagenda umucamanza yatumwe ari kumwe n'umwanditsi w'imanza, ababuranyi, kandi bikenewe n'amasura yose n'abahinga.

Ababuranyi barashobora kwumviririzwa umwumwe muri ivyo bibanza n'amasura nyene canke abahinga.

Haca handikwa icegeranyo c'ivyakozwe gica gishirwako umukono n'abacamanza hamwe n'umwanditsi w'imanza.

Agahimba k'agace ka 4 : Ukwikora ku bahinga**Ingingo ya 165 :**

Bisabwe n'umwe mu baburanyi canke umucamanza avyibwirije we nyene ubwiwe, arashobora kugena umuhinga umwe canke abashika batatu, iyo icateye amatati gisaba ubumenyi bwerekeye ubuhinga adasanzwe afise. Igikorwa c'umuhinga gitegerezwa kuba gitomoye kandi kigarukira gusa ku bibazo bijanye n'ubuhinga bwiwe, atarinze kwivanga mu bijanye n'ingene amatati yotorerwa umuti.

Sous peine de réformation en appel ou de cassation, l'expertise sollicitée par un plaideur ne peut être refusée que si la demande est dilatoire et que le juge justifie pouvoir y suppléer par ses propres connaissances techniques et les éléments du dossier.

Article 166 :

Les experts peuvent décliner leur mission pour justes motifs. Le juge désigne alors un nouvel expert.

A la demande de l'expert, le juge peut désigner des experts complémentaires.

Article 167 :

L'expert commis prête serment de bien et fidèlement remplir sa mission, soit par écrit en tête de son rapport, soit oralement devant le juge.

L'expert a accès à toutes les pièces de procédure et est tenu au secret professionnel.

Article 168 :

Le juge n'est pas lié par les conclusions des experts. Toutefois, il peut faire siennes ces conclusions et leurs recommandations s'il considère que ces arguments emportent sa conviction.

Article 169 :

Lorsque le juge entérine un rapport d'expertise, il est dispensé de s'expliquer à nouveau sur les chefs de contestations que l'expert a tiré des conclusions.

Toutefois, il doit ressortir du jugement que le juge a adopté les conclusions des experts.

Article 170 :

Les opérations terminées, l'expert dépose au greffe son rapport. Ses honoraires sont fixés et payés conformément à l'ordonnance du juge.

Kugira urubanza ntiruce ruhindurwa na sentare y'iyungururizo, ivyigwa vy'umuhinga bihanitse vyasabwe n'uwitwaye bishobora kutakirwa gusa iyo bisabwe mu ntumbero yo kudindiza urubanza kandi umucamanza yerekanye ko ashobora kubikora akoresheje ubumenyi bujanye n'ubuhinga asanganywe hamwe n'ibisanzwe bigize idosiye.

Ingingo ya 166 :

Abahinga barashobora kwanka igikorwa batumwe ku mvo zumvikana. Umucamanza aca agena umuhinga mushasha.

Bisabwe n'umuhinga yagenywe gukora ivyigwa bihanitse, umucamanza arashobora kugena abandi bahinga bamwunganira.

Ingingo ya 167 :

Umuhinga yatumwe ararahira ko azokora ataziganya kandi ata guhemuka igikorwa yashinzwe, yaba abicishije mu nyandiko zo mu ntango y'icegeranyo yatanze, haba mu kubivuga imbere y'umucamanza.

Umuhinga ararekuriwe kuraba inyandiko zashikirijwe kandi ategerezwa kugumya ibanga ry'akazi.

Ingingo ya 168 :

Umucamanza ntategerezwa kwisunga ivyapfunditswe n'abahinga. Ariko rero, arashobora kuvyisunga hamwe n'ibisabwa gukorwa iyo asanze insiguro yavyo imunyuze.

Ingingo ya 169 :

Igihe umucamanza yemeje ivyashikirijwe n'umuhinga, ntategerezwa no kwisigura bushasha ku biburanwa vyapfunditswe n'umuhinga.

Ariko, hategerezwa kugaragazwa mu rubanza ko umucamanza yisunze ivyapfunditswe n'abahinga.

Ingingo ya 170 :

Ibikorwa biheze, umuhinga aca ashikiriza icegeranyo ciwe mw'iyandikiro ry'imanza. Agahembo kiwe gashingwa kandi kakarihwa hisunzwe itegeko ry'umucamanza.

Section 3 : De l'administration des preuves

Article 171 :

Celui qui prétend qu'une pièce produite dans le cours de la procédure est fausse ou falsifiée peut s'inscrire en faux.

Celui qui veut s'inscrire en faux est tenu préalablement de sommer l'autre partie de déclarer si elle veut se servir ou non de la pièce, avec déclaration que, dans le cas où elle s'en servirait, il s'inscrira en faux.

Si le défendeur en faux déclare qu'il veut se servir de la pièce, il devra en remettre l'original au greffe pour communication au Ministère public.

Article 172 :

Si le demandeur en faux maintient sa plainte, la procédure civile est suspendue jusqu'à décision de la juridiction pénale compétente qui est saisie par le Ministère public ou par la partie par voie de citation directe.

Article 173 :

Si la pièce est reconnue fausse par le juge pénal, elle est rejetée des débats civils avec toutes conséquences que le juge peut tirer de la cause.

Si le prévenu de faux a été acquitté au seul bénéfice du doute, le juge civil apprécie au vu des éléments de la cause.

Article 174

S'il s'avère que la procédure a été faite de mauvaise foi, le demandeur en faux sera condamné aux dommages-intérêts.

Agace ka 3 : Ivyerekeye ugutanga ivyemezo

Ingingo ya 171 :

Umuburanyi yibaza ko urwandiko rwatanzwe mu rubanza atari urw'ukuri canke rwayoberanijwe arashobora kuruhakana.

Umuburanyi ashaka guhakana urwo rwandiko abanza gusaba uwo baburana kumenyesha ko azorukoresha canke atazorukoresha, akanamumenyesha ko, mu gihe yorukoresha, we azoruhakana.

Mu gihe uwiregura ku bijanye n'urwandiko uwo baburana ahakana amenyesheje ko azorukoresha, ategerezwa gushikiriza mw'iyandikiro ry'imanza urwo rwandiko agatanga urw'imvaho kugira rumenyeshe Abashikirizamanza.

Ingingo ya 172 :

Mu gihe uwuhakana urwandiko agumye ku co asaba, urubanza rw'amatati ruca ruhagarikwa gushika sentare isasa mu manza z'ivyaha ibiftiye ububasha yituwe n'Abashikirizamanza canke n'umuburanyi ifashe ingingo atarinze kubicisha ku mushikirizamanza.

Ingingo ya 173 :

Mu gihe umucamanza wa sentare yashashe mu manza z'ivyaha yemeje ko urwandiko atari urw'ukuri, ruca rukurwa mu mburano z'urubanza rw'amatati, umucamanza agashobora gufata ingingo bijanye.

Mu gihe uwagirizwa icaha kijanye n'urwandiko atari urw'ukuri yambitswe izera kubera gusa yari yazize umwikeko, umucamanza ashashe mu manza z'amatati aca afata ingingo yihweje ibigize urubanza.

Ingingo ya 174 :

Bigaragaye ko urubanza rwaciwe nabi, uwitwariye izo nyandiko z'ibinyoma aca atanga indishi.

Section 4 : De la mise en cause des garants

Article 175 :

Dès son assignation, le défendeur demande à mettre son garant en cause et celui-ci est immédiatement assigné.

Si le garant régulièrement assigné ne comparait pas, il est jugé par défaut.

Si la mise en cause n'a pas été demandée dès l'assignation, ou si la citation n'a pas été faite dans le délai fixé, il sera procédé sans délai au jugement sur l'action principale, sauf à statuer séparément sur la demande en garantie.

CHAPITRE VIII : DES DEBATS, DU DELIBERE ET DU JUGEMENT

Section 1 : Des débats

Sous-section 1 : Des généralités

Article 176 :

Les débats se déroulent devant un siège régulièrement composé.

La composition du siège est déterminée par le Code de l'Organisation et de la Compétence Judiciaires.

Article 177 :

Les contestations afférentes à la régularité du siège sont présentées, sous peine d'irrecevabilité, dès l'ouverture des débats ou dès la révélation de l'irrégularité si celle-ci survient postérieurement, faute de quoi aucune nullité ne peut être ultérieurement prononcée de ce chef, même d'office.

Les dispositions de l'alinéa qui précède ne sont pas applicables dans les cas où il a été fait appel à une personne dont la profession ou les fonctions ne sont pas de celles qui l'habilitent à faire partie de la juridiction.

Agace ka 4 : Uguhamagaza abishinze umuburanyi

Ingingo ya 175 :

Kuva arengukijwe, uwitwariwe arasaba ko uwamwishinze ahamagazwa uyo na we agaca arungikirwa umutahe umurengutsa.

Iyo uwamwishinze yarungikiwe umutahe biciye mu mategeko ntarenguke, aca acirwa urubanza impaga.

Iyo atemeye ingene rwaciwe ku musi yarengukishirijweko ubwa mbere, canke umutahe utatanzwe mu kiringo gitegekanijwe, haca hacibwa ubwo nyene ibijanye n'urubanza nyamukuru kiretse hafashwe ingingo yo kuruca rutandukanijwe n'urw'ugusaba ingwati.

IGICE CA VIII : UKUBURANA MU NTAHE, UGUSHIRA URUBANZA MU MWIHERERO N'UKURUCA

Agace ka 1 : Ukuburana mu ntahe

Agahimba k'agace ka 1 : Ingingo ngenderwako

Ingingo ya 176 :

Ukuburana bibera imbere y'abagize intahe bashirwaho hisunzwe amategeko.

Abacamanza basasa mu ntahe batomorwa n'Igitabu c'amategeko aringaniza inzego z'ubutungane n'ububasha bwazo.

Ingingo ya 177 :

Ibijanye n'uguhakana abagize intahe, kugira vyakirwe bishikirizwa imburano zigitangura canke kuva hamenyekanye ko abagize intahe bashizweho hatisunzwe amategeko iyo bimenyekanye mu nyuma, bitagenze uko na ho ntawusaba mu nyuma ko ingingo yafashwe igirwa impfagusa hafatiwe kuri iryo kosa, n'aho abacamanza boba ari bo bavyibwirije.

Ibitegekanijwe mu gahimba ka mbere k'iyi ngingo ntibikurikizwa mu bihe mu ntahe hashizwemwo umuntu afise umwuga canke ashinzwe amabanga atamurekurira kuba ari mu bacamanza bo muri iyo sentare.

Article 178 :

Les débats ont lieu au jour et, dans la mesure où le déroulement de l'audience le permet, à l'heure préalablement fixée par le règlement d'ordre intérieur des juridictions. Ils peuvent se poursuivre au cours d'une audience ultérieure.

Le nombre de remises ne peut pas être supérieur à deux.

Article 179 :

Les audiences des juridictions sont publiques, sauf cas de huis-clos prononcé par décision judiciaire lorsque la publicité est dangereuse pour l'ordre public, ou les bonnes mœurs, s'il survient des désordres de nature à troubler la sérénité de la justice, s'il doit résulter de la publicité des audiences une atteinte à l'intimité de la vie privée des parties.

Article 180 :

Le siège peut ordonner la réouverture des débats. Il doit le faire chaque fois que les parties n'ont pas été à même de s'expliquer sur les moyens que la juridiction se propose de relever d'office.

Le siège peut inviter les parties à fournir les explications de droit ou de fait qu'elles estiment nécessaires ou à préciser ce qui paraît obscur.

Article 181 :

En cas de changement survenu dans la composition du siège, le président de la juridiction ordonne la réouverture des débats.

La décision ordonnant la réouverture des débats est notifiée aux parties ou à leurs représentants. L'affaire est reprise en délibéré à la première audience.

Ingingo ya 178 :

Ukuburana mu ntahe bibera ku musu no kw'isaha, bivanye n'uko ibikorwa mu ntahe biriko biragenda, bitegekanijwe n'amategeko ntunganyabikorwa y'amasentare. Ukuburana mu ntahe bishobora kubandanya mu ntahe izokurikira.

Urubanza ntirushobora kwungururizwa ku rindi sango incuro zirenga zibiri.

Ingingo ya 179 :

Ukuburanisha imanza muri sentare bibera mu ntahe y'icese, kiretse sentare ishinze ko bibera mu mwiherero mu gihe uko kuburanisha mu ntahe y'icese bishobora kubangamira umutekano w'abanyagihugu canke imico myiza, canke hadutse imidugararo ku buryo ishobora gutuma sentare ikora idatekanye, iyo ukuburanira mu ntahe y'icese vyotuma amabanga y'ubuzima bw'umuburanyi amenyekana.

Ingingo ya 180 :

Abacamanza bagize intahe barashobora gutegeka ko urubanza rusubira kuburanishwa mu ntahe. Bategerezwa kubikora igihe cose ababuranyi badashoboye kwisigura ku vyo imburano zabo zishingiyeko sentare yishinze yo nyene ubwayo kwerekana.

Abacamanza bagize intahe bashobora gusaba ko ababuranyi batanga insiguro zijanye n'amategeko canke zijanye n'ivyakozwe babona ko zikenewe canke batomora ikitumvikana.

Ingingo ya 181 :

Mu gihe hagize uwuhindurwa mu bagize intahe, umukuru wa sentare arashinga ko urubanza rusubira kuburanishwa mu ntahe.

Ingingo ishingira ko urubanza rusubira kuburanishwa mu ntahe iramenyeshwa ababuranyi canke ababaserukira. Urubanza ruca rusubizwa mu mwiherero mu ntahe ya mbere.

Sous-section 2 : De la police d'audience

Article 182 :

Le président du siège veille à l'ordre de l'audience. Tout ce qu'il ordonne pour l'assurer doit être immédiatement exécuté.

Les juges disposent des mêmes pouvoirs sur les lieux où ils exercent les fonctions de leur état.

Article 183 :

Les personnes qui assistent à l'audience doivent observer une attitude digne et garder le respect dû à la justice. Il leur est interdit de parler sans y avoir été invitées, de donner des signes d'approbation ou de désapprobation ou de causer du désordre de quelque nature que ce soit.

Le président du siège peut faire expulser toute personne qui n'obtempère pas à ses injonctions, sans préjudice des poursuites pénales ou disciplinaires qui pourraient être exercées contre elle.

Section 2 : Du délibéré

Article 184 :

Les délibérations des juges sont secrètes.

En cas de collégialité, la décision est prise à la majorité des voix.

Elle est signée par tous les juges qui l'ont prise en délibéré.

Toutefois, un juge peut, s'il le désire, joindre au jugement un exposé de son opinion individuelle ou dissidente.

Agahimba k'agace ka 2 : Ibijanye n'umutekano mu ntahe

Ingingo ya 182 :

Umukuru w'ntahe aritwararika ko haba umutekano mu gihe intahe ishashe. Ico cose ategutse kugira umutekano wubahirizwe gitegerezwa guca gikurikizwa ubwo nyene.

Abacamanza bafise ububasha nk'ubwo mu bibanza baranguriramwo amabanga yabo.

Ingingo 183 :

Abantu baje kwumviriza ingene urubanza rugenda bategerezwa kugira inyifato ibereye no kuguma bubaha ubutungane. Birabujijwe kugira ico bavuze badahawe ijambo, kwerekana ibimenyetso vy'ugushigikira canke vy'ukwiyamiriza ibiriko biravugwa canke gutera uruhagarara urwo ari rwo rwose.

Hatirengagijwe ko umuntu atubahirije ivyo umukuru w'ntahe yategetse ashobora gukurikiranwa ku vyaha, umukuru w'ntahe arashobora no kumusohora mu ntahe.

Agace ka 2 : Ugushira urubanza mu mwiherero

Ingingo ya 184 :

Ivyiyumviro abacamanza bahanahanira mu mwiherero bigumizwa mw'ibanga.

Mu gihe intahe igizwe n'umugwi w'abacamanza, ingingo ifatwa iyo igitigiri c'abayishigikiye gisumba ic'abatayishigikiye.

Iyo ngingo ishirwako umukono n'abacamanza bose bayifatye mu mwiherero.

Ariko, umucamanza wese arashobora, igihe abishatse, gufatanya urubanza rwaciwe n'icegeranyo c'ivyiyumviro vyawe yisangije kuri urwo rubanza canke binyuranye n'ingingo yafashwe.

Section 3 : Du jugement

Article 185 :

Le jugement est rendu au nom du peuple burundais.

Sous-section 1 : Du prononcé du jugement

Article 186 :

Le jugement est prononcé sur le champ. Le prononcé peut aussi être renvoyé, pour plus ample délibéré à une date que le juge indique mais qui ne peut excéder trente jours sous peine de déni de justice.

La remise d'une audience de prononcé se fait par ordonnance du président de la juridiction portée à la connaissance des parties par voie de son affichage à la porte principale de la salle d'audience de la juridiction.

Article 187 :

Les décisions contentieuses sont prononcées en audience publique même si la cause a été débattue à huis clos, par les juges qui l'ont prise en délibéré.

La feuille d'audience mentionnant le dispositif est signée en même temps que le jugement, séance tenante par les juges et le greffier audienier.

Article 188 :

Les décisions rendues sur requête en matière gracieuse peuvent être l'objet d'une simple communication aux parties.

Sous-section 2 : De la forme du jugement

Article 189 :

Le jugement contient l'indication :

- 1° de la juridiction qui l'a rendu ;
- 2° de la date à laquelle il est rendu ;
- 3° des noms des juges qui en ont délibéré ;

Agace ka 3 : Uguca urubanza

Ingingo ya 185 :

Urubanza rucibwa kw'izina ry'abarundi.

Agahimba k'agace ka 1 : Isomwa ry'urubanza

Ingingo 186 :

Urubanza rusomwa ubwo nyene rugicibwa. Ugusoma urubanza rwaciwe birashobora kwungururizwa kw'igenekerezo umucamanza ashinga kugira rwihezwe neza, ariko ikirango c'ukurwihweza ntigishobora kurenza imisi mirongo itatu kugira ntibifatwe ko abacamanza bananye guca urubanza.

Ukwunguruza isango urubanza ruzosomerwako mu ntahe bishingwa n'ingingo y'umukuru wa sentare ikamenyeshwa ababuranyi biciye mu rwandiko rumanikwa ku rugi rw'umuryango mukuru w'aho sentare icira imanza.

Ingingo ya 187 :

Ingingo zifatwa mu rubanza rurimwo amatati zisomerwa mu ntahe y'icese n'aho urubanza rwoba rwaburanishirijwe mu mwiherero, zigasomwa n'umucamanza yarushize mu mwiherero.

Urwandiko rwerekeye intahe y'uwo musi rwerekana iciro ry'urubanza rushirirwako umukono rimwe n'urwandiko rw'urubanza rwaciwe, intahe igishashe, n'abacamanza hamwe n'umwanditsi w'imanza yafashije muri icyo ntahe.

Ingingo ya 188 :

Ingingo zifatwa ku bisabwa mu manza ata matati arimwo zishobora kumenyeshwa ababuranyi mu buryo busanzwe.

Agahimba k'agace ka 2 : Uko urubanza rwaciwe rwandikwa

Ingingo ya 189 :

Urwandiko rw'urubanza rwaciwe ruba rurimwo ibi bikurikira :

- 1° Sentare yaruciye ;
- 2° Igenekerezo rwaciriweko ;
- 3° Amazina y'abacamanza barwihweje ;

- 4° du nom du greffier ;
- 5° du nom du représentant du Ministère Public, s'il y a lieu ;
- 6° des noms des parties et le cas échéant les noms des avocats ou de toute personne ayant représenté ou assisté les parties.

Dans la motivation, les parties sont simplement désignées par leur qualité de demanderesse, défenderesse, intervenante ou garante. Aucune référence ne doit être faite à l'avocat plaidant.

Le jugement doit indiquer s'il a été rendu contradictoirement ou par défaut ou s'il est réputé contradictoire.

Article 190 :

Les minutes de tout jugement sont portées par le greffier sur la feuille d'audience et signées par le juge et par le greffier.

Article 191 :

L'omission ou l'inexactitude d'une mention destinée à établir la régularité du jugement ne peut entraîner la nullité de celle-ci s'il est établi par les pièces de procédure, par le procès-verbal d'audience ou par tout autre moyen que les prescriptions légales ont été, en fait, observées.

Article 192 :

La nullité d'un jugement ne peut être demandée que par les voies de recours prévues par la loi.

Article 193 :

Chacune des parties a la faculté de se faire délivrer une copie de jugement comportant la formule exécutoire. Cette copie s'appelle grosse. L'huissier instrumentant y porte la mention « grosse » avant sa remise à la partie à la requête de laquelle la

- 4° Izina ry'umwanditsi w'imanza ;

- 5° Izina ry'uwaserukiye Urwego rw'abashikirizamanza, iyo yari ahari ;

- 6° Amazina y'abaturanyi, n'iyi bahari amazina y'abashingwamanza canke y'uwundi muntu wese yaserukiye canke yafashije abaturanyi.

Mu mvo umucamanza afatirako mu gufata ingingo, abaturanyi, bivanye n'ico bari mu rubanza, bitwa uwitwaye, uwitwariwe, uwinjiye mu rubanza canke uwishinze umuburanyi. Nta na kimwe gitegerezwa kuvugwa ku mushingwamanza afasha umuburanyi.

Urubanza rwaciwe rutegerezwa kwerekana ko rwaciwe abaturanyi bahinyuzanya, canke rwaciwe impaga, canke ko rufatwa ko rwaciwe abaturanyi bahinyuzanya.

Ingingo ya 190 :

Ibiri mu nzandiko nkomoko z'urubanza urwo ari rwo rwose rwaciwe birashirwa n'umwanditsi w'imanza mu rwandiko rwerekeye intahe y'uwo musi bigashirwako umukono n'umucamanza hamwe n'umwanditsi w'imanza.

Ingingo ya 191 :

Ukutandika ikintu kanaka mu vyavuzwe mu rubanza rwaciwe canke ukucandika uko kitavuzwe ari na co cari kwerekana ko rwaciwe hisunzwe amategeko ntibishobora gutuma ruba impfagusa igihe rwaciwe hakurikijwe inzandiko z'urubanza n'ivyegeranyo vy'abari bagize intahe canke ubundi buryo ubwo ari bwo bwose butegekanijwe n'amategeko bwari bwubahirijwe.

Ingingo ya 192 :

Ugusaba ko urubanza rwaciwe rugirwa impfagusa, bigirwa gusa biciye mu buryo bw'ugusubirishamwo urubanza butegekanijwe n'amategeko.

Ingingo ya 193 :

Umwe wese mu baburanyi arafise ububasha bwo gusaba guhabwa ikopi y'urubanza rwaciwe iriko ikidodo cerekana ko urwo rubanza rutegerezwa gukurikizwa. Urwo rwandiko rwitwa ikopi y'urubanza rutegerezwa gukurikizwa.

signification a été faite.

Une seconde grosse ne peut être délivrée qu'en vertu d'une ordonnance du président de la juridiction qui a rendu le jugement.

Article 194 :

Le jugement expose succinctement les prétentions respectives des parties et leurs moyens; il doit être motivé en fait et en droit avant d'être prononcé. Après le prononcé, les parties peuvent consulter le dossier et les minutes du jugement au greffe pour prendre connaissance de sa motivation.

Le jugement énonce la décision sous forme de dispositif.

Sous-section 3 : Des parties du jugement

Paragraphe 1 : L'exorde

Article 195 :

L'exorde est la partie du jugement dans laquelle sont exposés les faits constants qui sont à l'origine du litige, la procédure suivie, les prétentions et moyens des parties.

Article 196 :

L'exorde ne doit ni prendre partie sur les mérites de l'argumentation exposée, ni la déformer.

Umumenyeshamanza abijejwe aca ayandikako ko ari « ikopi y'urubanza rutegerezwa gukurikizwa » imbere yuko ayiha umuburanyi yamenyeshajwe urubanza yabisavye.

Ikopi y'urubanza rwaciwe iriko ikidodo cerekana ko urwo rubanza rutegerezwa gukurikizwa igira kabiri itangwa gusa hisunzwe ingingo y'umukuru wa sentare yaruciye.

Ingingo ya 194 :

Urubanza rwaciwe rurerekana mu ncamake ivyo umuburanyi umwumwe wese asaba n'ico imburano ziwe zishingiyeko; haratangwa imvo z'ivyabaye hamwe n'ico amategeko abivugako imbere yuko rusomwa. Rumaze gusomwa, ababuranyi barashobora kuraba idosiye n'inzandiko nkomoko z'urubanza rwaciwe mw'iyandikiro ry'imanza kugira bamenye neza imvo sentare yafatiye mu guca urwo rubanza.

Urubanza rwaciwe rwerekana ingingo sentare yafashe mw'iciro ryarwo.

Agahimba k'agace ka 3 : Ibice vy' urubanza rwaciwe

Agahimba ka 1 : Intangamarara y'urubanza

Ingingo ya 195 :

Intangamarara y'urubanza ni igice c'urubanza gitomorwamwo ivyatumye haba amatati vyagumye bishikirizwa, urugero rwaburanishijweko, ivyo ababuranyi basaba hamwe n'ivyo imburano zabo zishingiyeko.

Ingingo ya 196 :

Intangamarara y'urubanza ntishobora kwerekana aho sentare ihagaze mu gushikiriza ko hari imburano zishemeye gusumba izindi, canke ngo izihindure.

Paragraphe 2 : La motivation

Article 197 :

Les motifs constituent la partie du jugement dans laquelle le tribunal indique le fondement légal et toute autre raison l'ayant conduit à prendre la décision.

Article 198 :

La motivation fait état tant des appréciations ou des vérifications effectuées et du raisonnement suivi pour justifier la solution que des raisons ayant conduit au rejet de tels moyens ou prétentions.

Article 199 :

La motivation doit porter sur chacune des prétentions et chacun des moyens exprimés dans les conclusions des parties.

Le juge n'est pas tenu de répondre à de simples allégations dénuées de précision et qui ne sont assorties d'aucune offre de preuve, non plus qu'à une argumentation trop vague, à de simples allusions, à de simples observations incidentes et à des interrogations ou allégations dubitatives.

Article 200 :

Le juge ne sera tenu d'examiner les chefs ou moyens subsidiaires qu'après examen et rejet des chefs ou moyens principaux.

Article 201 :

Le juge d'appel a la possibilité d'adopter expressément ou implicitement les motifs des premiers juges sauf à réserver les motifs contraires que la cour croit devoir ajouter.

Agahimba ka 2 : Imvo sentare ifatirako mu guca urubanza

Ingingo ya 197 :

Imvo sentare ifatirako mu guca urubanza ni igice c'urubanza yerekaniramwo ivyo yafatiyeke bijanye n'amategeko mu gufata ingingo n'iyindi mvo iyo ari yo yose yatumye ifata iyo ingingo.

Ingingo ya 198 :

Igice c'urubanza kirimwo imvo sentare ifatirako mu guca urubanza kirerekana uko sentare yabonye urubanza canke ivyo yahinyuje n'imvo zatumye hafatwa ingingo ijanye n'urwo rubanza hamwe n'imvo zatumye sentare ifata ko bimwe mu vyo imburano zari zishingiyeko canke bimwe mu vyasabwa bidashemeye.

Ingingo ya 199 :

Igice c'urubanza kirimwo imvo sentare ifatirako mu guca urubanza kiba kirimwo ivyo umuburanyi umwumwe wese asaba n'ivyo imburano ziwe zishingiyeko yashikirije mu gusozera imburano.

Umucamanza ntategerezwa gushira mu mvo afatirako mu guca urubanza ivyasabwe n'abaturanyi bisanzwe kandi bidatomoye neza, bidafise icemezo na kimwe canke ivyiyumviro bitumvikana neza, ivyitwazo bidafashe, ibishikirizwa n'abaturanyi vyitamwo ata ho bifatiye n'ibibazo canke ibisabwa birimwo ugukekeranya.

Ingingo ya 200 :

Umucamanza ategerezwa gusa kwihweza ibirego canke ivyo imburano zishingiyeko vyunganira ivyari vyashikirijwe amaze gusuzuma no gukuramwo ibirego canke ivyo imburano zishingiyeko bikurubikuru.

Ingingo ya 201 :

Umucamanza wa sentare y'iyungururizo arashobora kwemeza mu buryo bugaragara canke butagaragara imvo zashikirijwe n'abacamanza baciye urubanza ubwa mbere, hatirengajijwe ko ashobora kwongeramwo imvo zihushanye n'izari zashikirijwe abona ko Sentare yotegerezwa kwongeramwo.

Article 202 :

Sont prohibés les motifs non juridiques, les motifs ambigus, les motifs dubitatifs, les motifs hypothétiques et les motifs erronés.

Paragraphe 3 : Le dispositif**Article 203 :**

Le dispositif doit se borner à l'accueil ou au rejet des chefs de demandes dont le tribunal est saisi, à l'exclusion de toutes explications s'apparentant à des motifs. Il doit être conçu de manière claire pour servir de seule référence à l'exécution du jugement.

Article 204 :

Sous peine de réformation en appel ou en cassation, le juge doit se prononcer sur tout ce qui est demandé et seulement sur ce qui est demandé.

En cas de condamnation, le juge se prononce même sur les droits proportionnels dont le montant est fixé par ordonnance conjointe des Ministres ayant respectivement la justice et les finances dans leurs attributions.

Sous-section 4 : De la rectification et de l'interprétation des jugements**Article 205 :**

S'il est définitif, le jugement dessaisit le juge qui l'a rendu.

Article 206 :

Les erreurs ou omissions matérielles qui affectent un jugement, même passé en force de chose jugée, peuvent toujours être réparées par la juridiction qui l'a rendu ou par celle à laquelle il est déféré, selon ce que le dossier révèle ou, à défaut, ce que la raison commande.

Le juge est saisi par requête d'une partie ou par requête commune. Il peut se saisir d'office.

Ingingo ya 202 :

Birabujijwe gutanga imvo zitajanye n'amategeko, izirimwo amadidane, izirimwo ugukekeranya, izimwo ivyo umucamanza yibaza ko ari vyo n'imvo zirimwo amakosa.

Agahimba ka 3 : Iciro ry'urubanza**Ingingo ya 203 :**

Iciro ry'urubanza ryerekana gusa ivyasabwe bikurubikuru vyakiriwe canke bitakiriwe vyashikirijwe sentare, hatarimwo insiguro zose zishaka kumera nk'imvo z'urubanza. Iciro ry'urubanza ryandikwa mu buryo butomoye kugira ribe ari ryo ryonyene ryisungwa mw'ikurikizwa ry'urubanza.

Ingingo ya 204 :

Kugira urubanza ntiruhindurwe mw'isubirwamwo canke mw'isamburwa, umucamanza ategerezwa gufata ingingo afatiye ku vyasabwe vyose kandi kuri ivyo vyonyene.

Mu gihe umuburanyi aciriwe igihano, umucamanza n'aho ata woba abisavye arashinga amafaranga y'inyungu zitegekanywa n'amategeko hamwe n'ay'ikori bijanye arihwa, igitigiri cayo kigashingwa n'itegeko rishirwako umukono n'Umushikiranganji ajejwe Ubutungane hamwe n'Umushikiranganji ajejwe Ikigega ca Reta.

Agahimba k'agace ka 4 : Ugukosora imanza n'ugutanga insiguro bijanye**Ingingo ya 205 :**

Mu gihe urubanza rubaye ntabanduka, ntiruba rukibazwa umucamanza yaruciye.

Ingingo ya 206 :

Amakosa canke ibitanditswe mu rubanza rwaciwe ariko ata co bihindura ku ngingo yafashwe, n'aho urubanza rwoba rwabaye ntabanduka, birashobora gukosorwa na sentare yaruciye canke yarurungikiwe, bivanye n'uko bigaragaye mw'idosiye canke bivanye n'uko vyategerezwa kumera.

Umucamanza yiturwa biciye mu rwandiko rusanze rw'umwe mu baburanyi canke rugizwe

La décision rectificative est transcrite en marge de la décision rectifiée et est mentionnée sur la minute et sur les expéditions du jugement. Elle est notifiée aux parties comme le jugement.

Article 207 :

La décision rectificative ne modifie pas la décision initiale.

Article 208 :

La décision rectifiée n'est pas susceptible de recours.

Article 209 :

Il appartient à toute juridiction d'interpréter sa décision si elle n'est pas frappée de recours.

La demande en interprétation est formée par simple requête de l'une des parties ou par requête commune.

Le juge statue sur la demande, les parties entendues ou appelées.

Article 210 :

La décision interprétative est susceptible d'appel. L'appel n'est recevable que si la décision interprétative altère la décision initiale.

Article 211 :

Dans tous les cas, la requête n'intervient pas après l'exécution définitive du jugement.

Sous-section 5 : Des jugements contradictoire, réputé contradictoire ou par défaut

Paragraphe 1 : Le jugement contradictoire

Article 212 :

Le jugement est contradictoire dès lors que les parties comparaissent en personne ou par mandataire, selon les modalités propres à la

n'abaturanyi bompi. Arashobora gukosora amakosa ari mu rubanza avyibwirije.

Ingingo ikosora irandikwa haruhande y'ingingo yakosowe kandi ikandikwa ku rwandiko nkomoko rw'urubanza rwaciwe no ku makopi y'urubanza yemejwe kw'asa n'iy'urubanza rwaciwe. Iramenyeshwa abaturanyi nk'uko bigirwa ku rubanza rwaciwe.

Ingingo ya 207 :

Ingingo yakosowe ntituma ingingo yafashwe ubwa mbere isubirwamwo.

Ingingo ya 208 :

Ingingo yakosowe ntishobora gusubirishwamwo.

Ingingo ya 209 :

Umucamanza wese ni we atanga insiguro y'ingingo yafashe iyo itungururijwe.

Ugusaba ko hatangwa insiguro y'ingingo yafashwe bigirwa biciye mu rwandiko rusanzwe rw'umwe mu baburanyi canke rugizwe n'abaturanyi bompi.

Umucamanza atanga insiguro abaturanyi bumvirijwe canke barengukijwe.

Ingingo ya 210 :

Ingingo itanga insiguro irashobora gusubirishwamwo. Isubirishwamwo ryakirwa ari uko ingingo itanga insiguro ihindura ingingo yari yatanguye gufatwa.

Ingingo ya 211 :

Uko biba biri kwose, ugusaba ingingo ko ikosorwa canke itangirwa insiguro ntibishobora kugirwa urubanza rumaze gushirwa mu ngiro burundu.

Agahimba k'agace ka 5 : Imanza zaciwe abaturanyi bahinyuzanya, izifatwa ko zaburanishijwe abaturanyi bahinyuzanya canke izaciwe impaga

Agahimba ka 1 : Urubanza rwaciwe abaturanyi bahinyuzanya

Ingingo ya 212 :

Urubanza ruba rwaciwe abaturanyi bahinyuzanya igihe abaturanyi barengutse bo nyene ubwabo canke baserukiwe n'abo batumye, hisunzwe

jurisdiction devant laquelle la demande est portée.

Article 213 :

Si, après avoir comparu, l'une des parties s'abstient d'accomplir les actes de la procédure dans les délais requis, le juge statue par jugement contradictoire au vu des éléments dont il dispose.

Le défendeur peut cependant demander au juge de déclarer la citation caduque.

Paragraphe 2 : Le jugement par défaut et le jugement réputé contradictoire

Article 214 :

Lorsque le défendeur ne comparaît pas, le jugement est rendu par défaut si la citation n'a pas été délivrée à personne.

Le défendeur qui ne comparaît pas peut, à l'initiative du demandeur ou sur décision prise d'office par le juge, être à nouveau invité à comparaître si la citation n'a pas été délivrée à personne.

L'assignation est réitérée selon les formes de la première assignation.

Article 215 :

Si le défendeur ne comparaît pas, il est statué par défaut sur le fond.

Le juge ne fait droit à la demande que dans la mesure où il l'estime régulière, recevable et bien fondée.

Article 216 :

Lorsque, sans motif légitime, le demandeur ne comparaît pas à la deuxième audience publique, le défendeur peut demander la radiation ou requérir un jugement sur le fond. Le juge s'assure au préalable que la date d'audience a été notifiée au demandeur défaillant. Le jugement est réputé contradictoire.

ibikurikizwa muri sentare urubanza rwashingishijwemwo.

Ingingo 213 :

Iyo, ababuranyi bamaze kurenguka, umwe mu baburanyi adakoze ivyo sentare imutegereza mu kiringo gitegekanijwe, sentare ica urwo rubanza nk'uko ababuranyi boba bariko barahinyuzanya ifatiye ku mburano ifise.

Ariko, uwitwariwe arashobora gusaba umucamanza gushinga ko umutahe wataye igihe.

Agahimba ka 2 : Urubanza rwaciwe impaga n'urubanza rufatwa ko rwaciwe ababuranyi bahinyuzanya

Ingingo 214 :

Mu gihe uwitwariwe atarengutse muri sentare, urubanza rucibwa impaga iyo umutahe atawushikirijwe we nyene ubwiwe.

Uwitwariwe atarengutse arashobora, igihe bisabwe n'uwamwitwariye canke hisunzwe ingingo ifatwa n'umucamanza avyibwirije, gusubira kurengutswa iyo umutahe umurengutsa atawushikirijwe we nyene ubwiwe.

Umutahe wo kurengutsa ugira kabiri utangwa nk'uko bigirwa ku mutahe wa mbere.


Ingingo ya 215 :

Iyo uwitwariwe atarengutse muri sentare, urubanza ruca rucibwa impaga mw'ido n'ido.

Umucamanza aca urubanza ari uko abona ko rukurikije amategeko, rushobora kwakirwa kandi rufise ishingiro.

Ingingo ya 216 :

Mu gihe, ata mvo zishemeye zibitumye, uwitwaye atarengutse muri sentare, uwitwariwe arashobora gusaba ko urubanza rufutwa canke agasaba ko ruburanishwa mw'ido n'ido. Imbere yuko aruca, umucamanza abanza kuraba neza ko uwitwaye atarengutse yari yamenyeshejwe igenekerezo ry'ukuruburana. Urubanza rufatwa ko rwaciwe



Article 217 :

Lorsque, après avoir comparu, le défendeur ne se présente plus ou s'abstient de conclure, le demandeur peut poursuivre l'instance, après sommation de conclure faite au défendeur.

Article 218 :

Le jugement est également réputé contradictoire lorsque la citation a été délivrée à la personne du défendeur.

Le défaut de conclure donne lieu à un jugement réputé contradictoire si la personne en cause a comparu.

Article 219 :

En cas de pluralité de défendeurs cités pour le même objet, si l'un au moins d'entre eux ne comparaît pas, le jugement est réputé contradictoire à l'égard de tous lorsque ceux qui ne comparaissent pas ont été cités à personne.

Les défendeurs qui n'ont pas été cités à personne et qui ne comparaissent pas sont cités à nouveau. Le jugement rendu après nouvelles citations est réputé contradictoire à l'égard de tous dès lors que l'un des défendeurs comparaît ou a été cité à personne sur première ou seconde citation.

Dans le cas contraire, le jugement est rendu par défaut.

Article 220 :

Le jugement rendu par défaut peut être frappé d'opposition, sauf dans le cas où la voie de recours est écartée par une disposition expresse.

Article 221 :

Le jugement réputé contradictoire ne peut être frappé de recours que par les voies ouvertes contre

ababuranyi bahinyuzanya.

Ingingo ya 217 :

Igihe uwitwariwe yamaze kurenguka adasubiriye kwitaba sentare canke yanse gutanga imburano zanditse, uwitwaye arashobora gukurikirana imburano inyuma yuko uwitwariwe bamutegetse kwitaba canke kwandika imburano ziwe. Ukwo kumugabisha babigira bamusubiriramwo ivyanditse muri ino ngingo.

Haheze ikiringo c'iminsi rwumvirizwa. Ico gihe baca bafata yuko urubanza rwaciwe ababuranyi bose bahinyuzanya.

Ingingo ya 218 :

Urubanza rufatwa kandi ko rwaciwe ababuranyi bahinyuzanya mu gihe umutahe washikirijwe uwitwariwe we nyene ubwiwe.

Ukudasozera imburano kandi uwo vyega yaregutse bituma urubanza rucibwa rufatwa ko rwaciwe ababuranyi bahinyuzanya.

Ingingo ya 219 :

Igihe hari abitwariwe benshi ku kintu kimwe, iyo n'imiburuburi umwe muri bo ataregutse, urubanza rufatwa ku bitwariwe bose ko rwaciwe ababuranyi bahinyuzanya mu gihe abo batarengutse bari bashikirijwe umutahe bo nyene ubwabo.

Abitwariwe batashikirijwe bo nyene ubwabo umutahe batarengutse barasubira kurengutswa. Urubanza rucibwa basubiye kurengutswa rufatwa kuri bose ko rwaciwe ababuranyi bahinyuzanya igihe umwe muri bo yaregutse canke yari yashikirijwe umutahe we nyene ubwiwe ubwa mbere canke ubugira kabiri.

Atari uko, urubanza rucibwa impaga.

Ingingo ya 220 :

Urubanza rwaciwe impaga rurashobora gusubirishamwo, kiretse mu gihe hari ingingo itegekanya ko urwo rubanza rudasubirishwamwo.

Ingingo ya 221 :

Urubanza rufatwa ko rwaciwe ababuranyi bahinyuzanya rushobora gusubirishwamwo gusa

les jugements contradictoires.

Article 222 :

Le jugement par défaut ou le jugement réputé contradictoire rendu contre une partie résidant à l'étranger doit constater expressément les diligences faites en vue de donner connaissance de l'acte introductif d'instance au défendeur.

Article 223 :

Si aucune des parties n'accomplit les actes de la procédure dans les délais requis, le juge peut, d'office, radier l'affaire par une décision non susceptible de recours.

Le demandeur peut réintroduire l'action en moins qu'elle ne soit déjà prescrite.

Sous-section 6 : Des jugements avant dire droit

Article 224 :

Le jugement avant dire droit est celui qui est rendu avant que le juge ne se prononce sur le fond de la prétention. Il est rendu à l'occasion d'une mesure d'instruction ou d'une mesure provisoire.

Article 225 :

Les jugements relatifs à l'instruction sont préparatoires ou interlocutoires.

Article 226 :

Sont réputés préparatoires, les jugements rendus pour l'instruction de la cause et qui tendent à mettre le procès en état de recevoir le jugement définitif.

Article 227 :

Sont réputés interlocutoires, les jugements rendus lorsque le tribunal ordonne une preuve, une vérification ou une instruction qui préjuge du fond.

hisunzwe ibikurikizwa ku manza zaciwe ababuranyi bahinyuzanya.

Ingingo ya 222 :

Urubanza rwaciwe impaga canke urubanza rufatwa ko rwaciwe ababuranyi bahinyuzanya rwerekeye umuburanyi aba mu mahanga rutegerezwa kwerekana ivyakozwe kugira uwitwariwe amenyeshwe urwandiko rw'ukumushingishiriza urubanza.

Ingingo ya 223 :

Iyo ata muburanyi n'umwe akwirikije ibisabwa mu rubanza mu kiringo gitegekanijwe, umucamanza arashobora, avyibwirije, guca afuta urwo rubanza kandi iyo ingingo ikaba ntasubirwamwo.

Uwitwaye arashobora gushingisha urubanza ukundi gusha, kiretse iyo rumaze guta igihe.

Agace ka 6 : Imanza z'intangamarara

Ingingo ya 224 :

Urubanza rw'intangamarara ni urucibwa imbere yuko umucamanza afata ingingo kw'ido n'ido ry'ibisabwa n'ababuranyi. Rucibwa mu gihe c'ugufata ingingo ijanye n'itohoza canke ingingo mfatakibanza.

Ingingo ya 225 :

Imanza zitegura itohoza ni imanza nteguza canke imanza zo kurindira ivyemezo.

Ingingo ya 226 :

Imanza zifatwa ko ari imanza nteguza ni imanza zitegura itohoza ry'urubanza rikaba rifise intumbero yo gutuma urubanza rukiriko ruraburanishwa rucika ntabanduka.

Ingingo ya 227 :

Imanza zifatwa ko ari imanza zo kurindira ivyemezo ni imanza zaciwe mu gihe sentare itegegetse ko hatangwa ivyemezo, ko hagira ibihinyuzwa canke ibitohozwa imbere yo gufata ingingo ntabanduka.

Sous-section 7 : D'effet des jugements

Article 228 :

Le jugement qui statue sur tout ou partie du principal, sur une exception de procédure, une fin de non-recevoir ou tout autre incident, a l'autorité de la chose jugée relativement à la contestation qu'il tranche.

Article 229 :

Le jugement qui se borne à ordonner une mesure d'instruction ou une mesure provisoire n'a pas, au principal, l'autorité de la chose jugée.

Article 230 :

Les décisions judiciaires n'ont de valeur qu'entre parties et ne peuvent nuire aux tiers.

Article 231 :

L'interprétation d'un texte de loi, même entre les mêmes parties ou dans les affaires connexes, ne peut avoir force de chose jugée. S'il se révèle des contradictions, elles sont corrigées par voie de cassation à la demande de toute partie diligente.

Sous-section 8 : De la signification des jugements

Article 232 :

Les jugements sont valablement signifiés conformément aux dispositions des articles 85 à 100 de la présente loi.

CHAPITRE IX : DES REFERES

Article 233 :

Dans les cas d'urgence, le juge peut ordonner, en référé, toutes les mesures qui ne se heurtent à aucune contestation ou que justifie l'existence d'un différend. Ce pouvoir s'étend à toutes les matières où il n'existe pas de procédure spéciale d'urgence.

Agahimba k'agace ka 7 : Inkurikizi z'ingingo zafashwe na sentare

Ingingo ya 228 :

Urubanza rufata ingingo kuri bimwe canke ku vyasabwe vyose, ku bibazo vyadutse rumaze kuja mu ntahe, ibituma rubandanya canke kuri ivyo vyose vyotuma ruba ruratevye ruca ruba ntabanduka ku vyerekeye icitwariwe.

Ingingo ya 229 :

Urubanza rwibanda ku gusaba ko haba ingingo y'itohoza canke ingingo mfatakibanza, ntiruba rufise ububasha bw'urubanza ntabanduka.

Ingingo ya 230 :

Ingingo z'ubutungane ziba zibaye nk'itegeko hagati y'abaturanyi, ariko ntizishobora gufata abandi bantu zitega.

Ingingo ya 231 :

Ugutanga insiguro y'itegeko n'aho hoba ari ukurisigurira abaturanyi canke mu manza bifitanye isano ntibishobora guca bifatwa nk'urubanza rwabaye ntabanduka. Igihe habayemwo ibihushane, bitorerwa umuti mu gusambura urubanza bisabwe n'uwo ari we wese mu baburanyi.

Agahimba k'agace ka 8 : Imenyeshwa ry'imanza

Ingingo ya 232 :

Imanza zemerwa ko zamenyeshejwe uko bitegerejwe hisunzwe ibitegekanijwe mu ngingo ziva ku ya 85 gushika ku ya 100.

IGICE CA IX : IVYEREKEYE INGINGO ZIHUTIRWA

Ingingo ya 233 :

Mu gihe vyihutirwa, umucamanza arashobora gufata, mu buryo bwihuta, ingingo zose ata na kimwe kibuzwa ko zoshirwa mu ngiro canke amatati atuma zitegerezwa gufatwa. Ubwo bubasha bw'umucamanza burakoreshwa ku manza zose zitagengwa n'amategeko zihariye atuma zicibwa vyihuta.

Il peut également en être référé au juge pour statuer sur les difficultés d'exécution d'un jugement ou d'un autre titre exécutoire conformément aux articles 355 à 356, 409 alinéa 3 et 423 de la présente loi.

Article 234 :

Dans les cas prévus à l'article précédent, le juge fixe le jour et l'heure de l'audience utile pour statuer au fond sur la demande. La procédure d'instruction se poursuit avec célérité. Le juge peut permettre d'assigner même les jours fériés ou chômés.

Le juge doit renvoyer l'affaire en état de référé à une audience de la juridiction dont il fixe la date dans la même ordonnance. Elle est toujours à bref délai.

Article 235 :

Le juge s'assure qu'il s'est écoulé un temps suffisant entre l'assignation et l'audience pour que la partie assignée ait pu préparer sa défense.

Toutefois, le juge peut prendre par ordonnance toute mesure qu'il juge nécessaire à la sauvegarde des droits des parties en attendant l'audience.

Article 236 :

Les ordonnances de référés sont toujours provisoires. Elles n'ont pas autorité de chose jugée au principal; elles peuvent être modifiées ou rapportées en référé en cas de circonstances nouvelles.

Le juge des référés peut prononcer des condamnations à des astreintes et aux dépens. Il est habilité à liquider, à titre provisoire, les astreintes qu'il a ordonnées.

Umucamanza arashobora kandi gufata ingingo yihuta bitumwe n'ingorane z'ugukurikiza urubanza canke iz'ugushira mu ngiro urundi rwandiko rurekura ko ingingo yafashwe ikurikizwa hisunzwe ibitegekanijwe mu ngingo ziva ku ya 355 gushika ku ya 356, iya 409 agahimba ka 3 n'iya 423.

Ingingo ya 234 :

Mu bihe bitegekanijwe mu ngingo ya 233, umucamanza arashinga umusi n'isaha intahe izosasirako kugira iburanishe urubanza ido n'ido. Itohoza ry'urubanza rica ribandanya mu buryo bwihuta. Umucamanza arashobora gutanga uruhusha rw'ugusohora imitahe no ku misi mikuru canke ku misi y'akaruhuko.

Umucamanza ategerezwa gushira urubanza rw'ivyihutirwa mu ntahe ya sentare, kw'igenekerezo ruzoburanishirizwako ashinga muri iyo ngingo nyene y'ivyihutirwa. Umutahe w'ukurengutsa ni uw'igihe gito.

Ingingo ya 235 :

Umucamanza araraba neza ko umwanya watanzwe hagati y'ugutanga umutahe wo kurengutsa n'igenekerezo intahe isasirako ukwiye kugira ngo uwarengukijwe abe yateguye imburano ziwe z'ukwiregura.

Ariko, umucamanza arashobora, biciye mu ngingo, gufata ingingo yose yibaza ko ikenewe kugira ngo uburenganzira bw'ababuranyi bwubahirizwe mu kurindira ko intahe isasa.

Ingingo ya 236 :

Ingingo zifatwa ku vyihutirwa ziba ari iz'imfatakibanza. Ntizifise ububasha bw'ingingo ntabanduka ku bigize urubanza nyamukuru kandi zirashobora guhindurwa canke gukurwa mu zihutirwa mu gihe hari ibishitse bishasha.

Umucamanza w'ivyihutirwa arashobora gushinga ibihano vy'ukuriha ihadabu rija ririyongera uko imisi ihera n'amafaranga yakoreshejwe mu rubanza. Arafise ububasha bwo kurihisha, ivy'agateganyo, amahadabu yashinze.

Article 237 :

Les ordonnances de référés sont exécutoires par provision sans caution à moins que le juge n'ait ordonné qu'il en soit fourni une. En cas de nécessité, le juge peut ordonner l'exécution de son ordonnance sur minute.

CHAPITRE X : DES VOIES DE RECOURS**Section 1 : Des dispositions communes****Article 238 :**

Les dispositions suivantes réglementent l'opposition, l'appel et la tierce opposition.

Le pourvoi en cassation, la révision des jugements, le règlement des juges et la prise à partie contre certains magistrats sont régis par la loi relative à la Cour suprême.

Article 239 :

Les délais de recours partent du jour suivant celui de la notification de la décision. Ils sont francs.

Le délai court même à l'encontre de celui qui notifie.

Article 240 :

En cas de condamnation solidaire ou indivisible de plusieurs parties, la notification faite à l'une d'elles ne fait courir les délais qu'à son égard.

Dans le cas où le jugement profite solidairement à plusieurs parties, chacune peut se prévaloir de la notification faite par l'une d'elles.

Ingingo ya 237 :

Ingingo zifatwa ku vyihutirwa zirakurikizwa n'aho urubanza rwoba rwungurujwe kandi ntizitangirwe ingwati kiretse umucamanza yashinze ko hatangwa ingwati. Igihe bikenewe, umucamanza arashinga ko ingingo yafashe ica ikurikizwa ubwo nyene igifatwa.

IGICE CA X : UBURYO BW'UGUSUBIRISHAMWO**Agace ca 1 : Ingingo rusangi****Ingingo ya 238 :**

Ingingo zitegekanijwe muri iki kigabane zitegekanya ingene imanza zisubirishwamwo muri sentare yaziciye, ingene zunguruzwa n'ingene uwundi muntu afise inyungu mu rubanza arusubirishamwo.

Ugusambuza urubanza, ugusubirishamwo imanza zabaye ntabanduka, uguca imanza zerekeye abacamanza n'ingene hitwarirwa abacamanza bamwebamwe, bigengwa n'ibwirizwa rigenga Sentare ntahinyuzwa.

Ingingo ya 239 :

Ibiringo vyo gusubirishamwo ingingo bitangura guharurwa kuva umusi ukurikira uwo iyo ngingo yamenyesherejweko. Iba ari imisi yuzuye.

Ikiringo kirafata na nyene kubimenyeshya.

Ingingo ya 240 :

Mu gihe ababuranyi basangiye urubanza baciriwe igihano rusangi canke kidashobora kugaburirwa ababuranyi, umuburanyi umwe muri bo amenyeshajwe urubanza ntibituma abatararumenyeshwa baharurirwa ibiringo vy'ugusubirishamwo.

Mu gihe ababuranyi benshi basangiye urubanza barutsinze, umwumwe wese muri bo arashobora kwitwaza ko umwe muri bo yamenyeshajwe urubanza.

Article 241 :

Le délai ne court contre le mineur non émancipé et le majeur interdit que du jour où le jugement est notifié tant à son tuteur qu'à son subrogé tuteur.

Article 242 :

S'il se produit, au cours du délai d'opposition ou d'appel, un changement dans la capacité d'une partie à laquelle le jugement avait été notifié, le délai est interrompu.

Le délai court en vertu d'une notification faite à celui qui a désormais qualité pour la recevoir.

Article 243 :

Le délai d'opposition ou d'appel est interrompu par le décès de la partie à laquelle le jugement avait été notifié.

Le délai court en vertu d'une notification faite aux héritiers qui peuvent désigner un représentant commun ad hoc.

Article 244 :

Le délai pour faire opposition ou relever appel est suspensif d'exécution.

L'opposition ou l'appel suspend pareillement l'exécution.

Le délai de pourvoi en cassation ainsi que le pourvoi ne sont suspensifs que dans les cas spécifiés par la loi. Le pourvoi en cassation est organisé par la loi régissant la Cour suprême.

Article 245 :

Les dispositions de l'article précédent ne font pas obstacle à l'exécution des jugements lorsque l'exécution provisoire est de droit ou a été ordonnée.

Ingingo ya 241 :

Ku mwana atarahabwa uburenganzira bw'ukwitwa ko akuze no ku wukuze yatswe ububasha bwo kwitunganiriza ivyiwe, ikiringo giharurwa kuva umusi urubanza rwaciwe rumenyesherejweko umurezi wiwe canke uwagenywe kumusubirira.

Ingingo ya 242 :

Iyo bishitse, mu kiringo c'ugusubirishamwo canke kwunguruza, umuburanyi yari yamenyeshejwe urubanza ahawe canke asubijwe ubushobozi atari afise, ico kiringo gica gihagarikwa guharurwa.

Ikiringo gisubira gutangura guharurwa kuva umusi uwahawe canke uwasubijwe ububasha bw'ukuburana urwo rubanza arumenyesherejweko.

Ingingo ya 243 :

Ikiringo c'ugusubirishamwo canke c'kwunguruza ku muburanyi yari yamenyeshejwe urubanza kirahagarikwa guharurwa igihe apfuye.

Gisubira gutangura guharurwa kuva kw'igenekerezo abamutorana bamenyesherejweko urubanza, na bo bagashobora kugena uwubaserukira muri urwo rubanza.

Ingingo ya 244 :

Ikiringo c'ugusubirishamwo canke c'ukwunguruza urubanza gituma urubanza rwaciwe rubangira gukurikizwa.

Ugusubirishamwo canke ukwunguruza na vyo nyene bituma urubanza rwaciwe rubangira gukurikizwa.

Ikiringo co kwungururiza muri gasamburamanza no kwungururiza mu kindi gisata ca Sentare ntahinyuzwa bihagarika gushira mu ngiro urubanza rwaciwe mu gihe bitegekanijwe n'ibwirizwa honyene. Ukwungururiza muri gasamburamanza bitunganywa n'ibwirizwa rigenga Sentare ntahinyuzwa.

Ingingo ya 245 :

Ibitegekanijwe mu ngingo ya 244 ntibibuza ko imanza zaciwe zikurikizwa ivyo ziba zirakurikizwa ivy'agateganyo canke ivyo hategetswe ko zikurikizwa.

Article 246 :

La notification d'un recours est valablement faite au domicile personnel de la partie mentionnée dans la notification du jugement.

Article 247 :

Dans le cas où la partie à qui le jugement a été notifié est décédée, le recours peut être notifié à ses héritiers, collectivement et sans désignation s'ils n'ont pas désigné un représentant commun ad hoc.

Article 248 :

En cas de cessation de fonction d'un représentant légal d'une partie, celui-ci peut exercer le recours en son nom s'il y a un intérêt personnel. Le recours peut pareillement être exercé contre lui.

Section 2 : De l'opposition**Article 249 :**

L'opposition, recours ordinaire, tend à faire rétracter les jugements rendus par défaut.

Les jugements rendus, au premier degré, en matière sociale et commerciale, ne sont pas susceptibles d'opposition. Il en est de même des cas, en d'autres matières, où la loi l'écarte expressément. Le juge assure le respect de la contradiction des débats.

L'opposition remet en question devant le même juge, les points jugés par défaut pour qu'il soit à nouveau statué en fait et en droit.

Le jugement frappé d'opposition n'est anéanti que par le jugement qui le rétracte.

Ingingo ya 246 :

Ivyerekeye ukwunguruza urubanza bifatwa ko vyamenyeshejwe uko bitegerejwe igihe biciye mu rwandiko basanza umuburanyi ku muhana iwe, aba yanditse mu rubanza rwaciwe.

Ingingo ya 247 :

Mu gihe umuburanyi yari yamenyeshejwe urubanza rwaciwe apfuye, abamutorana barashobora kumenyeshwa bose hamwe ko urubanza rwasubirishijwemwo biterekejwe kuri umwumwe, iyo batagenye uwubaserukira muri urwo rubanza.

Ingingo ya 248 :

Mu gihe uwuserukira imbere y'amategeko umuburanyi ahagaritse ico gikorwa, uwo muburanyi arashobora gusubirishamwo urubanza kw'izina ryiwe, iyo abifisemwo inyungu yiwe bwite. Uwo baburana arashobora na we nyene kumwitwarira.

Agace ka 2 : Ivyerekeye ugusubirishamwo urubanza muri sentare yaruciye**Ingingo ya 249 :**

Ugusubirishamwo imanza zaciwe impaga ni uburyo busanzwe bw'ugusubirishamwo imanza bufise intumbero y'ugusaba ko sentare yivuguruza ku manza yaciye impaga.

Imanza zaciwe, ku rugero rwa mbere, mu vyerekeye akazi no mu vyerekeye ubudandaji, ntizishobora gusubirishwamwo. Ni co kimwe no mu bindi bisata vy'ubuzima, aho ibwirizwa ribihakana. Umucamanza arubahiriza ko imburano zishikirizwa ababuranyi bahinyuzanya.

Ugusubirishamwo urubanza bituma hasubira kwihwezwa, muri sentare yari yaruciye, ingingo zari zafashwe mu rubanza rwaciwe impaga kugira rusubire gucibwa hafatiwe kw'ido n'ido ryarwo no ku mategeko.

Urubanza rusubirishijwemwo rufutwa gusa n'urundi ruruvuguruza.

Article 250 :

Le délai d'opposition est de quinze jours francs pour ceux qui résident au Burundi et trente jours pour ceux demeurant à l'étranger.

Toutefois, si la notification du jugement n'a pas été faite à personne, le défaillant pourra faire opposition jusqu'à l'exécution consommée du jugement.

Si le juge sait par lui-même ou par les représentations qui lui seraient faites par les proches, voisins ou amis du défendeur que celui-ci n'a pu être instruit de la procédure, il pourra, en adjugeant le défaut, fixer pour le délai de l'opposition le temps qui lui paraîtra convenable. Dans le cas où la prorogation n'aurait été ni accordée d'office, ni demandée, le défaillant pourra être relevé de la rigueur du délai et admis à opposition en justifiant qu'en raison d'absence ou de maladie grave, il n'a pu être instruit de la procédure.

Article 251 :

L'opposition contient l'exposé sommaire des moyens de la partie.

Elle est formée par la partie ou par un fondé de pouvoir spécial, soit par déclaration reçue et actée par le greffier du tribunal qui a rendu le jugement, soit par lettre recommandée à la poste adressée au greffier de cette juridiction ou encore par voie de messenger contre récépissé.

La date de l'opposition est celle de la déclaration au greffe ou celle de la réception par le greffier de la lettre.

Ingingo ya 250 :

Ikiringo c'ugusubirishamwo urubanza rwaciwe impaga ni ic'imisi icumi n'itanu ku baba mu Burundi n'imisi mirongo itatu ku baba mu mahanga.

Ariko, iyo urubanza rwaciwe rutamenyeshejwe uwutari yitavye urubanza we nyene ubwiwe, arashobora kurusubirishamwo gushika urwo rubanza rukurikijwe.

Iyo umucamanza azi we nyene canke abibariwe n'abamwegereye, ababanyi canke abagenzi b'uwitwariwe ko uyu atashoboye kumenyeshwa uko vyagenze, arashobora, gushinga ikiringo co gusubirishamwo urubanza igihe we abona ko gikwiye. Ico gihe co kwongera ikiringo, kitaciye congerezwa, canke gisabwe, uwo yatsinzwe arashobora gukurwako ikiringo cari gitegekaniywe kandi agashobora kwemererwa gusubirishamwo urubanza mu kwerekana ko biturutse ku mvo y'uko atariho yari canke ko yari arwaye bimwe bikomeye, atashoboye kumenyeshwa uko vyagenze mu rubanza.

Ingingo ya 251 :

Urwandiko rusubirishamwo urubanza rwaciwe impaga ruba rurimwo incamake y'ivyo imburano z'uwurubirishijemwo zishingiyeko.

Ugusubirishamwo urubanza rwaciwe impaga bigirwa n'umuburanyi canke uwo yahaye ububasha budasanzwe biciye mu rwandiko rw'ukubisaba rwakirwa rugashirwako ikidodo n'umwanditsi w'imanza wa sentare yaruciye canke bigaca mw'ikete ricishwa mw'iposita, na yo ikemeza ko yarirungikiye umwanditsi w'imanza w'iyoye sentare canke na ho rukarungikanwa intumwa ica ironswa urwandiko rwemeza ko rwakiriwe.

Igenekerezo rifatwa ko urubanza rwasubirishirijwemwo ni iryo urwandiko rw'ukubisaba rwashikirijweko mw'iyandikiro ry'imanza canke iryo umwanditsi w'imanza wa sentare yakiriyeko ikete rivyerekeye.

Toutefois, l'opposition peut être formée soit par acte extrajudiciaire, soit par déclaration sur les commandements, procès-verbaux de saisie ou tout autre acte d'exécution, à charge par l'opposant, de la réitérer dans les dix jours, outre les délais de distance, suivant les formes ordinaires, passé lequel temps elle ne sera plus recevable et l'exécution sera continuée sans qu'il soit besoin de le faire ordonner.

Le greffier qui reçoit la déclaration d'opposition fait assigner le demandeur originaire dans les formes et délais des assignations.

Article 252 :

L'affaire est instruite et jugée selon les règles applicables devant la juridiction qui a rendu la décision frappée d'opposition.

Article 253 :

Celui qui se laisserait juger une seconde fois par défaut n'est plus admis à former une nouvelle opposition.

Section 3 : De l'appel

Sous-section 1 : Des dispositions générales

Article 254 :

L'appel tend, par la critique du jugement rendu par une juridiction du premier degré, à sa réformation ou à son annulation par la juridiction d'appel.

Ariko, ugusubirishamwo urubanza bishobora kugirwa biciye mu rwandiko atari urwo mu butungane, mu kubimenyesha ku nzandiko zitegeka kuriha, ku vyegeranyo vyerekeye ivyafashwe canke ku rundi rwandiko rwose rw'ugukurikiza urubanza rwaciwe, bigasabwa ko uwusubirishamwo urubanza asubira kurusubirishamwo mu misi icumi, hadashizwemwo ibiringo vyongerwako bijanye n'urugendo, mu buryo bisanzwe bikorwamwo. Ico kiringo kimurenganye, ugusubirishamwo ntibiba bicemerwa kandi ishirwa mu ngiro ry'urubanza rwaciwe rica ribandanya ata yindi ngingo irinze gufatwa.

Umwanditsi w'imanza wa sentare ashikirijwe urwandiko rw'ugusubirishamwo urubanza ararengutsa uwari yitwaye urubanza rugishingishwa mu buryo no mu biringo bisanzwe vyisungwa ku mitahe y'ukurengutsa.

Ingingo ya 252 :

Urubanza rutohozwa kandi rugacibwa hisunzwe ibukurikizwa muri sentare yashinze ingingo isubirishijwemwo.

Ingingo ya 253 :

Umuburanyi aciriwe urubanza rw'impaga ubugira kabiri ntabwo kwemererwa gusubirishamwo urwo rubanza.

Agace ka 3 : Ivyerekeye ukwunguruza urubanza

Agahimba k'agace ka 1 : Ingingo ngenderwako

Ingingo ya 254 :

Ukwunguruza urubanza bituma, biciye mu kunegura urubanza rwaciwe na Sentare yo ku rugero rwa mbere, ruhindurwa canke rufutwa na Sentare rwungururijwemwo.

Sous-section 2 : Du droit d'appel

Paragraphe 1 : Les jugements susceptibles d'appel

Article 255 :

La voie de l'appel est ouverte en toutes matières contre les jugements de première instance s'il n'est autrement disposé.

Article 256 :

Les jugements qui tranchent dans leur dispositif une partie du principal et ordonnent une mesure d'instruction ou une mesure provisoire peuvent être immédiatement frappés d'appel comme les jugements qui tranchent tout le principal.

Il en est de même des jugements qui, sans juger le fond, mettent fin à l'instance. Dans ce cas, le juge d'appel évoque l'ensemble de la cause.

Article 257 :

Les autres jugements ne peuvent être frappés d'appel indépendamment des jugements sur le fond que dans les cas spécifiés par la loi.

Paragraphe 2 : Les parties à l'instance d'appel

Sous-paragraphe 1 : Les dispositions générales

Article 258 :

Le droit d'appel appartient à la partie qui y a intérêt, si elle n'y a pas renoncé. Elle l'exerce elle-même ou par un mandataire muni d'une procuration spéciale. L'avocat relevant appel pour une partie ainsi que l'avocat de l'intimé doivent justifier d'un mandat spécial postérieur au jugement dont appel. Le Ministre ayant la justice dans ses attributions est habilité pour ce faire en ce qui concerne l'Etat.

Agahimba k'agace ka 2 : Uburenganzira bw'ukwunguruza urubanza

Agahimba ka 1 : Imanza zishobora kwunguruzwa

Ingingo ya 255 :

Imanza izo ari zo zose zaciwe na sentare ku rugero rwa mbere zirashobora kwunguruzwa kiretse iyo bitegekanyijwe ukundi.

Ingingo ya 256 :

Imanza zicibwa zishingiye gusa mw'iciro ryazo kuri bimwebimwe mu vyasabwe zigashinga ingingo ijanye n'ugutohoza canke ingingo mfatakibanza zirashobora kwunguruzwa ubwo nyene nk'imanza zicibwa zishingiye ku vyasabwe vyose.

Ni ko kw'uko no ku ngingo zishinga ko urubanza rurangiye rutaburanishijwe mw'ido n'ido. Muri ico gihe, sentare y'iyungururizo ifatira ku rubanza rwose.

Ingingo ya 257 :

Izindi ngingo ntizishobora kwungururizwa zonyene zitari kumwe n'izashinzwe urubanza ruburanishijwe mw'ido n'ido kiretse mu bihe bitomorwa n'amategeko.

Agahimba ka 2 : Ababuranyi mu rubanza rwungurujwe

Agace k'agahimba ka 1 : Ingingo ngenderwako

Ingingo ya 258 :

Umuburanyi wese abifisemwo inyungu arafise uburenganzira bw'ukwunguruza, iyo atabihevyeye. Arunguruza we nyene ubwiwe urubanza canke agaserukirwa n'uwo yatumye afise urwandiko rubimuhera ububasha budasanzwe. Umushingwamanza w'umuburanyi yungurujwe hamwe n'umushingwamanza w'uwungururijwe bategerezwa kuba bafise urwandiko rubaha ububasha budasanzwe rwagizwe urubanza rwungurujwe rumaze gucibwa. Umushikiranganji ajejwe ubutungane ni we afise ububasha bw'ukwunguruza imanza zerekeye Reta.

Le défaut de procuration spéciale peut être régularisé en tout état de cause pendant la procédure de mise en état.

Article 259 :

En cas de solidarité ou d'indivisibilité entre plusieurs parties, l'appel formé par l'une conserve le droit d'appel des autres, sauf pour ces dernières à se joindre à l'instance.

Inversement, l'appel dirigé contre l'une des parties réserve à l'appelant la faculté d'appeler les autres à l'instance. La mise en cause de tous les intéressés peut être ordonnée d'office.

Sous-paragraphe 2 : L'appel principal

Article 260 :

En matière contentieuse, l'appel ne peut être dirigé que contre ceux qui ont été parties en première instance. Tous ceux qui ont été parties peuvent être intimés.

En matière gracieuse, l'appel est recevable nonobstant l'absence d'autres parties.

Sous-paragraphe 3 : L'appel incident

Article 261 :

L'appel peut être incidemment relevé par l'intimé tant contre l'appelant que contre les autres intimés.

Article 262 :

L'appel incident peut également émaner de toute personne, même non intimée, ayant été partie en première instance.

Article 263 :

L'appel incident peut être formé en tout état de cause alors même que celui qui l'interjetterait serait forclos pour agir à titre principal.

Mu gihe uruhusha rudasanzwe rutatanzwe, uko biba biri kwose, rurashobora gutangwa mu gihe c'ugusuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa.

Ingingo ya 259 :

Mu gihe ababuranyi benshi basangiye urubanza canke urubanza rudashobora kugaburika ku baburanyyi benshi, umwe muri bo yungurujwe urubanza basangiye, abasigaye bagumana uburenganzira bw'ukurwunguruza, kiretse bahisemwo kwifatanya na we mu rwo yungurujwe.

Ariko, urubanza rwungururijwe umwe mu baburanyi barusangiye, uwungurujwe aba afise ububasha bwo kurengukisha mu ntahe abasigaye. Sentare, ivyibwirije, irashobora gushinga ko abo rwerekeye bose barengutswa mu ntahe.

Agace k'agahimba ka 2 : Ukwunguruza urubanza nyamukuru

Ingingo ya 260 :

Mu manza zirimwo amatati, ukwunguruza bigirirwa gusa ababuranye muri sentare yo ku rugero rwa mbere. Ababuranye bose muri sentare yo ku rugero rwa mbere barashobora kwungururizwa.

Mu manza ata matati arimwo, ukwunguruza birakirwa n'aho abandi baburanyi atari ho boba bari.

Agace k'agahimba ka 3 : Iyunguruza ry'imbonerwaho

Ingingo ya 261 :

Uwungururijwe ashobora, hagati mu rubanza rwungurujwe, kwungururiza uwamwungururije canke abandi bungururijwe muri urwo rubanza.

Ingingo ya 262 :

Iyunguruza ry'imbonerwaho rishobora kandi kugirwa n'umuntu wese, n'aho atoba ari we yungururijwe, yaruburanye ku rugero rwa mbere.

Ingingo ya 263 :

Uko biba biri kwose, iyunguruza ry'imbonerwaho rirashobora kugirwa n'aho uwokwungurujwe aba atakibifitiye uburenganzira bitumwe n'uko yarengeje ikiringo gitegekaniywe kugira yunguruzwe we nyene.

Dans ce dernier cas, il n'est recevable que si l'appel principal est lui-même recevable.

Article 264 :

L'appel incident est formé de la même manière que le sont les demandes incidentes.

Article 265 :

Les demandes reconventionnelles sont également recevables en appel.

Sous-paragraphe 4 : L'appel du jugement avant dire droit

Article 266 :

L'appel d'un jugement préparatoire est irrecevable.

Article 267 :

L'appel d'un jugement interlocutoire est interjeté avant le jugement définitif. Il en est de même des jugements qui accordent une provision.

Article 268 :

Lorsqu'il y a appel d'un jugement interlocutoire, si le jugement est infirmé et que la matière est disposée à recevoir une décision définitive, la juridiction d'appel statue, avec le consentement des parties, en même temps sur le fond, définitivement par un seul et même jugement.

A défaut du consentement des parties, la juridiction d'appel renvoie l'affaire devant la juridiction de premier degré.

Sous-section 3 : Des délais

Article 269 :

Le délai d'appel est de trente jours francs s'il n'est autrement disposé.

Pour les jugements contradictoires, il court à dater du lendemain de la signification.

Pour les jugements par défaut, les délais courent du jour où l'opposition n'est plus recevable.

Muri ico gihe, iryo yunguruza ryakirwa iyo urubanza nyamukuru rushobora kwakirwa rwungurujwe.

Ingingo ya 264 :

Iyunguruza ry'imbonerwaho rigirwa nk'uko hashikirizwa ibirego vyaduka urubanza rumaze gutangura ku rugero rwa mbere.

Ingingo ya 265 :

Ibirego bishikirizwa n'uwitwarira uwari yamwitwariye birakirwa na vyo nyene muri sentare y'iyungururizo.

Agace k'agahimba ka 4 : Ukwunguruza urubanza rw'intangamarara

Ingingo ya 266 :

Igihe urubanza nteguza rwungurujwe ntiwakirwa.

Ingingo ya 267 :

Urubanza rw'ukurindira ivyemezo rwunguruzwa urubanza nyamukuru rutaracika burundu. Ni ko kw'uko no ku manza zishinga ko haba haratangwa igice c'amafaranga aburanirwa.

Ingingo ya 268 :

Mu gihe urubanza rw'ukurindira ivyemezo rwungurujwe, iyo rutemejwe uko rwari rwaraciwe kandi bikaboneka ko rushobora gufatirwa ingingo ntabanduka, sentare y'iyungururizo ica igirako ica urwo rubanza, ivyumvikanye n'ababuranyi, mw'ido n'ido, igashinga ingingo ntabanduka mu rubanza rumwe gusa.

Igihe sentare y'iyungururizo itavyumvikanyeko n'ababuranyi, ica isubiza urubanza muri sentare yo ku rugero rwa mbere.

Agahimba k'agace ka 3 : Ibiringo

Ingingo ya 269 :

Ikiringo c'ukwunguruza urubanza ni ic'imisi mirongo itatu iyo bidategekanijwe ukundi.

Ku manza zaciwe ababuranyi bahinyuzanya, ico kiringo gitangura guharurwa kuva umusi ukurikira uwo urubanza rwamenyesherejweko.

Ku manza zaciwe impaga, ibiringo bitangura guharurwa kuva umusi zitaba zigishobora gusubirishwamwo muri sentare yaziciye.

Article 270 :

Le délai d'appel est interrompu par le décès d'une partie. Un nouveau délai commence à courir pour les héritiers à compter de la notification qui est faite à chacun d'eux du jugement à la requête de l'autre partie.

Sous-section 4 : Des formes de l'appel**Article 271 :**

La juridiction d'appel est soumise aux mêmes prescriptions que les juridictions de premier degré pour tout ce qui concerne l'instruction de la cause en audience publique, les débats et le prononcé des jugements.

Paragraphe 1 : L'appel en matière contentieuse**Article 272 :**

L'appel est formé par la partie ou par un fondé de pouvoir spécial par une déclaration écrite reçue et actée par le greffier de la juridiction d'appel.

La date de l'appel est celle de la déclaration au greffe.

Article 273 :

L'appel interjeté hors délais est déclaré irrecevable, même d'office, à moins qu'il ne soit justifié des causes valables ayant empêché l'appel dans les délais.

Paragraphe 2 : L'appel en matière gracieuse**Article 274 :**

L'appel des décisions rendues en matière gracieuse est formé par simple requête.

Ingingo ya 270 :

Ikiringo c'ukwunguruza urubanza gihagarikwa guharurwa igihe umuburanyi umwe apfuye. Ikiringo gishasha gitangura guharurirwa abamutorana kuva umusi umwumwe wese muri bo amenyesherejweko urubanza rwaciwe bisabwe n'uwo baburana.

Agahimba k'agace ka 4 : Uburyo butandukanye bw'ukwunguruza**Ingingo ya 271 :**

Sentare y'iyungururizo yisunga ibitegekanijwe bimwe nk'ibitegekanijwe kuri sentare zo ku rugero rwa mbere kuri ico cose cerekeye itohoza ry'urubanza ruriko ruraburanishwa mu ntahe y'icese, imburano n'isomwa ry'imanza.

Agahimba ka 1 : Ukwunguruza imanza zirimwo amatati**Ingingo ya 272 :**

Ukwunguruza urubanza bigirwa n'umuburanyi canke uwo yabihereye ububasha budasanze biciye mu rwandiko rwakinwa kandi rukemezwa ko rwatanzwe n'umwanditsi w'imanza wa sentare y'iyungururizo.

Igenekerezo urubanza ruba rwungururijweko ni iryashikirijweko urwandiko rw'ukwunguruza mw'iyandikiro ry'imanza.

Ingingo ya 273 :

Urubanza rwungurujwe ikiringo carenze ruca rutangazwa ko rutakinwa, n'aho ata woba arinze kubisaba, kiretse hatanzwe imvo zumvikana zatumye urubanza rutunguruzwa mu kiringo gitegekanijwe.

Agahimba ka 2 : Ukwunguruza imanza ata matati arimwo**Ingingo ya 274 :**

Ukwungururiza ingingo zafashwe mu manza ata matati arimwo bigirwa biciye mu rwandiko rusanzwe rw'ukubisaba.

Article 275 :

L'appel incident est formé par déclaration à l'audience ou dépôt de conclusions écrites régulièrement communiquées en copie aux autres parties.

Paragraphe 3 : L'appel en matière de référé**Article 276 :**

Dans tous les cas d'urgence, le président de la juridiction d'appel peut ordonner toutes les mesures qui ne se heurtent à aucune contestation sérieuse ou que justifie l'existence d'un différend.

Article 277 :

Si l'exécution provisoire n'a pas été prononcée dans le cas où elle est autorisée, la partie intéressée peut la faire ordonner à l'audience avant le jugement de l'appel.

Article 278 :

Si l'exécution provisoire a été ordonnée hors des cas prévus par la loi, l'appelant peut obtenir des défenses à l'audience, sur assignation à bref délai. L'assignation de l'intimé faite dans ces conditions suspend toute procédure d'exécution provisoire.

Les défenses à exécuter sont instruites à la première audience sans que l'appelant produise préalablement l'expédition pour appel. La grosse en tient lieu.

Le juge d'appel se prononce uniquement sur les défenses et renvoie la cause en prosécution à une autre audience dont il fixe la date dans le jugement. Sous peine de déni de justice, le juge d'appel se prononce dans les quinze jours suivant cette audience sur les défenses à exécuter.

Ingingo ya 275 :

Iyunguruzwa ry'imbonerwaho rigirwa biciye mu kubishikiririza mu ntahe canke mu gushikiriza imburano zanditse kandi amakopi yazo akarungikirwa abandi baburanyi nk'uko bitegerejwe.

Agahimba ka 3 : Ukwunguruza imanza z'ivyihutirwa**Ingingo ya 276 :**

Igihe cose hari ivyihuta, umukuru wa sentare yiyungururizo arashobora gushinga ingingo zose ata ntambanyi n'imwe ishemeye yobuza ko zishirwa mu ngiro canke zitumwe n'amatazi aba ahari.

Ingingo ya 277 :

Iyo hatashinzwe ko urubanza rukurikizwa ivy'imfatakibanza kandi vyari vyemewe n'amategeko, umuburanyi abifsemwo inyungu arashobora gusaba mu ntahe ko iyo ngingo ifatwa imbere yuko urubanza rwungurujwe rucibwa.

Ingingo ya 278 :

Iyo hashinzwe ko urubanza rukurikizwa ivy'imfatakibanza bidategekanijwe n'amategeko, uwungurujwe arashobora gushikirizwa mu ntahe imburano z'uwigururijwe, hasohowe umutahe w'ukumurengutsa mu kiringo ca hafi. Ukurengutsa muri ubwo buryo uwungururijwe bica bihagarika uburyo bwose bw'ugukurikiza ivy'imfatakibanza urubanza.

Imburano z'uwigururijwe yiregura ku bijanye n'ukurikizwa ry'urubanza ivy'imfatakibanza zihwezwa mu ntahe ya mbere, uwungurujwe atabanye gushikiriza ikopi yemejwe ko isa n'iy'imvaho y'urubanza rwungurujwe. Ikopi y'urubanza iriko ikidodo cerekana ko urubanza rutegerezwa gukurikizwa irayisubirira.

Umucamanza wa Sentare yiyungururizo afata ingingo yerekeye imburano z'ukwiringura z'uwigururijwe gusa, agashira urwo rubanza ku yindi sango, akongera agashinga igenekerezo intahe izosahirako muri iyo ngingo nyene. Kugira umucamanza wa sentare yiyungururizo

Sous-section 5 : Des effets de l'appel

Paragraphe 1 : L'effet dévolutif

Article 279 :

L'appel remet la chose jugée en question devant la juridiction d'appel pour qu'il soit à nouveau statué en fait et en droit.

Article 280 :

L'appelant ne défère à la juridiction d'appel que la connaissance des chefs de jugement qu'il critique expressément ou implicitement et de ceux qui en dépendent.

La dévolution ne s'opère pour le tout que lorsque l'appel n'est pas limité à certains chefs ou si l'objet du litige est indivisible.

Article 281 :

Il n'est formé, en cause d'appel, aucune nouvelle demande à moins qu'il ne s'agisse de compensation ou que la demande nouvelle ne soit la défense à l'action principale.

Les parties peuvent aussi demander des intérêts, des loyers et d'autres accessoires échus depuis le jugement de première instance et les dommages et intérêts pour le préjudice souffert depuis ledit jugement.

Article 282 :

Les parties ne peuvent invoquer des moyens nouveaux, produire de nouvelles pièces ou proposer de nouvelles preuves pour justifier en appel les prétentions qu'elles avaient soumises au premier juge, à moins de prouver qu'elles n'étaient pas disponibles au premier degré.

ntiyagirizwe ko yananye guca urubanza, afata ingingo mu misi icumi n'itanu intahe ishashe ku vyerekeye imburano z'ukwiregura z'uwungururijwe.

Agahimba k'agace ka 5 : Inkurikizi z'ukwunguruza urubanza

Agahimba ka 1 : Inkurikizi zijanye n'ugushikiriza ivyari mu matati uwabitsindiye

Ingingo ya 279 :

Ukwunguruza urubanza bishira urubanza rwari rwacitse imbere ya sentare y'iyungururizo kugira rusubire kwihwezwa mw'ido n'ido no mu bijanye n'amategeko.

Ingingo ya 280 :

Uwunguruje ashikiriza gusa sentare y'iyungururizo ibikurubikuru mu rubanza rwaciwe anegura bimwe biboneka canke akikiriza hamwe n'ivyo bijanye.

Ivyari mu matati vyose bishikirizwa uwabitsindiye mu gihe urubanza rwungururijwe rutaba rushingiyeye gusa kuri bimwebimwe mu vyari vyerekewe n'amatazi canke mu gihe ico ababuranyi bapfa kitagaburika.

Ingingo ya 281 :

Mu rubanza rwungururijwe nta gishasha gisabwa kitari mu rubanza rwatanguye kiretse iyo ari ugusaba gusubiriza ico amatati yari ashingiyeko ikindi kintu canke iyo igisabwe gishasha gifise intumbero yo kwiregura ku rubanza nyamukuru.

Ababuranyi barashobora kandi gusaba inyungu, amafaranga ava mu gukotesha n'ibindi bijanye bigeze kurihwa kuva urubanza ruciwe ku rugero rwa mbere hamwe n'indishi ku gahombo kabaye kuva urwo rubanza ruciwe.

Ingingo ya 282 :

Ababuranyi ntibashobora gushikiriza imburano nshasha, inzandiko canke ivyemezo bishasha kugira bashigikire ivyo bari bashikirije muri sentare yo ku rugero rwa mbere, kiretse berekanye ko bitashobora kuboneka ico gihe.

Article 283 :

Les parties ne peuvent, sous peine d'irrecevabilité relevée même d'office, soumettre à la juridiction d'appel de nouvelles prétentions si ce n'est que pour faire juger les questions nées de l'intervention d'un tiers, de la survenance ou de la révélation d'un fait.

Article 284 :

La prétention n'est pas nouvelle dès lors qu'elle tend aux mêmes fins que la demande originaire, même si son fondement juridique est différent de celui des prétentions initiales.

Article 285 :

Les parties peuvent également expliciter les prétentions qui étaient virtuellement comprises dans les demandes et défenses soumises au premier juge et ajouter à celles-ci toutes les demandes qui en sont l'accessoire, la conséquence ou le complément.

Paragraphe 2 : L'évocation**Article 286 :**

Lorsque la juridiction d'appel est saisie d'un jugement qui a ordonné une mesure d'instruction, ou d'un jugement qui, statuant sur une exception de procédure, a mis fin à l'instance, elle peut, sur consentement des parties, évoquer l'affaire si elle estime de bonne justice pour y donner une solution définitive.

Toutefois, lorsque la juridiction d'appel est saisie d'un recours contre un jugement qui, statuant sur une fin de non-recevoir, a mis fin à l'instance, elle ne peut évoquer l'affaire que quand le jugement a préjugé du fond ou lorsque les parties y consentent.

Ingingo ya 283 :

Kugira ibisabwa bishasha ntibice bireka kwakirwa ata n'uwurinze kubisaba, ababuranyi bashobora kubishikiriza gusa sentare y'iyungururizo kugira hafatwe gusa ingingo ku bibazo vyaturutse ku vyashikirijwe n'uwundi muntu yinjije mu rubanza, ku kintu gishasha cashitse canke cashizwe ahabona.

Ingingo ya 284 :

Igisabwa n'umuburanyi ntikiba ari gishasha igihe gifise intumbero zimwe n'icari casabwe muri sentare yo ku rugero rwa mbere, n'aho amategako kiba gishingiyeko ataba ari amwe n'ayo ivyari vyasabwe vyari bishingiyeko.

Ingingo ya 285 :

Ababuranyi barashobora kandi gutomora neza ivyo basaba bitari bitomoye neza mu mburano z'ukwitwara no mu mburano z'ukwiregura zashikirijwe sentare yo ku rugero rwa mbere no kwongerako ivyo basaba vyose bijanye n'ivya mbere, vy'inkurikizi canke vyunganira ivya mbere.

Agahimba ka 2 : Ugufatira ku bitihwejwe ku rugero rwa mbere**Ingingo ya 286 :**

Mu gihe sentare y'iyungururizo ishikirijwe urubanza rwari rwashinze ingingo ijanye n'itohoza canke urubanza rurimwo ingingo yerekeye inzitizi isaba ko urubanza rutobandanya, bigatuma rutabandanya, irashobora, ababuranyi bavyumvikanye, gufatira kuri urwo rubanza iyo ibona ko bibereye kugira hatorwe umuti ntabanduka w'ayo matati.

Ariko, mu gihe sentare y'iyungururizo ishikirijwe urubanza rurimwo ingingo yerekeye inzitizi isaba ko urubanza rutokwakirwa, bigatuma rutabandanya, ishobora gusa gufatira kuri urwo rubanza rutabandanije igihe urubanza rwaciwe bisa n'uko rwinjije mw'ido n'ido canke igihe ababuranyi bavyemeye.

Sous-section 6 : De la procédure devant la juridiction d'appel

Article 287 :

La déclaration d'appel est faite par acte contenant, outre les mentions prescrites par l'article 37 de la présente loi, et sous peine d'irrecevabilité :

- 1° l'indication de la décision attaquée ;
- 2° l'indication de la juridiction devant laquelle l'appel est porté ;
- 3° les chefs du jugement expressément critiqués auxquels l'appel est limité, sauf si l'appel tend à l'annulation du jugement ou si l'objet du litige est indivisible.

La déclaration contient l'exposé des moyens.

La déclaration est signée par l'appelant ou son avocat dûment mandaté. Elle est accompagnée d'une copie du jugement. Elle est remise au greffe et vaut demande d'inscription au rôle.

La déclaration vaut conclusions.

Article 288 :

L'appelant remet au greffe de la juridiction, sous peine d'irrecevabilité, une expédition du jugement attaqué à moins qu'il ne soit justifié des causes valables l'ayant empêché de la produire.

L'expédition pour appel est conçue de telle manière qu'elle renseigne sur la procédure suivie, le dispositif des conclusions des parties et le cas échéant, les autres actes de la procédure nécessaires pour déterminer l'objet et les motifs de la demande. L'exploit introductif d'instance y est reproduit intégralement.

Agahimba k'agace ka 6 : Ukwunguruza urubanza imbere ya sentare y'iyungururizo

Ingingo ya 287 :

Ukumenyeshya ko urubanza rwungurujwe bigirwa biciye mu rwandiko, uretse ibitegerezwa gushirwamwo bitegekanijwe mu ngingo ya 37, kandi kugira rushobore kwakirwa, rurimwo ibi bikurikira :

- 1° Ingingo yungururijwe ;
- 2° Sentare urubanza rwungururijwemwo;
- 3° Ibikurubikuru bigize urubanza bitashimishije uwungurujwe vyungururijwe, kiretse iyo ukwunguruza bifise intumbero y'ugusaba ko urubanza rwaciwe rufutwa canke iyo icerekewe n'amataki kitagaburika.

Urwo rwandiko ruba rurimwo imburano zishigikira ivyungururijwe.

Urwandiko rumenyeshya ko urubanza rwungurujwe rushirwako umukono n'uwungurujwe canke umushingwamanza wiwe yatumwe uko bitegerejwe. Ruherekezwa n'ikopi y'urubanza. Rugashikirizwa mw'iyandikiro ry'imanza rya sentare kandi rugafatwa nk'urwandiko rw'ugusaba gushira ku rutonde imanza ziburamishwa.

Urwo rwandiko rufatwa nk'imburano z'uwungurujwe.

Ingingo ya 288 :

Uwungurujwe arashikiriza mw'iyandikiro ry'imanza rya sentare, kugira urubanza rushobore kwakirwa, ikopi y'urubanza yemejwe ko isa n'urubanza rwungurujwe kiretse hari imvo zumvikana zamubujije kuyitanga.

Ikopi y'urubanza yemejwe ko isa n'urubanza rwaciwe ishikirizwa mu kwunguruza itegurwa ku buryo herekanwa ivyakurikijwe, ibigize imburano z'abaturanyi n'iyi bihari, ibindi vyakozwe bikenewe kugira hatomorwe intumbero n'imvo y'ukwunguruza. Ibiri ku rwandiko rw'ugushingisha urubanza vyandikwa vyose.

Article 289 :

L'affaire est mise en état sous le contrôle du juge auquel elle est déferée.

La mise en état au degré d'appel suit les mêmes règles prévues à la section consacrée à la mise en état au premier degré.

Pour produire son rapport, le juge de mise en état dispose d'un délai ne dépassant pas trente jours à compter de la date de l'assignation de l'intimé.

Article 290 :

L'intimé dispose d'un délai de quinze jours à compter de la notification des conclusions de l'appelant pour remettre ses conclusions au greffe et former, le cas échéant, appel incident.

L'intimé à un appel incident dispose, sous peine d'irrecevabilité relevée d'office par ordonnance du président de la chambre saisie ou du juge désigné par le président de la juridiction, d'un délai de quinze jours à compter de la notification de l'appel incident à laquelle est jointe une copie de l'avis de fixation pour remettre ses conclusions au greffe.

Article 291 :

L'intervenant volontaire à l'instance d'appel dispose, sous peine d'irrecevabilité relevée d'office par ordonnance du président de la chambre saisie ou du juge désigné par le président de la juridiction, d'un délai de trente jours à compter de son intervention volontaire à laquelle est jointe une copie de l'avis de fixation pour remettre ses conclusions au greffe.

Ingingo ya 289 :

Urubanza rusuzumwa ko rukwiye ibikenewe kugira rushobore kuburanishwa bicungerewe n'umucamanza wa sentare yarushikirijwe.

Ugusuzuma ko urubanza rukwiye ibisabwa ku rugero rw'iyungururizo bikurikiza ingingo zimwe n'izitegekanijwe mu gace gahariwe isuzuma ry'ibisabwa ku rugero rwa mbere.

Kugira agire icegeranyo, umucamanza ajejwe gusuzuma ko urubanza rukwiye ibikenewe afise ikiringo kitarenza imisi mirongo itatu kuva kw'igenekerezo uwungururijwe aronkeyeko umutahe.

Ingingo ya 290 :

Uwungururijwe afise ikiringo c'imisi icumi n'itanu giharurwa kuva amenyeshajwe imburano z'uwigurujwe kugira na we ashikirize imburano ziwe mw'iyandiko ry'imanza rya sentare kandi, bikenewe, agire iyunguruzwa ry'imbonerwaho.

Uwungururijwe mw'iyunguruzwa ry'imbonerwaho afise, kugira imburano ziwe zishobore kwakirwa biciye mu ngingo y'umukuru w'igisata ca sentare cituwe canke y'umucamanza yagenywe n'umukuru wa sentare avyibwirije we nyene, ikiringo c'imisi icumi n'itanu giharurwa kuva ashikirijwe urwandiko rumenyeshya iyunguruzwa ry'imbonerwaho ruri kumwe n'ikopi y'urwandiko rumenyeshya umusi n'isaha vyashinzwe vy'ukuburanishirizako urwo rubanza kugira ashikirize imburano ziwe mw'iyandikiro ry'imanza rya sentare.

Ingingo ya 291 :

Uwinjijye ku gushaka kwiwe mu rubanza rwungurujwe afise, kugira imburano ziwe zishobore kwakirwa biciye mu ngingo y'umukuru w'igisata ca sentare cituwe canke y'umucamanza yagenywe n'umukuru wa sentare avyibwirije we nyene, ikiringo c'imisi mirongo itatu giharurwa kuva ashikirijwe urwandiko rumenyeshya ko ashaka kwinjira mu rubanza, ruri kumwe n'ikopi y'urwandiko rumenyeshya umusi n'isaha vyashinzwe vy'ukuburanishirizako urwo rubanza kugira ashikirize imburano ziwe mw'iyandikiro ry'imanza rya sentare.

Article 292 :

Les conclusions sont notifiées et les pièces communiquées simultanément par chacune des parties à l'autre partie. En cas de pluralité de demandeurs ou de défendeurs, elles doivent l'être à toutes les parties.

La copie des conclusions est remise au greffe avec la preuve de leur notification.

Les pièces communiquées et déposées au soutien de conclusions irrecevables sont elles-mêmes irrecevables.

L'intervenant volontaire dispose, sous la même sanction, du même délai à compter de son intervention.

Section 4 : De la tierce opposition**Article 293 :**

Une partie peut former tierce opposition à un jugement qui préjudicie à ses droits, et lors duquel, ni elle ni ceux qui la représentent n'ont été appelés.

Article 294 :

La tierce opposition tend à faire rétracter ou réformer un jugement au profit du tiers qui l'attaque.

Elle remet en question, relativement à son auteur, les points jugés qu'elle critique pour qu'il soit à nouveau statué en fait et en droit.

Article 295 :

Tout jugement est susceptible de tierce opposition si la loi n'en dispose autrement.

Ingingo ya 292 :

Umwumwe mu baburanyi amenyeshereza rimwe uwo baburana imburano n'inzandiko ziwe. Mu gihe abitwaye canke abitwariwe ari benshi, izo mburano n'inzandiko bitegerezwa kumenyeshwa ababuranyi bose.

Ikopi y'imburano ishikirizwa mw'iyandikiro ry'imanza rya sentare iri kumwe n'icemeza ko vyamenyeshwe.

Inzandiko zamenyeshwe kandi zigashikirizwa kugira zishigikire imburano zitari bwakirwe, na zo nyene ntizishobora kwakirwa.

Uwinjije mu rubanza avyishakiye afise, kugira ntahabwe ico gihano nyene, ico kiringo nyene giharurwa kuva yinjije mu rubanza.

Agace ka 4 : Ugusubirishamwo urubanza rwaciriwe abandi**Ingingo ya 293 :**

Umuburanyi arashobora gusubirishamwo urubanza rwaciriwe abandi abona ko rumurenganya ku vyo afitiye uburenganzira mu gihe uwo muburanyi canke abamuserukira batarengukijwe.

Ingingo ya 294 :

Ugusubirishamwo urubanza rwaciriwe abandi bifise intumbero y'ugusaba sentare kwivuguruza ku rubanza yaciye canke kuruhindura ku nyungu y'uwurubirishamwo.

Ugusubirishamwo urubanza rwaciriwe abandi bituma hasubira kwihwezwa ingingo zari zafashwe zinegurwa n'uwurubirishamwo kugira rusubire gucibwa hafatiwe kw'ido n'ido ryarwo no ku mategeko.

Ingingo ya 295 :

Urubanza urwo ari rwo rwose rurashobora gusubirishamwo n'uwundi muntu atari mu bari baruciriwe iyo amategeko atabitegekanya ukundi.

Article 296 :

La tierce opposition est portée au tribunal qui a rendu le jugement attaqué dans les soixante jours à dater de la connaissance du jugement.

La décision peut être rendue par les mêmes juges.

Article 297 :

En cas d'indivisibilité à l'égard de plusieurs parties au jugement attaqué, la tierce opposition n'est recevable que si toutes ces parties sont appelées à l'instance.

Article 298 :

Les jugements passés en force de chose jugée portant condamnation à délaisser la possession d'un héritage sont exécutés contre les parties condamnées nonobstant la tierce opposition et sans y préjudicier.

Article 299 :

La tierce opposition n'est pas suspensive à moins que, sur requête d'une partie, le juge saisi de la demande ne suspende l'exécution de la décision.

Article 300 :

La décision qui fait droit à la tierce opposition ne rétracte ou ne réforme le jugement attaqué que sur les chefs préjudiciables au tiers opposant.

Le jugement primitif conserve ses effets entre les parties, même sur les chefs annulés.

Toutefois, la chose jugée sur tierce opposition l'est à l'égard de toutes les parties appelées à l'instance.

Ingingo ya 296 :

Ugusubirishamwo urubanza rwaciriwe abandi bigirwa muri sentare yaruciye mu misi mirongo itandatu iharurwa kuva uwusubirishamwo arumenye.

Urubanza rurashobora gucibwa n'abacamanza bari baruciye ubwa mbere.

Ingingo ya 297 :

Mu gihe ari urubanza rusangiwe n'ababuranyi benshi ariko rudashobora kugaburika rusubirishijwemwo n'uwutari mu baruciriwe, vyemerwa gusa iyo ababuranyi bose barengukishijwe mu ntahe.

Ingingo ya 298 :

Imanza zamaze kuba ntabanduka zishinga igihano c'ukwakwa ububasha ku burage zirakurikizwa ku baburanyi bahawe ico gihano n'aho uwundi muntu atari mu baziciriwe yoba yazisubirishijwemwo ariko ntibibera intambanyi iryo subirishwamwo.

Ingingo ya 299 :

Ugusubirishamwo urubanza bigizwe n'uwutari mu baruciriwe ntibihagarika ishirwa mu ngiro ryarwo kiretse bisabwe n'umwe mu baruburanye, umucamanza yabisabwe ahagaritse ikurikizwa ry'urwo rubanza.

Ingingo ya 300 :

Ingingo itunganiriza uwasubirishijwemwo urubanza rwaciriwe abandi ntivuguruzwa canke ngo isubiremwo urubanza rwaciwe rusubirishijwemwo kiretse ku bikurubikuru bigize urwo rubanza bimurenganya.

Urubanza rwaciwe ubwa mbere rugumana ingaruka ku baruburanye, no ku bikurubikuru bigize urwo rubanza vyagizwe impfagusa.

Ariko, ingingo yafashwe mw'isubirishwamwo ry'urubanza rigizwe n'uwutari mu bari baruciriwe iba yerekeye ababuranyi bose barengukijwe mu ntahe.

**CHAPITRE XI : DES REGLES PARTICULIERES
DE PROCEDURE EN MATIERE
ADMINISTRATIVE**

Article 301 :

La procédure suivie en matière administrative obéit aux mêmes règles que celles décrites dans les titres précédents sous réserve des dispositions du présent chapitre.

Section 1 : Des règles générales

Article 302 :

Aucune action ne peut être portée en justice si elle n'est pas précédée d'un recours gracieux ou hiérarchique ou d'une demande préalable.

La requête n'est recevable que si elle est accompagnée de la décision contestée ou d'un document écrit justifiant de la date du dépôt de la réclamation.

Article 303 :

Le requérant peut opter d'exercer le recours gracieux, le recours hiérarchique ou le recours gracieux et hiérarchique avant l'action en justice.

La demande préalable est exercée en cas de situation de fait dommageable sans décision expresse de l'autorité administrative.

Article 304 :

Le silence gardé par l'autorité administrative pendant trente jours vaut décision implicite de rejet.

Dans ce cas, le demandeur dispose d'un délai de trente jours pour saisir la juridiction à compter du lendemain du dernier jour du délai imparti pour exercer le recours.

**IGICE CA XI : INGINGO ZEREKEYE
IBURANISHWA RY'IMANZA ZEREKEYE RETA
N'IBISATA VYAYO BIMWEBIMWE**

Ingingo ya 301 :

Iburanishwa ry'imanza zerekeye Reta n'ibisata vyayo bimwebimwe ryisunga ingingo zavuzwe mu bigabane bimaze kuvugwa, hatirengagijwe ingingo zitegekaniywe muri iki gice.

Agace ka 1 : Ingingo ngenderwako

Ingingo ya 302 :

Nta rubanza na rumwe rushikirizwa sentare iyo hatabanje gusabwa ko uwafashe ingingo ayihindura canke hakiturwa umutegetsu akurira uwafashe ingingo canke ukubanza gusaba gutunganirizwa.

Urwandiko rw'ukwitura sentare rwakirwa gusa igihe ruba ruri kumwe n'ingingo yitwariwe canke n'urwandiko rwerekana igenekerezo ryatangiyeko ikete ryo gusaba ko ingingo isubirwamwo.

Ingingo ya 303 :

Uwusaba gutunganirizwa ashobora guhitamwo gusaba umutegetsu yafashe ingingo kuyihindura, kwitura umutegetsu akurira uwafashe ingingo canke ivyo vyompi icarimwe imbere y'ukwitura ubutungane.

Ukubanza gusaba gutunganirizwa bigirwa mu gihe uwo vyerekeye aba yagize ico ahomba ata ngingo igaragara yafashwe n'umutegetsu amutwara.

Ingingo ya 304 :

Umutegetsu amutwara ata co yishuye mu kiringo c'imisi mirongo itatu bifatwa ko yanse guhindura ingingo yafashe.

Muri ico gihe, uwusaba gutunganirizwa afise ikiringo c'imisi mirongo itatu c'ukwitura sentare giharurwa kuva ku musu ukurikira umusi wa nyuma w'ikiringo categekaniywe gusubirishamwo ingingo yafashwe.

Lorsque l'autorité administrative a rejeté explicitement le recours, le délai de saisir la juridiction est de trente jours à compter du premier jour suivant la date de notification de la réponse.

Article 305 :

Lorsque l'intéressé opte pour le recours hiérarchique après le recours gracieux, il dispose d'un délai de trente jours pour saisir l'autorité hiérarchique à compter du lendemain du dernier jour du délai imparti pour faire le recours gracieux.

En cas de silence ou d'une décision explicite de rejet de l'autorité hiérarchique, les délais pour saisir la juridiction sont les mêmes que ceux prévus à l'alinéa 3 de l'article 304 de la présente loi.

Article 306 :

Lors du dépôt de sa lettre de recours, le requérant veille à ce que le service concerné lui délivre un accusé de réception.

En cas d'impossibilité d'obtenir l'accusé de réception, le requérant peut prouver par tous moyens les obstacles qui ont entravé le recours.

Dans ce dernier cas, les délais pour saisir la juridiction commencent à courir à compter du jour du constat de l'impossibilité d'obtenir l'accusé de réception.

Article 307 :

Lorsque l'Etat est demandeur, la requête introductive d'instance est signée du Ministre ayant le cas litigieux sous sa responsabilité ou de son délégué.

Lorsqu'il s'agit d'un établissement public ou d'une commune, la requête est signée respectivement par le premier responsable ou par l'administrateur communal et à défaut, par leurs délégués.

Mu gihe umutegetsi amutwara yanse bimwe biboneka gusubiramwo ingingo yafashe, ikiringo co kwitura sentare ni ic'imisi mirongo itatu iharurwa kuva ku musu wa mbere ukurikira igenekerezo inyishu yamenyesherejweko.

Ingingo ya 305 :

Mu gihe uwusaba gutunganirizwa ahisemwo kwitura uwukurira mu kazi uwafashe ingingo amaze gusaba uwayifashe kuyihindura, afise ikiringo c'imisi mirongo itatu co kwitura uwukurira mu kazi uwafashe ingingo giharurwa kuva ku musu ukurikira umusi wanyuma w'ikiringo categekanirijwe ugusaba uwafashe ingingo kuyisubiramwo.

Igihe uwukurira mu kazi uwafashe ingingo ataco yishuye habaye canke yafashe ingingo igaragaza ko yavyanse, ibiringo vyo kwitura sentare ni bimwe n'ibitegekanijwe mu gahimba ka 3 k'ingingo ya 304.

Ingingo ya 306 :

Mu gihe c'ugushikiriza ikete ry'ugusubirishamwo ingingo yari yafashwe, uwubisaba aritwararika ko igisata vyerekeye kimuha icemeza ko cakiriye iryo kete.

Mu gihe uwusaba gutunganirizwa adashobora kuronka icemeza ko ikete ryiwe ryakiriwe, uwusaba gutunganirizwa arashobora kwerekana, abicishije mu buryo ubwo ari bwo bwose, ivyamubujije gusubirishamwo ingingo yafatiwe.

Muri ico gihe, ibiringo vyo kwitura sentare bitangura guharurwa kuva umusi bigaragaye ko icemeza ko ikete ryiwe ryakiriwe bidashoboka ko kiboneka.

Ingingo ya 307 :

Mu gihe Reta ari yo isaba gutunganirizwa, urwandiko rwo gushingisha urubanza rushirwako umukono n'Umushikiranganji icerekewe n'amatati kiri mu vyo ajejwe canke uwo yahaye uburenganzira bwo kumuserukira.

Mu gihe ari ishirahamwe rya Reta urwandiko rw'ugushingisha urubanza rushirwako umukono n'uwurongoye ishirahamwe, mu gihe ari ikomine na ho rushirwako umukono na musitanteri canke abo

Article 308 :

La demande en justice n'est pas suspensive de l'exécution de la décision contestée.

Exceptionnellement, la juridiction administrative saisie au principal d'une requête introductive d'instance régulière peut ordonner à l'administration de surseoir à l'exécution de la décision contestée jusqu'à la solution du litige, lorsqu'il ressort des circonstances de la cause que la requête en sursis à exécution n'est pas dilatoire et que la décision contestée causerait au demandeur un préjudice grave et irréversible.

Toutefois, la cour ne peut, en aucun cas, ordonner qu'il soit sursis à exécution d'une décision intéressant l'ordre public.

Article 309 :

Toute juridiction administrative saisie du litige principal peut, en tout état de l'instance, d'office ou à la demande de l'administration, donner à cette dernière mainlevée du sursis à exécution antérieurement prononcée par elle ou par une juridiction administrative de rang inférieur si l'état de la procédure ou des circonstances nouvelles le justifient.

Les conclusions tendant à obtenir le sursis ou à mettre fin au sursis sont expressément présentées par requête séparée et l'instruction de la demande de sursis est poursuivie d'extrême urgence.

Le sursis à exécution et son éventuelle main-levée sont prononcés par une décision avant-faire droit rendue par le juge unique et sur conclusions des parties. La décision est immédiatement exécutoire

batahari, rugashirwako umukono n'abo bahaye uburenganzira bwo kubaserukira.

Ingingo ya 308 :

Ukwitura ubutungane ntibihagarika ikurikizwa ry'ingingo yitwariwe.

Rimwerimwe, Sentare ica imanza zerekeye Reta n'ibisata vyayo bimwebimwe yituwe ku rubanza nyamukuru mu gushikirizwa urwandiko rw'ugushingisha urubanza rukurikije amategeko, irashobora gutegeka ubutegetsu bwafashe ingingo yitwariwe kubangira kuyishira mu ngiro gushika amatati ayerekeye atorewe umuti, mu gihe, bivanye n'uko urubanza rumeze, ugusaba kubangira gushira mu ngiro ingingo yafashwe atari uburyo bw'ukudindiza urubanza kandi ko ingingo yitwariwe yotuma uwitwaye agira agahombo gakomeye cane ubutagisubirizwa.

Ariko, nta na rimwe sentare ishobora gutegeka ko ingingo yerekeye umutekano w'igihugu ibangira gushirwa mu ngiro.

Ingingo ya 309 :

Sentare iyo ari yo yose ica imanza zerekeye Reta n'ibisata vyayo bimwebimwe yituwe ku rubanza nyamukuru irashobora, aho urubanza ruba rugeze hose, ivyibwirije canke bisabwe n'igisata c'intworo cafashe ingingo, kugiha uruhusha rwo gushira mu ngiro iyo ingingo iyo sentare canke sentare yo ku rugero ruri musu yayo yari yategetse ko ibangira gushirwa mu ngiro iyo, uko urubanza ruba ruriko ruragenda canke hashitse ibintu bishasha bituma iyo ingingo ifatwa.

Imburano zisaba ko habangirwa gushira mu ngiro ingingo canke izisaba ko iyo ingingo ifutwa zishikirizwa mu rwandiko rw'ukubisaba rwerekeye ico conyene gusa kandi bica vyihwezwa mu buryo bw'ivyihutirwa cane.

Ukubangira gushira mu ngiro ingingo yafashwe n'ugutanga uruhusha rw'ugushira mu ngiro ingingo yari yabangiriweko bicishwa mu ngingo y'intangamarara ifatwa n'umucamanza umwe



nonobstant toute voie de recours.

Article 310 :

La légalité des actes administratifs ne constitue jamais une question préjudicielle de sorte que les juridictions saisies d'une exception d'illégalité au cours d'une instance ont compétence pour apprécier et interpréter la légalité des actes administratifs versés aux débats.

Les juridictions saisies ne peuvent, cependant, annuler un acte administratif illégal ou s'opposer à son exécution. Elles se bornent à constater son illégalité et par voie de conséquence, à écarter son application dans le litige qui leur est soumis.

Section 2 : Des règles spéciales relatives aux recours en annulation

Article 311 :

Le recours en annulation est recevable contre toute décision réglementaire ou individuelle émanant d'une autorité administrative.

Article 312 :

Le recours en annulation n'est pas recevable si les requérants disposent, pour faire valoir leurs droits, du recours ordinaire de pleine juridiction ou de toute autre voie de recours spécialement prévue par la législation ou la réglementation en vigueur.

Le recours administratif en annulation est intenté dans un délai de trente jours.

Le délai court, pour les décisions réglementaires, du jour de leur publication et du jour de leur notification, pour les décisions individuelles.

rudende kandi hafatiwe ku mburano zashikirijwe n'ababuranyi. Iyo ngingo ica ikurikizwa ubwo nyene n'aho yoba yungururijwe mu buryo ubwo ari bwo bwose.

Ingingo ya 310 :

Ukuba ingingo zafashwe n'abategetsi canke abakoresha zarisunze amategeko ntivyigera biba ikibazo gitegerezwa gutangurirwako ku buryo sentare zatuye ikibazo c'uko amategeko atakurikijwe mw'itohoza ry'urubanza zifise ububasha bwo kwihweza no kuvuga ko inzandiko zatanzwe n'abategetsi canke abakoresha zashizwe mu mburano.

Ariko rero, izo sentare ntizishobora gufuta ingingo y'umutegetsi idacye mu mategeko canke ngo zanke ishirwa mu ngiro ryayo. Izo sentare zimenyeshya gusa ko iyo ngingo icye kubiri n'amategeko maze ntiziyisunge mu urubanza zashikirijwe.

Agace ka 2 : Ivyerekeye ingingo zijanye n'ugusaba ko ingingo zafashwe zifutwa

Ingingo ya 311 :

Ugusaba ko ingingo yafashwe ifutwa birakirwa ku ngingo yose yafashwe n'umutegetsi wo mu ntwaro yaba iyerekeye bose canke iyerekeye umuntu umwumwe.

Ingingo ya 312 :

Ugusaba ko ingingo yafashwe ifutwa ntivyakirwa iyo abasaba gutunganirizwa, kugira baharanire uburenganzira bwabo, bitwaye mu buryo busanzwe bw'ugusubirishamwo ingingo muri sentare canke mu bundi buryo bwose bukoreshwa mu gusubirishamwo ingingo yafashwe butegekanijwe n'amabwirizwa canke n'amategeko asanzwe akurikizwa.

Ugusaba ko ingingo yafashwe n'umutegetsi w'igisata ifutwa bigirwa mu kiringo c'imisi mirongo itatu.

Ico kiringo gitangura guharurwa, ku ngingo zifatwa hisunzwe amategeko, kuva ku musu zitangarijweko no kuva ku musu zimenyesherejweko, ku ngingo umutegetsi yafatiye umwumwe.

A défaut de la publication ou de la notification, le délai court dès la connaissance de la décision contestée.

Article 313 :

Le silence gardé pendant trente jours sur une réclamation par l'autorité administrative compétente vaut décision de rejet.

En ce cas, le délai de recours hiérarchique qui doit être exercé dans un délai de trente jours commence à courir à l'expiration de la période prévue à l'alinéa précédent sans préjudice des textes législatifs prévoyant d'autres délais dont peut se prévaloir le requérant ou l'administration.

En cas de rejet explicite de la réclamation, le délai court du jour de la notification de la décision de rejet.

Article 314 :

Le recours judiciaire en annulation est intenté dans un délai de trente jours à compter de la notification expresse du rejet ou de l'expiration de la période de trente jours en cas de rejet implicite.

Article 315 :

Sur demande expresse du requérant, la juridiction compétente peut, exceptionnellement, ordonner le sursis à l'exécution de la décision attaquée si les moyens invoqués paraissent sérieux et si le préjudice encouru par le requérant est irréparable.

Article 316 :

La juridiction compétente annule l'acte attaqué pour la totalité ou pour partie si elle estime le recours fondé.

Elle ne peut en aucun cas le modifier ou le remplacer.

Article 317 :

L'arrêt d'annulation a effet à l'égard de tous.

Mu gihe izo ngingo zidatangajwe canke zitamenyeshejwe, ico kiringo gitangura guharurwa kuva ingingo yitwariwe imenyekanye.

Ingingo ya 313 :

Umutegezi w'igisata abifitiye ububasha ata co yishuye mu kiringo c'imisi mirongo itatu bifatwa ko yanse ivyasabwe.

Muri ico gihe, ikiringo c'ukwitura uwutwara umutegezi yafashe ingingo bitegerezwa kugirwa mu misi mirongo itatu gitangura guharurwa kuva ikiringo gitegekanijwe mu gahimba gahejeje kuvugwa kirangiye hatirengagijwe amategeko ategakanya ibindi biringo uwusaba gutunganirizwa canke uburongozi bw'igisata bushobora gukurikiza.

Mu gihe bigaragaye ko umutegezi yanse ivyasabwe, ico kiringo gitangura guharurwa kuva umusi hamenyesherejweko ingingo y'ukuvyanka.

Ingingo ya 314 :

Ukwitura sentare kugira ingingo yafashwe ifutwe bigirwa mu kiringo c'imisi mirongo itatu giharurwa kuva uwayifatiye amenyeshejwe biciye mu rwandiko ko ivyo yasavye bitemewe canke kuva ikiringo c'imisi mirongo itatu kirangiye mu gihe bitemewe mu buryo butagaragara.

Ingingo ya 315 :

Bisabwe n'uwusaba gutunganirizwa abicishije mu rwandiko, sentare ibifitiye ububasha irashobora, rimwerimwe, gushinga ko ingingo yitwariwe ibangirwako gukurikizwa iyo ivyo imburano ziwe zishingiyeko biboneka ko bifise ishingiro kandi iyo agahombo uwusaba gutunganirizwa ashobora kugira ari ntasubirizwa.

Ingingo ya 316 :

Sentare ibifitiye ububasha irafuta ingingo yitwariwe yose canke bimwebimwe mu biyigize iyo ibonye ko ivyasabwe bifise ishingiro.

Nta na rimwe ishobora kuyihindura canke ngo iyisubirize iyindi.

Ingingo ya 317 :

Ingingo ya sentare ifuta ingingo yafashwe iba yerekeye ababuranyi bose.

Article 318 :

Si l'acte annulé avait été publié au Bulletin Officiel du Burundi ou dans un autre journal officiel, l'arrêt d'annulation fait l'objet de la même publication s'il est passé en force de chose jugée.

Section 3 : De l'instruction préalable de la requête**Article 319 :**

La procédure d'instruction est écrite et inquisitoriale.

Article 320 :

Les attributions du Ministère public près les cours administratives sont remplies par les magistrats du parquet général près les cours d'appel.

Article 321 :

Immédiatement après l'enregistrement de la requête au greffe, le président de la juridiction désigne un juge chargé de suivre la procédure, dénommé juge de mise en état.

Le responsable administratif, auteur de la décision ou de l'acte attaqué est cité en intervention forcée.

Article 322 :

Sous réserve des dispositions des articles 323 à 325 de la présente loi, la procédure de mise en état en matière administrative obéit aux mêmes règles que celles prévues aux articles 50 à 59 de la présente loi.

En matière administrative, une procédure de conciliation préalable est obligatoire devant le juge de mise en état. Le responsable administratif, auteur de la décision ou de l'acte attaqué, doit être appelé.

Ingingo ya 318 :

Iyo ingingo yafuswe yari yamaze gutangazwa mu Kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi canke mu kindi kinyamakuru ca Reta, ingingo ya sentare ifuta iyo ngingo iratangazwa na yo nyene muri ico Kinyamakuru igihe yabaye ntabanduka.

Agace ka 3 : Ivyerekeye ukubanza gutohoza ku vyasabwe**Ingingo ya 319 :**

Ibijanye n'itohoza birandikwa kandi bikagirwa mw'ibanga ata guhinyuzanya.

Ingingo ya 320 :

Ibikorwa vy'abashikirizamanza bakukira sentare zica imanza zerekeye Reta n'ibisata vyayo bimwebimwe birangurwa n'abacamanza ba paraki nkuru zikukira sentare nkuru zisubiramwo.

Ingingo ya 321 :

Ubwonyene urwandiko rw'ugushingisha urubanza rugihejeje guhabwa inomeru mw'iyandikiro ry'imanza, umukuru wa sentare aca agena umucamanza akurikirana ibijanye n'urwo rubanza, yitwa umucamanza ajejwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa.

Uwujwe intwari, ari we nkomoko y'ingingo canke y'icitwariwe ararengutswa mu rubanza.

Ingingo ya 322 :

Hatirengagijwe ibitegekaniye mu ngingo ziva ku ya 323 gushika ku ya 325, ukwihweza ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa mu manza zerekeye Reta n'ibisata vyayo bimwebimwe na vyo nyene vyisunga ibikurikizwa bitegekaniye mu ngingo ziva ku ya 50 gushika ku ya 59.

Mu bijanye n'imanza zerekeye Reta n'ibisata vyayo bimwebimwe, urubanza rwo kubanza kwumvikanisha rutegerezwa kubera imbere y'umucamanza ajejwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye. Uwuserukira Reta yafashe ingingo canke yatanze urwandiko rwitwariwe ategerezwa guhamagazwa.

En cas de conciliation et d'exécution totale ou partielle, le juge de mise en état transmet le dossier au président de la juridiction pour fixer l'affaire en audience.

Article 323 :

Lorsqu'il apparaît que la requête est manifestement irrecevable, le juge de mise en état en avise le président de la juridiction qui, à son tour, peut décider qu'il n'y a pas lieu à instruction et fixer l'affaire en audience.

Article 324 :

En cas de non conciliation et après la procédure de mise en état, le président de la juridiction transmet le dossier au Ministère public pour qu'il donne son avis écrit. Sous peine de déni de justice, le Ministère public dispose d'un délai de trente jours pour donner son avis.

Le président de la juridiction fixe ensuite l'affaire pour l'audience publique. Sous peine de déni de justice, la décision est rendue dans les trente jours qui suivent la clôture des débats à une date annoncée aux parties à l'avance.

Article 325 :

En cas de requête en sursis à exécution, le juge de mise en état traite le dossier avec célérité.

Lorsqu'il estime que les éléments nécessaires pour se prononcer sur le sursis sont réunis, il transmet le dossier au président de la juridiction qui, à son tour, fixe le dossier en audience publique pour décision.

Mu gihe habaye ukwumvikana no gushira mu ngiro urubanza nwose canke igice carwo, umucamanza ajejwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye arashikiriza idosiye umukuru wa sentare kugira ashingwe isango intahe izosasirako.

Ingingo ya 323 :

Mu gihe bigaragara ko urubanza rudashobora kwakirwa, umucamanza ajejwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa aca abimenyesha umukuru wa sentare, uwo na we, agashobora gufata ingingo ko atatohoza rizobanza kugirwa, agaca ashinga ko rutazoburanishwa.

Ingingo ya 324 :

Mu gihe ata kwumvikana kwahabaye kandi hamaze gusuzumwa ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa, umukuru wa sentare ararungikira idosiye umushikirizamanza kugira atange icyumviro ciwe candidse. Kugira ntibifatwe ko ari ukunana guca urubanza, umushikirizamanza afise ikiringo c'imisi mirongo itatu kugira agire ico ashikirije.

Umukuru wa Sentare aca ashira urubanza mu ntahe y'icese. Kugira ntibafatwe ko abacamanza bananye guca urubanza, rutegerezwa gucibwa mu misi mirongo itatu ikurikira isozerwa ry'imburano, kw'igenekerezo riba ryamenyeshejwe ababuranyi imbere y'igihe.

Ingingo ya 325 :

Mu gihe ari urubanza rw'ugusaba kubangira gukurikiza ingingo yafashwe, umucamanza ajejwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa aca yihweza iyo dosiye mu buryo bw'ivyihutirwa.

Mu gihe abona ko ibikenewe vyose bikwiye kugira sentare ishobore gushinga ingingo ijanye n'ukubangira gushira mu ngiro ingingo yafashwe, aca arungikira iyo dosiye umukuru wa sentare, uwo na we agaca ashinga igenekerezo izokwihwerezwako mu ntahe y'icese kugira hafatwe ingingo.

Après le jugement sur sursis, le dossier retourne chez le juge de mise en état pour la finalisation de la procédure.

Section 4 : De l'audience

Article 326 :

A l'audience publique, les parties peuvent présenter des observations orales à l'appui de leurs conclusions écrites.

Article 327 :

La juridiction peut entendre tout agent de l'administration ou toute autre personne afin de recueillir les explications utiles pour la bonne instruction du dossier.

Section 5: Des arrêts rendus en matière administrative

Article 328 :

Tous les arrêts rendus en matière administrative sont prononcés en audience publique. Ils sont rendus par le même juge qui a pris part à l'instruction en audience publique le jour de la prise en délibéré de l'affaire. A défaut, il est procédé à la réouverture des débats.

Article 329 :

Les arrêts rendus en matière administrative ne peuvent faire l'objet d'une exécution forcée sur les biens meubles ou immeubles de l'Etat, des administrations personnalisées de l'Etat, des communes et des établissements publics à caractère administratif.

Sans préjudice du recours aux dispositions de l'alinéa précédent, l'agent de ces entités qui fait obstruction à l'exécution volontaire, sans motif légitime, s'expose à des sanctions administratives ou pécuniaires par voie d'astreinte que le juge d'exécution fixe à la requête de la partie poursuivante.

Ingingo ya sentare y'ukubangira gukurikiza ingingo yafashwe imaze gufatwa, iyo dosiye ica isubizwa umucamanza ajejwe gusuzuma ko ibikenewe bikwiye kugira urubanza rushobore kuburanishwa kugira aheraheze ibijanye n'iyi dosiye.

Agace ka 4 : Ivyerekeye intahe

Ingingo ya 326 :

Mu ntahe y'icese, ababuranyi barashobora gushikiriza ku munwa ivyiyumviro vyabo bishigikira imburano zabo zanditse.

Ingingo ya 327 :

Sentare irashobora kwumviriza umukozi wese w'igisata cefashe ingingo yitwariwe canke uwundi muntu wese kugira itororokanye insiguro zikenewe kugira itofoza ry'urubanza rigende neza.

Agace ka 5 : Imanza zicibwa na sentare zica imanza zerekeye Reta n'ibisata vyayo bimwebimwe

Ingingo ya 328 :

Imanza zose zicibwa na sentare zica imanza zerekeye Reta n'ibisata vyayo bimwebimwe zisomerwa mu ntahe y'icese. Zisomwa n'umucamanza yaziburanishije mu ntahe y'icese umusi zashirwa mu mwiherero. Atahabaye, urubanza rusubizwa mu ntahe y'icese.

Ingingo ya 329 :

Imanza zaciwe na sentare ica imanza zerekeye Reta n'ibisata vyayo bimwebimwe ntizishobora gukurikizwa ku nguvu ku matungo yimuka canke ayatimuka ya Reta, ay'amashirahamwe ya Reta yitunganiriza intwari n'ikigega, ay'amakomine n'ay'ibigo vya Reta bidafise intumbero y'ubudandaji.

Hatirengagijwe ko hashobora kwisungwa ibitegekanyijwe mu gahimba ka 1 k'iyi ngingo, umukozi w'ayo mashirahamwe abereye intambanyi ikurikizwa ry'urubanza rikorwa ata gahato, ata mvo yemewe n'amategeko, ashobora guhabwa ibihano bijanye n'amakosa y'akazi canke vy'ugutangishwa ihadabu n'ibijanye uko imisi ihera biciye ku ngingo umucamanza ashingira abisabwe n'uwitwaye.

Article 330 :

En cas de condamnation d'un mandataire ou d'un préposé de l'Etat, de ses démembrements ou de la commune au paiement des dommages-intérêts à la suite d'une faute professionnelle directement rattachable à sa fonction, l'exécution porte d'abord sur les biens de l'agent fautif.

Lorsque les biens du mandataire ou du préposé sont insuffisants pour réparer intégralement le préjudice par lui causé, l'Etat, ses démembrements ou la commune en paie la somme restant due.

Le mandataire ou le préposé reste redevable de tout le montant payé par l'Etat, ses démembrements ou la commune sans qu'il soit nécessaire de saisir la juridiction si ce n'est que pour le recouvrement.

CHAPITRE XII : DES FRAIS DE JUSTICE**Article 331 :**

Avant l'inscription de la cause au rôle, le demandeur, autre que l'Etat ou la commune, doit consigner entre les mains du greffier la somme présumée nécessaire au paiement des frais.

Article 332 :

La cause ne peut être inscrite au rôle tant que la consignation prescrite n'est pas opérée. L'inscription est rayée si le complément de consignation exigé ultérieurement n'est pas opéré. Toute administration publique est dispensée de la consignation. Il en est de même des personnes publiques fonctionnant au moyen des subsides de l'Etat.

Ingingo ya 330 :

Mu gihe, bivuye kw'ikosa rifatanye n'akazi k'icariho canke k'intumwa ya Reta, hamaze gukorwa ibikurikizwa mu kazi canke mu rubanza rw'amatati, Reta, ibisata vyayo canke ikomine bigahanishwa gutanga inshumbusho ku gahombo katurutse kuri iryo kosa, bitegerezwa gushira mu ngiro ico gihano hakikorwa ku matungo yavyo canke hagatangwa ico bihuye.

Iyo ico cariho canke intumwa badafise ibikwiye kugira basubize amafaranga yose Reta yarishe biturutse kumakosa yabo, Reta, ibisata vyayo canke ikomine birariha ayasigaye.

Icariho ca Reta canke intumwa baguma bishuzwa amafaranga yose yarishwe na Reta, ibisata vyayo canke ikomine sentare itarinze guca urubanza kiretse ibijanye no kurihishwa.

IGICE CA XII : IVYEREKEYE AMAGARAMA**Ingingo ya 331 :**

Imbere y'uko urubanza rwashingishijwe rushirwa ku rutonde rw'izoburanishwa, uwitwaye, atari Reta canke ikomine, ategerezwa gushikiriza umwanditsi w'imanza amafaranga afatwa ko ashobora gukwira mu kuriha amafaranga ajanye n'urubanza.

Ingingo ya 332 :

Urubanza rwashingishijwe ntirushirwa ku rutonde rw'izoburanishwa mu gihe amafaranga yo gushingisha ategerejwe aba ataratangwa. Urubanza rwamaze gushirwa ku rutonde rw'izoburanishwa rurakurwa kuri urwo rutonde iyo amafaranga y'ugushingisha urubanza yasabwe kwongerwako mu nyuma atanzwe. Igisata cose ca Reta ntirutanga amafaranga y'ugushingisha. Ni co kimwe n'amashirahamwe ya Reta akoresha uburyo ahamwa na Reta.

Article 333 :

Toute partie qui succombe est condamnée aux dépens, sauf au tribunal à laisser la totalité ou une fraction des dépens à la charge d'une autre partie par décision spéciale et motivée.

Les dépens sont des frais engendrés par le procès que la partie gagnante peut se faire rembourser par la partie perdante à moins que le tribunal n'en décide autrement.

Ils comprennent les frais de procédure, la taxe des témoins, la rémunération des experts et autres frais entraînés par le procès.

Les dépens peuvent néanmoins être compensés en tout ou partie entre conjoints, ascendant, frères et sœurs ou alliés au même degré. Les juges peuvent aussi compenser en tout ou partie les dépens si les parties succombent respectivement sur quelques chefs.

Article 334 :

L'état des frais dressé par le greffier conformément aux articles 333 et 337 de la présente loi est vérifié et visé par le juge du tribunal du premier degré pour les frais faits à ce degré, par le président de la juridiction d'appel pour les frais faits au degré d'appel, par le président de la Cour suprême, pour les frais faits devant ses chambres. Cette tâche peut être déléguée à un juge ou conseiller.

Article 335 :

Le greffier rembourse les frais sur les sommes consignées, sauf à en poursuivre le recouvrement contre la partie condamnée aux frais.

Ingingo ya 333 :

Umuburanyi wese atsinzwe ni we atanga amafaranga y'urubanza asubizwa, kiretse sentare ishinze ko ayo mafaranga yose canke igice cayo aharurwa ku watsinze biciye mu ngingo idasanzwe itangirwa imvo.

Amafaranga y'urubanza asubizwa ni amafaranga yakoreshejwe mu rubanza uwarutsinze ashobora gusubizwa n'uwatsinzwe kiretse sentare ibishinze ukundi.

Agizwe n'amafaranga ajanye n'ivyakozwe mu rubanza, amafaranga arihirwa amasura, impembo y'abahinga n'ayandi mafaranga yose yasohowe biturutse kuri urwo rubanza.


Amafaranga yose y'urubanza asubizwa canke igice cayo ashobora kugabanganywa hagati y'abubakanye, uwo umuburanyi yatsinzwe akomokako, abahungu n'abakobwa bavukana n'uwatsinzwe canke abo bafitaniye ubucuti buturutse ku guhana abageni bo ku rugero rumwe. Abacamanza barashobora kandi kugabanganiriza amafaranga yose y'urubanza asubizwa canke igice cayo ababuranyi iyo batsindaguranye kuri bimwebimwe mu bikurubikuru bigize urubanza.

Ingingo ya 334 :

Uko amafaranga ajanye n'urubanza yaharuwe n'umwanditsi w'imanza hisunzwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 333 n'ya 337 angana bihinyuzwa kandi bikemezwa n'umucamanza wa sentare yo ku rugero rwa mbere ku mafaranga yakoreshejwe kuri urwo rugero, bikagirwa n'umukuru wa sentare y'iyungururizo ku mafaranga yakoreshejwe ku rugero rwa sentare y'iyungururizo, bikagirwa n'Umukuru wa Sentare ntahinyuzwa, ku mafaranga yakoreshejwe mu bisata vy'iyoye sentare. Ico gikorwa kirashobora gushingwa umucamanza wo muri izo sentare.

Ingingo ya 335 :

Umwanditsi w'imanza arasubiza amafaranga arenga ku yakoreshejwe asigara ku yatanzwe mu gushingisha urubanza hatirengagijwe ko uwaciriwe kuriha amagarama ayishuzwa.



Article 336 :

Les indigents sont dispensés de la consignation des frais. L'indigence est constatée par le président du tribunal devant lequel l'action est introduite. A l'appui de sa requête, l'indigent produit une attestation de l'administrateur communal indiquant que l'intéressé n'a pas de revenus suffisants pour couvrir la provision des frais de justice. A partir de ce moment, tous les actes lui seront délivrés en débet. Mention de la délivrance en débet y sera portée.

Article 337 :

Les frais sont tarifés par ordonnance conjointe du Ministre de la justice et celui des finances.

Les frais de transport et de séjour des témoins sont fixés par le juge. Les frais des témoins venus de l'étranger sont fixés par le juge au vu des justifications produites et des circonstances.

Les frais des experts sont fixés par le juge selon les circonstances de la cause lorsqu'il n'y a pas de tarif.

Article 338 :

Les frais arrêtés par le juge sont susceptibles d'opposition devant le président de la juridiction dont fait partie le juge taxateur.

Article 339 :

Les ordonnances rendues sur opposition sont susceptibles d'appel devant la juridiction compétente pour connaître des appels de la juridiction que préside le magistrat ayant rendu l'ordonnance attaquée.

Cet appel est soumis à la procédure ordinaire.

Ingingo ya 336 :

Bantahonikora nta mafaranga yo gushingisha urubanza barihishwa. Ukuba ntahonikora vyemezwa n'umukuru wa sentare ishingishijwemwo urubanza. Hamwe n'urwandiko rw'ugushingisha urubanza, ntahonikora arashikiriza ivyemezo vyerekana ko adafise uburyo bukwiye bw'ukuriha amagarama nk'urwandiko rwemeza ko umuntu ari ntahonikora rutangwa na musitanteri. Kuva kuri uyo mwanya, inzandiko zose zihabwa ntahonikora azironswa ku mwenda. Harandikwako ko zitanzwe ku mwenda.

Ingingo ya 337 :

Amagarama ashingwa n'itegeko rishirwako umukono n'Umushikiranganji ajejwe ubutungane hamwe n'Umushikiranganji ajejwe Ikigega ca Reta.

Amafaranga y'ukwunguruza amasura n'ay'ukuyacumbikira ashingwa n'umucamanza. Amafaranga arihirwa amasura ava mu bindi bihugu ashingwa n'umucamanza abonye ivyemezo bishikirijwe n'ivyatumye arihwa.

Amafaranga ahembwa abahinga ashingwa n'umucamanza bivanye n'uko urubanza rumeze igihe ata giciro gisanzwe gitegekanijwe.

Ingingo ya 338 :

Ibicio vyashinzwe n'umucamanza birashobora gusubirishwamwo imbere y'umukuru wa sentare uwo mucamanza nyene gushinga arimwo.

Ingingo ya 339 :

Ingingo umucamanza yafashe biturutse ku gusubirishamwo urubanza, umuntu arashobora kuzungururiza muri sentare ibifitiye ububasha kugira yakirire izo ngingo zungururijwe ziva muri sentare uwo mucamanza yafashe izo ngingo zitwariwe akukira.

Uko kunguruza gukurikiza ingendo isanzwe.

TITRE II : DES VOIES D'EXECUTION

CHAPITRE I : DES DISPOSITIONS GENERALES

Article 340 :

Les décisions de justice sont exécutoires sur tout le territoire de la République du Burundi.

Article 341 :

Sauf conventions diplomatiques contraires, les décisions de justice rendues par les juridictions étrangères ne sont susceptibles d'exécution sur le territoire de la République du Burundi qu'après avoir été déclarées exécutoires par une juridiction compétente du Burundi.

Article 342 :

A défaut d'exécution volontaire, tout créancier peut, quelle que soit la nature de sa créance, dans les conditions prévues par le présent titre, faire contraindre son débiteur défaillant à exécuter ses obligations à son égard ou pratiquer une mesure conservatoire pour assurer la sauvegarde de ses droits.

Article 343 :

A défaut de paiement de la dette garantie, le créancier peut poursuivre la vente du bien gagé ou hypothéqué. Cette vente a lieu selon les modalités prévues par le présent Code sans que la convention de gage ou d'hypothèque puisse y déroger.

Article 344 :

Nul jugement, nul acte ne peut être mis à exécution s'il n'est revêtu de la formule exécutoire comportant deux parties :

La première au premier feuillet, et la seconde au dernier feuillet et ainsi libellées :

- Au premier feuillet :

« République du Burundi,
« Au nom du peuple burundais.

IKIGABANE CA II : INGENE IMANZA ZIKURIKIZWA

IGICE CA I : INGINGO NGENDERWAKO

Ingingo ya 340 :

Ingingo z'ubutungane zikurikizwa mu gihugu cose c'Uburundi.

Ingingo ya 341 :

Kiretse hari amasezerano yerekeye imigenderanire hagati y'ibihugu abitegekanya ukundi, ingingo zafashwe na sentare zo mu bindi bihugu ntizishobora gushirwa mu ngiro mu Burundi kiretse zimaze kwemezwa na sentare ibifitiye ububasha yo mu Burundi ko zitegerezwa gukurikizwa.

Ingingo ya 342 :

Uwuharanye atishuye ku gushaka, uwo aheraniye wese arashobora, uko umwenda wiwe uba uri kwose, hisunzwe ibitegekanijwe n'iki kigabane, kumuhatira kuriha amafaranga amuharaniye canke gukoresha ingingo y'ugukinga kugira uburenganzira bwiwe bwubahirizwe.

Ingingo ya 343 :

Mu gihe umwenda watangiwe ingwati utarishwe, uwuharaniye arashobora kubandanya igurishwa ry'ingwati y'icimuka canke ikitimuka cagwaturijwe. Iryo gurishwa rigirwa hisunzwe ibitegekanijwe n'iki Gitabu ariko amasezerano y'ingwati ku cimuka canke ku kitimuka atirengagijwe.

Ingingo ya 344 :

Nta rubanza na rumwe, nta ingingo n'imwe ishobora gushirwa mu ngiro iyo itariko icerekana ko itegerezwa gukurikizwa kigizwen'ibice bibiri :

Igice ca mbere gushirwa ku rupapuro rwa mbere, ica kabiri kigashirwa ku rupapuro rwa nyuma kandi bikavuga gutya :

- Ku rupapuro rwa mbere :

« Repuburika y'Uburundi,
« Kw'izina ry'abarundi.

(a) pour les arrêts, jugements et ordonnances :

« la Cour de ... ou le tribunal de... Ou le président de..., a rendu l'arrêt, le jugement ou l'ordonnance suivants :
.....»

(b) pour les mandats et autres actes exécutoires :

«... (Désignation de l'autorité compétente) a dressé le mandat de ... ou l'acte suivant :

.....
.....
.....
.....
.....»;

- Au dernier feuillet :

« En conséquence, le Président de la République mande et ordonne à tous les juges et les huissiers à ce requis de mettre ledit jugement, arrêt, mandat ou acte ou ladite ordonnance à exécution ;

« Aux Procureurs généraux et aux Procureurs de la République d'y tenir la main, et à tout commandant et officier de la force publique d'y prêter main-forte lorsqu'ils en seront légalement requis ;

« En foi de quoi, le présent arrêt (jugement, mandat ou acte) ou la présente ordonnance a été signé (e) et scellé (e) par... ».

L'exploit comportant la formule exécutoire porte le nom de grosse. Il indique le nombre de feuillets utilisés et le montant des frais de justice.

Article 345 :

La remise de la grosse du jugement ou de l'acte à l'huissier de justice lui donne le pouvoir pour toute exécution pour laquelle il n'est pas exigé de pouvoir spécial.

(a) ku vyerekeye imanza zaciwe hamwe n'ingingo za sentare :

«Sentare ya... canke Umukuru wa sentare ya ..., yacyiye urubanza canke yafashe ingingo ikurikira : ...»

(b) ku vyerekeye imitahe n'izindi nzandiko za sentare zirekura ko ingingo zikurikizwa :

«... (Izina ry'umukuru abifitiye ububasha) yatanze umutahe wo ... canke urwandiko rukurikira:

.....
.....
.....
.....» ;

- Ku rupapuro rwa nyuma :

«Kubera ivyo, Umukuru w'igihugu asavye kandi ategetse abacamanza n'abamenyeshamanza bose babisabwe, gukurikiza urubanza, ingingo, umutahe canke urwandiko canke iyo ngingo;

«Ku Bashikirizamanza bakuru n'Abashikirizamanza ba Repuburika, basabwe kuvyikurikiranira, uwutwara abajejwe umutekano wese n'inyamiramabi yose basabwe kubifashamwo igihe cose bazoba babisabwe hisunzwe amategeko ;

«Kubera ivyo, iyi ngingo ya sentare (urubanza, umutahe canke urwandiko) canke iyi ngingo yashizweko umukono hamwe n'ikidodo na ...».

Ikopi y'urubanza iriko icerekana ko rutegerezwa gukurikizwa yitwa ikopi y'urubanza rutegerezwa gukurikizwa. Irerekana igitigiri c'impapuro zakoreshejwe hamwe n'igitigiri c'amafaranga y'amagarama arihwa.

Ingingo ya 345 :

Ugushikiriza ikopi iriko ikidodo cerekana ko urubanza rwaciwe canke urwandiko rw'umumenyeshamanza rutegerezwa gukurikizwa bitanga ububasha bw'ukurukurikiza mu buryo ubwo ari bwo bwose budasaba ubundi bubasha budasanzwe.

Article 346 :

Les jugements ne sont exécutoires qu'à partir du moment où, n'étant plus susceptibles de recours suspensif, ils passent en force de chose jugée, à moins que l'exécution provisoire n'ait été ordonnée par une décision motivée.

En tout état de cause, il est sursis à l'exécution provisoire par le juge d'appel lorsqu'il y a risque de créer une situation irréversible ou lorsqu'il y a péril en la demeure.

Article 347 :

Sous peine de nullité de la décision d'exécution, un jugement ne peut être exécuté contre celui auquel il n'est pas opposé.

Le tiers lésé saisit la juridiction d'exécution pour constater la nullité de l'exécution qui lui fait grief. Le juge statue, en référé, sous peine de déni de justice.

La décision rendue est susceptible d'appel.

Article 348 :

L'exécution a lieu à la requête de la partie bénéficiaire de la décision.

Elle est assurée par l'huissier près la juridiction qui a connu l'affaire au premier degré ou par celui de la juridiction de même ordre et de même rang dans le ressort de laquelle l'exécution doit être poursuivie.

En matière de propriété foncière, le greffe de la juridiction qui a rendu la décision sur voie de recours quelconque, renvoie la décision au tribunal de résidence compétent pour pourvoir à son exécution conformément à son dispositif.

Sauf cas de force majeure, la requête en exécution est prescrite par deux ans en matière mobilière et cinq ans en matière immobilière.

Ingingo ya 346 :

Imanza zaciwe zishobora gusa gukurikizwa kuva igihe, zitagishobora gusubirishwamwo bigatuma zihagarikwa gushirwa mu ngiro, zibaye ntabanduka, kiretse hashinzwe ko zishirwa mu ngiro ivy'imfatakibanza biciye mu ingingo itangiwe imvo.

Uko biba biri kwose, umucamanza wa sentare y'iyungururizo arashinga ko urubanza rubangira gukurikizwa igihe vyohava bitera agahombo ntasubirizwa canke ibintu bigashobora kuyangara.

Ingingo ya 347 :

Kugira ingingo yo gushira mu ngiro urubanza ntibe impfagusa, urubanza ntirushobora gukurikizwa ku muntu ruterekeye.

Uwundi muntu ishirwa mu ngiro ry'urubanza ryateye agahombo aritura sentare yarushize mu ngiro kugira igire impfagusa iryo shirwa mu ngiro. Sentare yihweza urwo rubanza mu buryo bw'ivyihutirwa, atari uko ifatwa ko yananye guca urubanza.

Ingingo yafashwe na sentare irashobora kwungururizwa.

Ingingo ya 348 :

Ishirwa mu ngiro ry'urubanza riba bisabwe n'umuburanyi abifisemwo inyungu.

Ugushira mu ngiro ingingo ya sentare bigirwa n'umumenyeshamanza akukira sentare yafashe ingingo ku rugero rwa mbere canke uwukukira sentare ifatwa co kimwe n'iyi kandi iri ku rugero rumwe na yo yo mu karere ingingo itegerezwa gukurikirizwamwo.

Mu manza zerekeye amatongo, iyandikiro ry'imanza rya sentare yafashe ingingo ku rubanza rwasubirishijwemwo mu buryo ubwo ari bwo bwose, rica rurungikira urwo rubanza sentare y'intango ibifitiye ububasha kugira ngo irukurikize yisunze iciro ryarwo.

Kiretse habaye intambamyi ntasimbwa, ugusaba gushira mu ngiro urubanza bita igihe haheze imyaka ibiri mu manza zerekeye ivyimuka n'imyaka itanu mu manza zerekeye ibitimuka.

Article 349 :

En cas de décès du bénéficiaire d'une décision en cours d'exécution, ses héritiers qui poursuivent l'exécution sont tenus de justifier de leur qualité. En cas de contestation, l'agent d'exécution dresse un procès-verbal et renvoie les parties à se pourvoir devant la juridiction compétente.

Il peut néanmoins procéder à la saisie au nom de la succession.

En cas de décès du débiteur, l'exécution est poursuivie immédiatement contre sa succession.

Article 350 :

Les jugements ne peuvent être exécutés contre ceux auxquels ils sont opposés qu'après qu'ils leur ont été notifiés sous forme de grosse, à moins que l'exécution ne soit volontaire.

Article 351 :

Toute partie peut se faire délivrer par le greffier de la juridiction devant laquelle le recours pouvait être formé, un certificat attestant l'absence d'opposition, d'appel ou de pourvoi en cassation. Le greffier y est tenu sous peine de sanction disciplinaire.

Article 352 :

Sauf s'il s'agit d'une créance hypothécaire ou privilégiée, l'exécution est poursuivie en premier lieu sur les biens meubles puis, en cas d'insuffisance de ceux-ci, sur les immeubles.

Article 353 :

L'exécution sans réserve d'un jugement non exécutoire vaut acquiescement, hors les cas où celui-ci n'est pas permis.

Ingingo ya 349 :

Mu gihe uwatsinze apfuye urubanza ruriko rurashirwa mu ngiro, abamutorana bakurikirana iryo shirwa mu ngiro bategerezwa kwerekana ivyemeza ko babifitiye ububasha. Igihe hagize abanse kwemera ubwo bubasha, uwujwe gukurikiza urwo rubanza aragira icegeranyo kivyerekeye agaca asaba ababuranyi kwitura sentare ibifitiye ububasha.

Ariko, arashobora kuba arafashe ibintu ku neza y'abasigwa.

Mu gihe uwishuzwa apfuye, ishirwa mu ngiro ry'urubanza rica ribandanya ku basigwa biwe.

Ingingo ya 350 :

Imanza zaciwe ntizishobora gukurikizwa ku batsinzwe imbere yuko bamenyeshwa izo manza mu kubaha amakopi yazo ariko icerekana ko zitegerezwa gukurikizwa, kiretse bishakiye bo nyene ata gahato ko zikurikizwa.

Ingingo ya 351 :

Umuburanyi wese arashobora gusaba umwanditsi w'imanza wa sentare urubanza rwari gushobora gusubirishwamwo, urwandiko rwemeza ko urubanza rutasubirishijwewe, rutungurujwe canke rutasambujwe. Umwanditsi w'imanza abisabawe abwirizwa kubikora, kugira ntahabwe ibihano bijanye n'inyifato mu kazi.

Ingingo ya 352 :

Kiretse iyo ari umwenda watangiwe ingwati y'ikitimuka canke uwurihwa imbere y'iyindi, hatangura kugurishwa amatungo yimuka hanyuma, mu gihe amafaranga avuyemwo adakwiye, hagakurikira amatungo atimuka.

Ingingo ya 353 :

Ishirwa mu ngiro, ata kibangiriweko, ry'urubanza rutashizweko ididodo gitegeka ko ruca rukurikizwa rifatwa nk'isezerano, kiretse mu gihe iryo sezerano ritarekuriwe n'amategeko.

Article 354 :

L'agent d'exécution peut faire requérir la force publique pour se faire ouvrir les portes des maisons et des chambres ainsi que les meubles si l'accomplissement de la tâche l'exige.

La réquisition de la force publique est faite par le Procureur de la République à la requête de l'huissier. La requête est accompagnée de l'acte exécutoire et du rapport sur la résistance éventuelle ou exercée par la partie contre laquelle l'exécution se fait.

En cas de violence exercée contre l'huissier, il est dressé par lui un procès-verbal de rébellion. Les témoins oculaires sont invités à le contresigner.

Article 355 :

L'exécution provisoire est ordonnée, même d'office, s'il y a titre authentique, promesse reconnue ou condamnation précédente par un jugement non frappé d'appel.

L'exécution provisoire peut être ordonnée pour une partie seulement de la condamnation.

Article 356 :

L'exécution provisoire est opérée sous la condition de réparer le dommage causé par cette exécution si le jugement venait à être réformé.

Article 357 :

Le recours contre les mesures d'exécution est porté devant le juge unique de la juridiction immédiatement supérieure dans un délai n'excédant pas quinze jours à partir de la notification du procès-verbal d'exécution.

Le juge statue toutes affaires cessantes et la mesure prise est sans recours.

Ingingo ya 354 :

Uwujejwe gukurikiza urubanza arashobora gusaba abajejwe umutekano kugira bamwugururire imyango y'inzu n'ivyumba hamwe n'ibintu vyimuka iyo bibaye ngombwa kugira ico gikorwa kirangurwe.

Ugusaba abajejwe umutekano bigirwa n'Umushikirizamanza wa Repuburika abisabwe n'umumenyeshamanza. Urwandiko rw'ugusaba abajejwe umutekano rushikirizwa ruri kumwe n'urwandiko rutegeka ko urubanza ruca rukurikizwa hamwe n'icegeranyo cerekana ko umuburanyi ikurikizwa ry'urubanza ryerekeye ashobora kugira akagagazo canke yakagize.

Igihe umumenyeshamanza akubaguwe, aca agira icegeranyo kijanye n'imigumuko yabaye. Amasura yabibonye arasabwa kugishirako umukono hamwe na we.

Ingingo ya 355 :

Ishirwa mu ngiro mfatakibanza rirategekwa, n'aho yoba ari sentare ivyibwirije, iyo hariho urwandiko rwemejwe n'amategeko, iyo hari umuhango wemejwe n'uwawutanze, canke iyo hari urubanza yaheruka gutsindwako rutungurujwe.

Ishirwa mu ngiro mfatakibanza rirashobora gutegekwa kugirwa ku gice cerekeye aho yatsinzwe gusa.

Ingingo ya 356 :

Ugushira mu ngiro urubanza ivy'imfatakibanza bigirwa hatirengagijwe ko hashobora kurihwa agahombo vyoba vyateye igihe urubanza rwosubirwamwo.

Ingingo ya 357 :

Ugusubirishamwo ingingo zijanye n'ugukurikiza imanza bishikirizwa umucamanza umwe rudende wa sentare ikurira iyazifashe mu kiringo kitarenza imisi icumi n'itanu iharurwa kuva umusi urwandiko rwerekeye ikurikizwa ry'urubanza rwamenyesherejweko.

Uwo mucamanza aca ahagarika ibindi bikorwa vyose kandi ingingo afashe ntishobora kwunguruzwa.

Article 358 :

Ne peuvent être saisis :

- 1° les vêtements du saisi, de son conjoint et des personnes à sa charge ;
- 2° le mobilier nécessaire au coucher du saisi et de sa famille ;
- 3° les provisions à caractère non commercial, les sommes et les pensions à caractère alimentaire, sauf pour le paiement des aliments déjà fournis par le saisissant à la partie saisie ;
- 4° les livres et les documents indispensables à la profession du saisi ;
- 5° les machines et les instruments nécessaires à l'enseignement et à l'exercice des sciences et des arts ;
- 6° les outils des agriculteurs, des éleveurs et des artisans indispensables à leur travail ;
- 7° la part des salaires déterminée insaisissables par la loi ;
- 8° le lopin de terre servant de moyen de subsistance au ménage du débiteur pour autant qu'il est situé en milieu rural ;
- 9° les objets indispensables aux personnes vivant avec handicap ou destinés aux soins des personnes malades.

Article 359 :

Les créances insaisissables dont le montant est versé sur un compte demeurent insaisissables.

Article 360 :

Les immeubles par destination ne peuvent être saisis indépendamment de l'immeuble, sauf pour le paiement de leur prix.

Ingingo ya 358 :

Amatungo adashobora gufatwa ni aya akurikira :

- 1° Ivyambarwa vy'uwufatirwa amatungo, ivy'uwo bubakanye, n'ivy'abantu atunze ;
- 2° Ibikoreho uwufatirwa amatungo n'umuryango wiwe bakenera mu kuryama;
- 3° Ibiri mu bubiko bitagenewe kugurishwa, amafaranga atangwa canke aja aratangwa ajanye n'ibibeshaho umuntu, kiretse amafaranga y'ukuriha ibibeshaho umuntu uwufatisha yari yaramaze guhabwa n'uwufatirwa amatungo;
- 4° Ibitabu, inzandiko n'ibikoreho bikenewe mu kazi k'uwufatirwa amatungo ;
- 5° Imashini n'ibikoreho bikenewe mu nyigisho no mu kugira ubushakashatsi n'utugenegene ;
- 6° Ibikoreho vy'abarimyi, aborozi n'abanyamyuga bikenewe mu kazi kabo ka misi yose ;
- 7° Igice c'imishahara kidafatwa gitomowe n'amategeko ;
- 8° Itongo ribeshejeho umuryango w'uwuheranye mu gihe ari iryo ahatari mu gisagara ;
- 9° Ibikoreho bihambaye bikoreshwa n'abantu bagendana ubumuga canke bigenewe kuvura abantu barwaye.

Ingingo ya 359 :

Imyenda uwuheranye afitiwe idashobora gufatwa isanzwe yishurwa mu mafaranga biciye kw'ikonte iguma idashobora gufatwa.

Ingingo ya 360 :

Ibitimuka kubera ico bigenewe gukoreshwa ntibishobora gufatwa bitandukanijwe n'ikitimuka bifatanye, kiretse iyo ari ukubiriha amafaranga vyaguzwe.

Article 361 :

Les mainlevées, les radiations de sûretés, les mentions, les transcriptions ou les publications qui doivent être faites en vertu d'un jugement sont valablement faites au vu de la production par tout intéressé, d'une copie certifiée conforme du jugement et, s'il n'est pas exécutoire par provision, de la justification de son caractère exécutoire. La justification peut résulter d'un certificat établi par le greffe.

CHAPITRE II : DES SAISIES MOBILIERES**Section 1 : Des saisies conservatoires****Article 362 :**

Tout créancier, même sans titre, peut, sans commandement préalable, mais avec permission du juge, faire saisir à titre conservatoire les effets mobiliers corporels et incorporels de son débiteur.

Article 363 :

La saisie conservatoire ne sera autorisée par le juge que s'il y a sérieuse raison de craindre l'enlèvement des effets mobiliers du débiteur et ne sera valable qu'à la condition d'être suivie d'une demande en validité dans le délai de quinze jours suivant la saisie.

Article 364 :

Le jugement de validité convertira la saisie conservatoire en saisie-vente, et il sera procédé à la vente dans les formes de la saisie-vente.

Article 365 :

Lorsque le débiteur n'a pas de domicile fixe ou lorsque son domicile ou son établissement se trouve dans un pays étranger, la juridiction compétente pour autoriser et trancher les litiges relatifs à la saisie de ses biens est celle du domicile du créancier.

Ingingo ya 361 :

Irekurwa ry'ivyari bifashwe, ihanagurwa ry'ingwati, ivyanditsweko, kwimura ivyari vyanditswe ahandi canke imenyekanishwa hisunzwe ibiri mu rubanza rwacitse, bitegerezwa kugirwa biba vyagizwe mu mategeko iyo bigizwe uwubifisemwo inyungu wese yerekanye ikopi yemejwe ko isa n'urwandiko rw'imvaho rw'urubanza canke iyo yerekanye, urubanza rudategerezwa gukurikizwa n'aho rwoba rwungurujwe, icemeza ko rutegerezwa gukurikizwa. Ico cemezo gishobora kuba ari urwandiko rwatanzwe n'iyandikiro ry'imanza.

IGICE CA II : IVYEREKEYE UGUFATISHA AMATUNGO YIMUKA**Agace ka 1 : Ivyerekeye ugufatisha amatungo ivy'imfatakibanza****Ingingo ya 362 :**

Uwuheraniwe wese, n'aho yoba atagira icemezo, arashobora, ata tegeko ribanje gutangwa, ariko afise uruhusha rw'umucamanza, gutafisha vy'imfatakibanza amatungo yimuka afadika n'ayadafatika y'uwumuheraniye.

Ingingo ya 363 :

Ugufata amatungo ivy'imfatakibanza birekurwa n'umucamanza iyo hariho imvo ikomeye yuko amatungo yimuka y'uwuheranye ashobora kunyuruzwa. Iyo ngingo iguma yemewe mu gihe uwuheraniwe aciye asaba ko yemezwa mu kiringo c'imisi icumi n'itanu kuva ayo matungo afashwe.

Ingingo ya 364 :

Urubanza rwo kwemeza iryo fatwa mfatakibanza ry'amatungo ruca ruhindura iryo fatwa mfatakibanza mw'ifatwa ry'amatungo kugira agurishwe, kandi aca agurishwa hisunzwe amategeko agenga ifatwa ry'amatungo kugira agurishwe.

Ingingo ya 365:

Mu gihe uwuheranye aguma ahindura aho aba canke mu gihe urugo rwiwe canke ishirahamwe ryiwe bisanzwe biri mu kindi gihugu, sentare ifise ububasha bwo kwakira no gutatura amatati ajanye n'ugufata amatungo yiwe ni sentare y'aho uwuheraniwe aba.



Le saisissant est gardien des biens s'ils sont entre ses mains sinon, il est établi un gardien.

Article 366 :

Le créancier procède à la saisie des créances au moyen d'un acte d'huissier signifié au tiers.

L'acte contient :

- 1° l'énonciation des noms, prénoms et domiciles du débiteur et du créancier saisissant ou, s'il s'agit de personnes morales, leurs dénomination, forme et siège social ;
- 2° l'élection de domicile dans le ressort juridictionnel où doit être pratiquée la saisie si le créancier n'y demeure pas ;
- 3° l'indication de l'autorisation de la juridiction ou du titre en vertu duquel la saisie est pratiquée ;
- 4° le décompte des sommes pour lesquelles la saisie est pratiquée ;
- 5° la défense faite au tiers de disposer des sommes réclamées dans la limite de ce qu'il doit au débiteur.

Article 367 :

A défaut d'accord amiable, tout intéressé peut demander, par requête, que les sommes saisies soient consignées entre les mains d'un séquestre désigné par la juridiction du domicile ou du lieu où demeure le débiteur.

La remise des fonds au séquestre arrête le cours des intérêts dus par le tiers saisi.

Article 368 :

Il est procédé à la saisie conservatoire des droits d'associés et des valeurs mobilières par la signification d'un acte à la personne morale émettrice ou au mandataire chargé de conserver ou de gérer les titres.

Uwafatishije amatungo ni we ayacungera mu gihe aba ari mu minwe yiwe, atari uko, haragenwa uwuyacungera.

Ingingo ya 366 :

Uwuharaniwe arafatisha umwenda akoresheje urwandiko rw'umumenyeshamanza rumenyeshwa uwundi muntu afitiye amafaranga uwuheranye.

Urwo rwandiko ruba rurimwo ibi bikurikira :

- 1° Amazina y'uwoheranye n'ay'uwoheraniye yafatishije amafaranga yiwe, amatazirano yabo n'aho baba canke, iyo ari amashirahamwe, hakerekanwa amazina yayo, imigwi arimwo n'ahari ivyicarwo vyayo ;
- 2° Aho uwuharaniwe yamenyesheje ko yahisemwo kubarizwa mu karere k'aho sentare ikorera umwenda utegerezwa gufatirwamwo, igihe atari ho aba ;
- 3° Uruhusha rw'ugufata umwenda rwatanzwe na sentare ibifitiye ububasha canke urwandiko rwisungwa mu kuyafata;
- 4° Igitigiri c'amafaranga atumye iryo fatwa rishingwa ;
- 5° Ingingo ibuza uwundi muntu afitiye amafaranga uwuheranye gukoresha ayo amufitiye kugeza ku rugero rw'ayo uwuheranye yishuzwa.

Ingingo ya 367 :

Mu gihe hatabaye umwumvikano, uwo wese abifisemwo inyungu arashobora gusaba, biciye mu rwandiko, ko amafaranga yafashwe ashirwa mu minwe y'uwundi muntu agenwa na sentare y'aho uwuheranye afise urugo canke aba.

Ugushira mu minwe y'uwundi muntu amafaranga yafatishijwe bituma hahagarikwa guharura inyungu umuntu afise umwenda wafashwe yorishe.

Ingingo ya 368 :

Uburenganzira bw'abasangiye ishira hamwe hamwe n'inzandiko z'agaciro birafatwa ivy'imfatakibanza ishira hamwe ryabitanze canke icariho kijejwe kubika inzandiko z'agaciro canke kuzitunganya amaze kumenyeshwa urwandiko ruvuyerekeye.



Section 2 : De la saisie-vente

Article 369 :

Toute saisie-vente doit être précédée d'un commandement à la personne ou au domicile du débiteur, fait au moins vingt-quatre heures avant la saisie, et contenant notification du titre, s'il n'a déjà été notifié.

Passé ce délai, l'huissier procède à la saisie, hors de la présence du saisissant et assisté d'un témoin qui signera l'original et les copies.

Article 370 :

Le procès-verbal de saisie doit contenir, outre les énonciations communes à tous les actes d'huissier, un nouveau commandement de payer, si la saisie est faite en la présence du saisi, et la désignation détaillée des objets saisis. Les deniers comptants doivent être déposés à la caisse du greffe ou sur tout compte en banque ouvert au nom de la juridiction pour recevoir des consignations.

Article 371 :

En cas de saisie d'animaux et ustensiles servant à l'exploitation des terres ou d'effets faisant l'objet d'un commerce, le juge peut établir un gérant à l'exploitation ou aux opérations commerciales.

Il est immédiatement remis copie du procès-verbal à la partie saisie.

Article 372 :

Si les portes sont fermées ou si l'ouverture en est refusée, ou s'il est fait contre l'huissier des actes de violence ou de résistance, il prend toutes les mesures conservatoires pour empêcher les détournements et demande l'assistance de la force publique par l'intermédiaire du Ministère public ou de l'autorité locale.

Agace ka 2 : Ivyerekeye ugufatisha amatungo kugira agurishwe

Ingingo ya 369 :

Uburyo bwose bw'ugufatisha amatungo kugira agurishwe butegerezwa kugirwa habanje gutangwa umutahe urungikirwa nyene amatungo canke urungikwa aho uwuheranye aba hagsigaye n'imiburiburi amasaha mironko ibiri n'ane kugira ayo matungo afatwe; kandi uwo mutaha ugaherekezwa n'icemezo c'umwenda iyo atari bwabimenye.

Ico kiringo kirangiye, umumenyeshamanza aca abifata, nyene kubifatisha atarinze kuhaba, ahagarikiwe n'icabona gica gitera igikumu ku rupapuro rw'imvaho n'amakopi yarwo.

Ingingo ya 370 :

Icegeranyo c'ivyafashwe gitegerezwa kujamwo, uretse ibisanzwe mu mutaha w'umumenyeshamanza, uwundi mutaha mushasha wishuzwa umuheranyi, iyo ifatwa ry'amatungo ryabaye ariho ari n'urwandiko rwerekana ido n'ido ry'amatungo yafashwe. Amafaranga abona ategerezwa kubikwa mw'isandugu y'ibiro vy'iyandikiro ry'imanza canke kw'ikonte yose yugurujwe mw'ibanki kw'izina rya sentare kugira ijeko amafaranga yo gushingisha imanza.

Ingingo ya 371 :

Mu gihe hafashwe ibitungwa n'ibikoreho vyo kurima canke bifasha mu rudandaza, umucamanza arashobora kugena uba aratunganya ivy'uburimyi canke ivy'urudandaza.

Ubwu nyene, uwo hafashwe ibintu vyawe baca bamuronsa ikopi y'icegeranyo c'ingene ibintu vyagenze.

Ingingo ya 372 :

Iyo inzugi zugaye canke uwuheranye yanse kwugurura, iyo akubaguye umumenyeshamanza canke agagaje, uwo mumenyeshamanza aca afata ingingo zose z'ugukinga kugira abuze inyuruzwa ry'ayo matungo kandi agasaba gufashwa n'abajejwe umutekano abicishije ku Mushikirizamanza canke umutegetsi w'aho hantu.

Article 373 :

L'huissier établit un gardien auquel il laisse copie du procès-verbal de saisie après le lui avoir fait contresigner.

Ne peuvent être établis gardiens, le saisissant, son conjoint, ses parents et alliés jusqu'au quatrième degré inclusivement, et ses serviteurs; mais le saisi, son conjoint, ses parents, alliés et serviteurs, peuvent être établis gardiens avec leur consentement.

Article 374 :

Le gardien ne peut, sous peine de dommages-intérêts, se servir ni tirer bénéfice des objets confiés à sa garde ou les prêter.

Article 375 :

Celui qui se prétend propriétaire des objets saisis ou d'une partie de ceux-ci, peut s'opposer à la vente par exploit signifié au gardien et dénoncé au saisissant et au saisi. Il est statué par le tribunal du lieu de la saisie en référé.

Le réclamant qui succombe peut être condamné aux dommages-intérêts du saisissant.

Article 376 :

Sur requête du saisissant, le juge fixe le jour et le lieu de la vente ainsi que toutes les mesures à prendre pour donner à la vente toute la publicité nécessaire.

Le saisi ou le saisissant peut demander au juge que la vente ait lieu à un autre jour ou un autre lieu.

Article 377 :

La vente a lieu à la criée de l'huissier et au comptant. L'adjudication est faite au plus offrant.

Si l'adjudicataire ne paye pas comptant, l'objet est immédiatement remis en vente.

Ingingo ya 373 :

Umumenyeshamanza aca ashiraho umuntu acungera amatungo afashwe, akanamusigarana ikopi y'icegeranyo cerekeye ico gikorwa c'ugufata amatungo bamaze kugishirako umukono bomp.

Mu badashobora gucungishwa ivyafashwe harimwo uwafatishije, uwo bubakanye, abavyeyi biwe n'incuti zo mu muryango w'uwo bubakanye gushika ku rugero rwa kane n'abakozi biwe; ariko uwo ibintu vyafashwe, uwo bubakanye, abavyeyi biwe, incuti za hagufi hamwe n'abakozi biwe, barashobora kubicungishwa bavyemeye.

Ingingo ya 374 :

Umucunzi ntarekuriwe kwifashisha ibintu yashinzwe, kubironkako inyungu canke ngo abitize. Ahirahiye akabigira, atanga indishi yavyo.

Ingingo ya 375 :

Umuntu yitwaza ko ibintu vyafashwe canke bimwe muri vyo ari rwiwe, arashobora kwanka igurisha ryavyo mu kumenyeshya umutahe umucunzi warungikiwe uwabifatishije n'uwabifatiwe. Ukuri kwavyo kudadanurwa na sentare yaho ifatwa ryabereye.

Uwahagaritse igurishwa hanyuma ntabitsindire arashobora gucirirwa indishi aha uwari yabifatishije.

Ingingo ya 376 :

Bisabwe n'uwabifatishije umucamanza arashinga umunsi n'ikibanza igurisha rizoberako hamwe n'ingingo zose zofatwa kugira igurisha rimenyekane bikwiye.

Uwafatiwe ibintu canke uwabifatishije arashobora gusaba umucamanza ko igurishwa ryoba k'uwundi musi canke ryobera ahandi hantu.

Ingingo ya 377 :

Igurishwa rigirwa icamunara n'umumenyeshamanza kandi uwuguze agatangira amafaranga aho nyene. Ibiriko biragurishwa bitsindira uwatanze menshi kurusha abandi.

Iyo uwubitsindiye mw'igurishwa ry'icamunara adatangiye amafaranga aho, ikiriko kiragurishwa gica gisubizwa kw'isoko.



Le premier adjudicataire doit les intérêts du prix de son adjudication conformément aux clauses du cahier des charges, jusqu'au jour de la revente. Il ne peut en aucun cas répéter les frais de procédure et les droits qu'il aura payés.

Article 378 :

L'huissier qui n'a pas fait payer le prix ou qui a omis de revendre l'objet adjugé est responsable du prix.

Article 379 :

Il est dressé un procès-verbal de la vente qui constate toutes les opérations faites, même préparatoires à la vente, et à la présence ou l'absence du saisi.

Article 380 :

Il est mis fin à la vente dès qu'elle a produit une somme suffisante pour payer le montant des causes de la saisie et les frais.

Article 381 :

Au cas où il s'avère que les objets saisis vont être vendus à vil prix, l'huissier, sur requête du saisissant, du saisi ou même d'office, peut remettre la vente à un autre jour et prendre les mesures que commande l'intérêt des parties. Au jour fixé, la vente a lieu à tout prix.

Article 382 :

Les créanciers du saisi, pour quelque cause que ce soit, ne peuvent former opposition que sur le prix de la vente.

Article 383 :

L'huissier qui, se présentant pour saisir, trouve une saisie déjà faite et un gardien établi, ne peut pas saisir de nouveau, mais il peut procéder au récolement des meubles et effets sur procès-verbal que le gardien est tenu de lui présenter. Il peut saisir les effets omis et faire sommation au premier saisissant de vendre le tout dans les meilleurs délais. Le procès-verbal de récolement vaut

Uwabitsindiye ubwa mbere ategerezwa kwongera inyungu ku giciro yatsindiye, hisunzwe ingingo ziri mu masezerano agenga ibisabwa vyose mw'iringanizwa ry'isoko, gushika umusi wo gusubira kukigurishirizako. Ntashobora guhirahira ngo asabe gusubizwa amafaranga yari amaze gutanga kuva yinjire mw'ihiganwa.

Ingingo ya 378 :

Umumenyeshamanza atarihishije igiciro c'icatsindiwe canke atitayeho gusubira kugurisha ikintu catsindiwe ni we aca abazwa ayo mafaranga.

Ingingo ya 379 :

Haragirwa icegeranyo c'igurishwa kidonda uko ibintu vyagenze, eka n'ivyakozwe imbere y'igurishwa canke ko nyene ivyafashwe ari ho yari ari canke atari ho yari ari.

Ingingo ya 380 :

Igurishwa rihagarikwa igihe hamaze kuboneka igitigiri c'amafaranga akwiranye n'ayazoriha ivyatumye amatungo afatwa, hamwe n'amagarama ya sentare.

Ingingo ya 381 :

Mu gihe biboneka ko ivyafashwe vyohava bigurishwa ku giciro kidashemeye, umumenyeshamanza, bisabwe n'uwabifatishije, na nyene ivyafashwe canke na we nyene avyibwirije, arashobora guca yungururiza igurishwa uwundi musu, agaca afata ingingo zikingira inyungu z'ababuranyi. Umusi washinzwe ugeze, igurishwa ritegerezwa kuba uko bigenda kwose.

Ingingo ya 382 :

Nta mvo n'imwe kiretse iyo kwanka igiciro, yotuma abaheraniwe na nyene ivyafashwe banka igurishwa ryavyo.

Ingingo ya 383 :

Umumenyeshamanza agiye gufata amatungo agasanga yaramaze gufatwa kandi haramaze gushirwaho n'umucunzi, ntashobora kuyafata ukundi gusha, ariko arashobora guca ahinyuza urutonde rw'amatungo yimuka n'ibindi nk'ivyo biri mu cegeranyo umucunzi ategerejwe kumwerekwa. Arashobora guca afata amatungo atari bwafatwe agaca amenyeshya uwafatishije ubwa mbere ko

opposition sur les deniers de la vente.

Article 384 :

Le procès-verbal de récolement qui précède la vente ne contient aucune énonciation des effets saisis mais seulement de ceux qui n'ont pas été saisis, s'il y en a.

Section 3 : De la saisie et de la cession de rémunérations

Article 385 :

Tout créancier muni d'un titre exécutoire qui constate une créance liquide et exigible peut faire procéder à la saisie des rémunérations dues au débiteur par un employeur.

Article 386 :

Les rémunérations ne peuvent être cédées ou saisies que dans les proportions déterminées par les dispositions pertinentes du Code du travail.

Article 387 :

La saisie des sommes dues à titre de rémunération, quel qu'en soit le montant, à toutes les personnes salariées ou qui travaillent, à quelque titre ou en quelque lieu que ce soit, pour un ou plusieurs employeurs, ne peut être pratiquée qu'après une tentative de conciliation devant la juridiction compétente du domicile du débiteur.

Section 4 : De la saisie-attribution des créances

Article 388 :

Tout créancier muni d'un titre exécutoire qui constate une créance liquide et exigible, peut, pour en obtenir le paiement, saisir entre les mains d'un tiers les créances de son débiteur portant sur une somme d'argent, sous réserve des dispositions particulières à la saisie des rémunérations.

agiye kubigurisha mu maguru masha. Icegeranyo c'ihinyuza ry'ivyafashwe gituma amatungo yafashwe atazogurishwa canke ngo harihwe abaheraniwe uwashatse kubifatisha ubwa kabiri atari ho ari na we.

Ingingo ya 384 :

Icegeranyo c'ihinyuza ry'ivyari vyarafashwe gikurikirwa n'igurishwa ryavyo, ntigishirwamwo amatungo yafashwe, kijamwo ayatarafatwa gusa iyo ari ho.

Agace ka 3 : Ibijanye n'ugufata amatungo n'ugutanga impembo

Ingingo ya 385 :

Uwuheraniwe wese afise urwandiko rurekura ko ingingo yafashwe ikurikizwa rwemeza ko umwenda afitiwe ushobora guharurwa mu mafaranga kandi ugeze kurihwa arashobora gusaba ko hafatwa impembo uwumuheraniye afitiwe n'umukoresha wiwe.

Ingingo ya 386 :

Impembo zishobora gusa guhabwa uwuheraniwe canke gufatishwa ku rugero rutomorwa n'amategeko avyerekeye yo mu Gitabu c'amategeko agenga akazi.


Ingingo ya 387 :

Ugufatisha amafaranga uwuheranye afitiwe mu buryo bw'impembo, uko yoba angana kwose, ku bantu bose bahembwa ku kwezi canke bahemberwa ico bakoze, ico ari cose mu kazi canke aho akorera hose, akorera umukoresha umwe canke abakoresha benshi, ntibishobora kugirwa atari uko hamaze kugeragezwa kubumvikanisha muri sentare ibiftiye ububasha y'aho uwuheranye afise urugo

Agace ka 4 : Ugufatisha umwenda uwuheranye afitiwe

Ingingo ya 388 :

Uwuheraniwe wese afise urwandiko rurekura ko ingingo yafashwe ikurikizwa rwemeza ko umwenda afitiwe ushobora guharurwa mu mafaranga kandi ugeze kurihwa arashobora, kugira yishurwe umwenda afitiwe, gufatisha imyenda yerekeye amafaranga uwumuheraniye afitiwe n'uwundi muntu, hubahirijwe ibitegekaniye vyerekeye ugufata impembo.



Article 389 :

L'acte de saisie emporte, à concurrence des sommes pour lesquelles elle est pratiquée et tous ses accessoires, pour ce montant seulement, attribution immédiate au profit du saisissant de la créance saisie, disponible entre les mains du tiers.

Les sommes saisies sont rendues indisponibles par l'acte de saisie.

Section 5 : De la saisie-appréhension et de la saisie-revendication des meubles corporels**Article 390 :**

Les biens meubles corporels qui doivent être délivrés ou restitués ne peuvent être appréhendés qu'en vertu d'un titre exécutoire constitué, le cas échéant, d'une injonction de la juridiction compétente devenue exécutoire.

Les biens indiqués à l'alinéa précédent peuvent également être rendus indisponibles, avant toute appréhension, au moyen d'une saisie-revendication.

Section 6 : De la saisie des récoltes sur pied**Article 391 :**

La saisie des fruits pendant par racines, ou saisie des récoltes sur pied ne peut être faite que dans les semaines précédant l'époque ordinaire de la maturité des fruits. Elle doit être précédée d'un commandement, avec un jour d'intervalle.

Article 392 :

Le procès-verbal de saisie doit contenir l'indication de chaque pièce, sa contenance et sa situation, la nature des fruits et tous les autres détails nécessaires.

Article 393 :

L'huissier établit un gardien qui reçoit copie du procès-verbal de saisie. La copie est aussi laissée à l'administrateur communal ou au chef de zone de la situation de la pièce saisie et l'original est visé par lui.

Ingingo ya 389 :

Ingingo y'ugufata umwenda ituma, hafatiwe ku gitigiri c'amafaranga yatumye haba iryo fatwa hamwe n'ayandi bijanye, kuri ico gitigiri c'amafaranga gusa, uwufatishije umwenda uwundi muntu afitiye uwuheranye, aca awuhabwa.

Amafaranga yafashwe ntakorwako biciye mu rwandiko rw'ukuyafata.

Agace ka 5 : Ibijanye n'ugufatisha amatungo yimuka afadika aca ahabwa uwuheraniwe n'ukuyafatisha mu kurindira ko ahabwa uwuyafatisha**Ingingo ya 390 :**

Amatungo yimuka afadika ategerezwa gutangwa canke gusubizwa ashobora gufatwa gusa ari uko herekanywe urwandiko rurekura ko ingingo yafashwe ica ikurikizwa, bikenewe, urwo rwandiko rukaba ari ingingo ya sentare ibiftiye ububasha ifise ububasha bw'ugukurikizwa.

Amatungo avugwa mu gahimba ka 1 k'iyi ngingo ashobora kandi kudashobora gukoreshwa, imbere yuko ahabwa uwuheraniwe biciye mu kuyafatisha kugira ahabwe uwuyafatisha.

Agace ka 6 : Ingingo zerekeye ugufata ivyimbura bitarasoromwa**Ingingo ya 391 :**

Ifatwa ry'ivyimbura bitarasoromwa vyerera mu kuzimu canke ifatwa ry'imirima itarera ntirirekuwe kiretse mu ndwi zegereje igihe bisanzwe vyereramwo. Iryo fatwa ritegerezwa gukurikirana n'umutaha watanzwe hasigaye umusi umwe.

Ingingo ya 392 :

Icegeranyo c'ivyafashwe gitegerezwa kubamwo ikiranga kimwe cose, ico kimwo n'ibikigize, aho gihereye, kamere k'ivyimbura n'ibindi bijanye bikenewe.

Ingingo ya 393 :

Umumenyeshamanza aragenda umucunzi akamusigarana n'ikopi y'icegeranyo c'amatungo yafashwe. Iyindi ayisigarana Musitanteri wa Komine canke Umukuru wa Zone y'aho ayo matungo yafashwe aherereye, urwandiko rw'imvaho akarugumya ruriko umukono wiwe.

Article 394 :

La vente est énoncée par placards affichés huit jours au moins avant la vente à la porte des bureaux de la commune, de la zone et à celle du tribunal de résidence à la diligence de l'huissier.

Article 395 :

Les placards désignent le jour, l'heure et le lieu de la vente fixés par le juge de l'exécution, l'identité du saisi et du saisissant, la surface et la nature de chaque espèce de fruits, la commune et la zone où ils sont situés.

Article 396 :

La vente doit être faite un jour de marché sur les lieux ou sur la place du marché local.

Article 397 :

Pour le surplus, les prescriptions relatives aux saisies mobilières sont applicables à la saisie des récoltes sur pied.

CHAPITRE III : DE LA SAISIE IMMOBILIERE**Article 398 :**

Le créancier ne peut faire vendre les immeubles appartenant à son débiteur qu'en respectant les formalités prescrites par le présent chapitre.

Toute convention contraire est nulle.

Article 399 :

Le créancier ne peut poursuivre l'expropriation des immeubles appartenant à son débiteur que si les biens meubles ne peuvent suffire pour le désintéresser et après avoir fait reconnaître par jugement la liquidité et l'exigibilité de sa créance.

Dans tous les cas, la vente publique de l'immeuble saisi ne peut intervenir avant que le jugement cité à l'alinéa précédent ne soit coulé en force de chose jugée.

Ingingo ya 394 :

Igurishwa ritangazwa, n'imiburiburi imisi umunani imbere yuko riba, mu nzandiko zimanikwa ku nzugi z'ibiro vya komine n'iza zone n'iza sentare y'intango, ivyo bigakorwa n'umumenyeshamanza we nyene.

Ingingo ya 395 :

Amatangazo amenyesha umusi, isaha n'ikibanza c'igurishwa vyashinzwe n'umucamanza azobishira mu ngiro, ibiranga uwafatiwe amatungo n'uwafatishije, uburinganire bw'ahari ibiterwa n'ubwoko bwa kimwekimwe, komine na zone ivyo bintu biherereyemwo.

Ingingo ya 396 :

Igurishwa rishirwa ku musu w'isoko, mu micungararo canke kw'isoko yaho hantu.

Ingingo ya 397 :

Ku bicagutseko, ingingo zisanzwe zigenga ifatwa ry'amatungo yimuka ni zo zigenga ifatwa ry'imirima itarera.

IGICE CA III : IVYEREKEYE UGUFATISHA IBITIMUKA**Ingingo ya 398 :**

Uwuharaniwe ntashobora gusaba ko ibitimuka vy'uwumuheraniye bigurishwa adakurikije ibikurikizwa bitegekaniywe muri iki gice.

Amasezerano yose ateye kubiri n'iyi ingingo aba impfagusa.

Ingingo ya 399 :

Uwuharaniwe ntashobora kurondera gusohora mu matungo atimuka uwumuheraniye, kiretse igihe amatungo yimuka y'uwo aheranye adashobora gukwiza amafaranga aheranye kugira amwishure kandi abanje gusaba sentare ngo yemeze amafaranga ahuye n'umwenda afitiwe n'uko ugeze kurihwa.

Uko bigenda kwose, ukugurisha icamunara ikitimuka cafatishijwe ntibishobora kugirwa imbere yuko urubanza ruvugwa mu gahimba ka mbere k'iyi ingingo ruba ntabanduka.

Article 400 :

Le créancier qui voudra poursuivre l'expropriation se fera délivrer par le Conservateur des Titres Fonciers un extrait du livre d'enregistrement constatant que l'immeuble est inscrit au nom du débiteur.

Article 401 :

Si l'immeuble est enregistré au nom de plusieurs propriétaires, le créancier doit au préalable provoquer le partage ou la licitation.

Article 402 :

Si le propriétaire dont les droits figurent au livre d'enregistrement ne peut être atteint par un des actes de la procédure, celle-ci se poursuit contre un administrateur des biens à saisir, nommé par le président de la juridiction sur requête du créancier.

L'administrateur représente le débiteur dans toutes les phases de la procédure. Il recueille éventuellement le solde des biens vendus et le consigne au nom du débiteur ou de ses ayants droit au greffe.

Les honoraires et débours de l'administrateur sont fixés par le président de la juridiction et prélevés sur le produit de la vente.

Article 403 :

Le débiteur contre lequel est poursuivie une mesure d'exécution forcée peut lui-même vendre, dans les conditions reprises à l'article 404 de la présente loi les biens saisis pour en affecter le prix au paiement des créanciers.

Article 404 :

Le débiteur dispose d'un délai de soixante jours francs à compter de la notification du procès-verbal de saisie pour procéder lui-même à la vente des biens saisis.

Ingingo ya 400 :

Uwuharaniwe ashaka gusaba ko uwumuheraniye asohorwa mu kitimuka abanza kurondera ku Wujejwe kwandika no gushingura impapuro ndangatongo iyimuriro ry'igitabu candikwamwo amatongo, ryemeza ko ico kitimuka canditswe kw'izina ry'uwuheranye.

Ingingo ya 401 :

Mu gihe ikitimuka canditswe ku bantu benshi, uwuharaniwe abanza gusaba ko ico kitimuka gisangiwe kigaburwa canke kigurishirizwa hamwe icamunara n'abagisangiye.

Ingingo ya 402 :

Mu gihe nyene ikitimuka yanditswe mu gitabu candikwamwo amatongo adashobora gushikirizwa rumwe mu nzandiko zerekeye ugufatisha ikitimuka, iryo fatisha rirabandanya ku matungo afatishwa ari mu minwe y'umuntu ajejwe kuyatunganya agenwa n'umukuru wa sentare bisabwe n'uwuharaniwe.

Uwagenywe gutunganya amatungo aserukira uwuheranye mu bikorwa vyose vy'ukuyafata. Arakira amafaranga asigaye ku vyagurishijwe, iyo ahari, agaca ayabitsa mw'iyandikiro ry'imanza, kw'izina ry'uwuheranye canke ry'abafise uburenganzira ku matungo yiwe.

Impembo z'uwagenywe gutunganya amatungo hamwe n'amafaranga akoreshwa nka avansi mw'irangurwa ry'ico gikorwa bishingwa n'umukuru wa sentare, bigakurwa mu mafaranga y'ivyagurishijwe.

Ingingo ya 403 :

Uwuharaniye akurikiranwa n'ingingo y'ukwishuzwa ku nguvu arashobora wenyene kugurisha, hisunzwe ibitegekaniywe mu ngingo ya 404 amatungo yafashwe kugira amafaranga avuyemwo ayarihe abo aheraniye.

Ingingo ya 404 :

Uwuharaniye afise ikiringo c'imisi mirongo itandatu giharurwa kuva aronse icegeranyo c'ugufata amatungo kugira we nyene yigurishirize amatungo yafashwe.

Article 405 :

La saisie immobilière doit être précédée d'un commandement à personne ou au domicile réel ou élu et selon le mode prescrit pour les citations. Il contient la désignation des immeubles à saisir.

Le commandement est également notifié au Conservateur des Titres Fonciers qui, dès ce moment et sans préjudice des effets de l'opposition au droit de propriétaire, doit refuser toute mutation de l'immeuble ou toute inscription de droits réels.

Ce commandement est sans effet si la vente des immeubles n'a pas été commencée dans un délai de quatre mois.

Si le débiteur offre des biens meubles suffisants pour le remboursement de la dette, priorité sera donnée à la saisie et à la vente publique de ces derniers. Il pourra valablement porter cette offre sur l'exploit de commandement ou dans tout autre exploit séparé d'huissier. L'huissier procédera immédiatement au récolement des biens meubles offerts et les saisira sans autres formalités préalables.

Article 406 :

Si l'immeuble saisi porte des fruits, le prix en provenant est immobilisé pour être distribué avec le prix de l'immeuble.

Article 407 :

Le saisi ne peut faire aucune coupe de bois ni dégradation à peine de dommages-intérêts, sans préjudice, s'il y a lieu, des peines portées pour détournement des biens saisis.

Article 408 :

Les baux qui n'ont pas acquis date certaine avant le commandement peuvent être annulés, et ceux postérieurs au commandement doivent l'être à la requête de l'adjudicataire. Le juge statue en référé sur simple production du nouveau titre de propriété et du procès-verbal d'adjudication. La décision sera

Ingingo ya 405 :

Ibitimuka bifatwa habanje kumenyeshwa ingingo itegeka kuriha imenyeshwa nyene ikitimuka we nyene ubwiwe canke aho afise urugo canke aho yahisemwo kubarizwa kandi mu buryo butegekanijwe bw'ukumenyeshwa. Iyo ngingo iratomora ibitimuka bifatwa ivyo ari vyo.

Umutahe wo gufatisha uramenyeshwa kandi Uwujijwe kwandika no gushingura impapuro ndangatongo, uwo mwanya nyene ariko ntibibuze ko hashobora kuba inkurikizi z'uguhagarikisha ku burenganzira bwa nyene amatungo, uwo na we agategerezwa kubuza ko ayo matungo yimurirwa canke yandikwa ku wundi.

Ingingo itegeka kuriha iba impfagusa igihe igikorwa c'ukugurisha ibitimuka kitatanguye mu kiringo c'amezi ane iyo ngingo imaze kumenyeshwa.

Mu gihe uwuheranye atanze ibitimuka bikwiye kugira umwenda urihwe, haca hihutirwa kubifata no kubigurisha icamunara. Arashobora kumenyeshwa ibitimuka yatanze ngo bigurishwe ku rwandiko rw'ingingo imutegeka kuriha canke ku rundi rwandiko rwose rutangwa n'umumenyeshamanza. Umumenyeshamanza aca yihutira kugira isuzuma ry'ibitimuka vyatanzwe ngo bigurishwe agaca ayafata ata bindi bibanje kugirwa.

Ingingo ya 406 :

Igihe ikitimuka cafatishijwe gitanga umwimbu, amafaranga avuye muri uwo mwimbu arabikwa kugira azogabanganirizwe hamwe n'ayazoba avuye mu kugurisha ico kitimuka.

Ingingo ya 407 :

Uwuheranye yafatiwe amatungo ahirahiyeye agatema ibiti canke akavyonona ahanishwa gutanga indishi, mbere agashobora gufatirwa n'ibihano bihabwa umuntu yanyurujye amatungo yafashwe.

Ingingo ya 408 :

Amasezerano y'ugukota atarangiza ikiringo imbere yuko hatangwa urwandiko rutegeka kuriha arashobora gufutwa, ayagizwe mu nyuma na yo ashobora gufutwa bisabwe n'uwatsindiye ikitimuka. Umucamanza aca afata ingingo mu buryo bw'ivyihutirwa ashikirijwe gusa urupapuro rwemeza



exécutoire nonobstant toute voie de recours et sans caution.

Tout bail consenti par le débiteur après la date du commandement est nul de plein droit à moins que l'adjudicataire ne consente à le reconnaître.

Le déguerpissement forcé de l'immeuble du débiteur exproprié ou de ses ayants droit se fera après obtention par l'adjudicataire du président du tribunal de résidence compétent d'une ordonnance d'expulsion revêtue de la formule exécutoire. L'adjudicataire produira à l'appui de sa requête le nouveau titre de propriété et le procès-verbal d'adjudication.

Article 409 :

Les loyers et fermages sont immobilisés à partir de la notification du commandement au Conservateur des Titres Fonciers, pour être distribués avec le prix de l'immeuble.

Un simple acte d'opposition à la requête du saisissant ou de tout autre créancier vaut saisie-arrêt entre les mains des fermiers et locataires qui ne peuvent se libérer qu'en exécution de mandement de collocations, ou par versements des loyers ou fermages au greffe ou entre les mains d'un séquestre nommé par le juge de l'exécution à la diligence de tout intéressé. En cas de difficulté, le juge statue en référé par une ordonnance non susceptible d'appel.

A défaut d'opposition, les paiements faits au débiteur sont valables et celui-ci est comptable comme séquestre judiciaire des sommes reçues.

nyene ikitimuka rushasha hamwe n'icegeranyo c'igurishwa ry'icamunara. Ingingo afata ica ikurikizwa n'aho hogira uwuyungururiza, kandi ata mafaranga y'ingwati arinze gutangwa.

Amasezerano yose y'ugukotesha agizwe n'uwuheranye inyuma y'igenekerezo urwandiko rutegeka kuriha rwatangiweko aca aba impfagusa kiretse uwatsindiye ikitimuka ayemeye.


Mu gusohora ku nguvu uwuheranye yategetswe gusohoka canke abafise uburenganzira ku matungo yiwe mu kitimuka bigirwa umukuru wa sentare amaze gufata ingingo y'ukumusohora ku nguvu iriko ikimenyetso cerekana ko iyo ngingo itegerezwa guca ikurikizwa. Mu gusaba ko uwuheranye asohorwa ku nguvu, uwatsindiye ikitimuka yishimikiza urupapuro rwemeza ko ari nyene ikitimuka rushasha n'icegeranyo cerekeye igurisha ry'icamunara.

Ingingo ya 409 :

Amafaranga ava mu gukotesha inyubakwa n'imirimu arabikwa kuva Uwujewe kwandika no gushingura impapuro ndangatongo amenyeshewe urwandiko rutegeka kuriha kugira ayo mafaranga azogabanganirizwe hamwe n'amafaranga ikitimuka kizoba cagurishijweko.

Uwafatishije ikitimuka canke uwundi wese aheraniwe abihagarikishije biciye mu rwandiko rusanze bifatwa ko amafaranga ava mu gukotesha inyubakwa n'imirimu yafatishijwe mu kurindira ko ahabwa uwuheraniwe, abakose bagashira mu ngiro iyo ngingo mu gukurikiza ibitegekaniywe mu rwandiko rwerekana ingene abaheraniwe bakurikirana mu kurihwa canke bakaja barashikiriza amafaranga y'ugukota mw'iyandikiro ry'imanza canke mu minwe y'umuntu ayabika yagenywe n'umucamanza ashinzwe gushira mu ngiro urwo rwandiko bisabwe n'uwo wese abifsemwo inyungu. Igihe bibayemwo ingorane, umucamanza abifatira ingingo mu buryo bw'ivyihutirwa idashobora kwungururizwa.

Atawubihagarikishije, amafaranga y'ugukotesha arashobora kurihwa uwuheranye na we agafatwa nk'uwashinzwe na sentare kubika amafaranga yakiriye.



Article 410 :

Après la notification du commandement prévue à l'article 405 de la présente loi, la partie saisie peut demander la conversion de la saisie en vente volontaire aux enchères ou même de gré à gré, devant le Conservateur des Titres Fonciers.

Cette demande doit contenir l'indication du prix offert et être notifiée au poursuivant qui, dans le délai de cinq jours, doit faire connaître son accord ou son désaccord.

En cas de désaccord sans motif valable, la partie saisie peut s'en référer au Président de la juridiction qui statue en référé, sur le bien-fondé ou non de la demande de la partie saisie.

En cas d'accord ou de décision du juge du bien-fondé de la demande de la partie saisie, le greffier renvoie les pièces de la procédure au Conservateur des Titres Fonciers pour réalisation de la vente volontaire.

Article 411 :

Le saisissant fait vendre l'immeuble publiquement et aux enchères par le Conservateur des Titres Fonciers. Celui-ci rédige le cahier des charges, mentionnant la mise à prix et toutes charges grevant directement ou indirectement l'immeuble.

Article 412 :

Sur requête du saisissant, le Conservateur des Titres Fonciers fixe le lieu de la vente, les localités où elle sera annoncée par voie d'affiches et les modalités de cette publicité.

Article 413 :

Le Conservateur des Titres Fonciers, après avoir pris l'avis du saisissant et de la partie saisie, fixe la date de la vente publique, au moins quinze jours après la notification du commandement, et au moins trente jours après l'affichage dans la localité où la vente doit avoir lieu.

Ingingo ya 410 :

Inyuma y'imenyeshwa ry'umutahe wo gufatisha utegekanijwe mu ngingo ya 405, uwafatiwe amatungo arashobora gusaba ko avyigurishiriza we nyene icamunara canke akumvikana n'umwe bahagarikiwe n'Uwujjwe kwandika no gushingura impapuro ndangatongo.

Ikete risaba igurisha ritegerezwa kwerekana igiciro uwushaka kugura yatanze, bikamenyeshwa n'uwari yarafatishije amatungo, uyu na we afise imisi itanu y'ukuvuga kw'avyemeye n'uko atavyemeye.

Mu gihe atavyemeye ata mvo ishemeye, uwafatiwe amatungo arashobora guca yitura Umukuru wa Sentare, na we agaca afata ingingo yihuta ivuga ko uwari yafatiwe amatungo arira canke atarira busema mu gusaba ko avyigurishiriza.

Mu gihe umucamanza avyemeye canke akabishingira ingingo ku neza y'uwapatiwe amatungo, umwanditsi w'imanza aca arungika izo ngingo za sentare ku Wujjwe kwandika no gushingura impapuro ndangatongo kugira arekure yongere anacungere igurishwa ry'ayo matungo bitarinze guca mu camunara.

Ingingo ya 411 :

Uwafatishije ikitimuka arasaba Uwujjwe kwandika no gushingura impapuro ndangatongo ko agurisha icamunara ico kitimuka. Na we akagira urutonde rw'ibisabwa agatomora neza igiciro hamwe n'ivyo vyose ico kitimuka giheranye co nyene canke biciye mu bundi buryo .

Ingingo ya 412 :

Bisabwe n'uwafatishije ikitimuka, Uwujjwe kwandika no gushingura impapuro ndangatongo arashinga aho igurishwa ribera n'ahazomanikwa ibitangazwa bijanye n'ukugene bizatangazwa.

Ingingo ya 413 :

Uwujjwe kwandika no gushingura impapuro ndangatongo amaze kwumva icyimviro c'uwapatiwe amatungo, aca ashinga igenekerezo iryo gurishwa rizoberako n'imiburiburi imbere y'imisi cumi n'itanu iharurwa kuva hamenyeshajwe umutahe w'ugufatisha amatungo, n'imiburiburi imisi mirongo itatu hamaze kumanikwa urwandiko ahantu iryo gurishwa ritegerezwa kuberako.

Article 414 :

Si le saisissant ou la partie saisie estime que le prix offert est insuffisant, il peut demander que l'adjudication soit remise à une date ultérieure qui est fixée par le Conservateur des Titres Fonciers dans un délai qui ne peut excéder trois semaines, sauf permission du juge.

Si à la deuxième adjudication, l'acquéreur ne paie pas la somme à laquelle l'immeuble a été adjugé, le fol enchérisseur est tenu de la différence entre son offre et le prix de vente sur folle enchère sans pouvoir réclamer l'excédant s'il y en a.

Article 415 :

Si plusieurs immeubles sont mis simultanément en vente ou plusieurs parcelles d'un même immeuble, l'adjudication prend fin dès que le produit de la vente suffit pour couvrir le montant de la créance et des frais.

Article 416 :

En cas de saisie de plusieurs immeubles le débiteur peut indiquer au Conservateur des Titres Fonciers l'ordre dans lequel les immeubles doivent être vendus.

Article 417 :

Si le débiteur possède plusieurs immeubles dont une partie seulement a été saisie, il peut demander au juge de contraindre, par ordonnance, le créancier à saisir également les autres immeubles afin qu'il puisse jouir du bénéfice de l'article précédent.

Article 418 :

Le Conservateur des Titres Fonciers dresse l'acte d'adjudication et en remet expédition à l'adjudicataire, après qu'il a justifié du paiement du prix et des frais entre les mains d'un comptable de l'Etat. L'adjudicataire fait enregistrer la propriété en son nom en remettant au Conservateur des Titres Fonciers copie de l'acte d'adjudication.

Ingingo ya 414 :

Iyo uwafatishije canke uwafatiwe amatungo abona ko ikiguzi catanzwe kidakwiye arashobora gusaba ko iryo gurisha ry'icamunara ryimurirwa ku rindi sango rishingwa n'uwujewe kwandika no gushingura impapuro ndangatongo mu kiringo kitarenga indwi zitatu kiretse umucamanza abitangiye uruhusha.

Mu gihe kw'igurishwa ry'icamunara rya kabiri, uwatsindiye isoko adatanze amafaranga yari yumvikanyweko, uwarenze ku masezerano ategerezwa gutanga amafaranga angana na yo yari gutanga ukuyemwo ayatanzwe uwo amaze gukuramwo akarenge kandi ntashobora gusaba ayangako n'aho yoba ari.

Ingingo ya 415 :

Igihe hagurishijwe rimwe ibitimuka vyinshi canke ibice vy'ikitimuka kimwe, igurisha ry'icamunara rirangira kuva igihe ikiguzi kizoba gikwiye kugira ngo hishurwe umwenda hongeweko ayandi mafaranga yakoreshejwe.

Ingingo ya 416 :


Mu gihe hafatishijwe ibitimuka vyinshi, uwuheranye arashobora kwereka Uwujewe kwandika no gushingura impapuro ndangatongo urufonde rwokurikizwa mu kugurisha ivyo bitimuka.

Ingingo ya 417 :

Iyo uwuheranye afise ibitimuka vyinshi, hakaba harimwo igice cafashwe, arashobora gusaba umucamanza ko yotegeka, abicishije mu ngingo afata, uwuheraniwe agafatisha ibindi bitimuka kugira ngo aronswe akarusho gatungwa n'ingingo ihejeje kuvugwa.

Ingingo ya 418 :

Uwujewe kwandika no gushingura impapuro ndangatongo aragira urwandiko rwemeza ivyagurishijwe icamunara akongera agaha ikopi yarwo uwatsindiye isoko amaze kwerekana ko yarishe ikiguzi n'amafaranga yakoreshejwe akayashikiriza umunyabigega wa Reta. Uwatsindiye isoko aca yandikisha ico yatsindiye kw'izina ryiwe aca asubiza Uwujewe kwandika no gushingura impapuro ndangatongo ikopi y'urwandiko rwemeza ivyagurishijwe icamunara.



Article 419 :

Le créancier se fait payer par le comptable de l'Etat sur le produit de l'adjudication le montant de sa créance et les frais en produisant la copie de son titre et les quittances des frais payés.

Sous peine de nullité de la vente publique, le créancier ne peut jamais se porter adjudicataire ni directement, ni par personne interposée, sauf convention contraire entre parties. L'action résultant de cette nullité se prescrit après trois ans à partir de la date du procès-verbal d'adjudication.

Article 420 :

Un droit de 6% est perçu au profit du Trésor public sur le montant du prix d'adjudication.

Article 421 :

Si la vente de l'immeuble produit une somme supérieure au montant de la créance et des frais, le surplus est restitué par le comptable au débiteur exproprié.

Article 422 :

L'aliénation des immeubles faite par le débiteur après le commandement prévu à l'article 309 de la présente loi est nulle de plein droit, à moins que l'acquéreur ne consigne entre les mains du comptable de l'Etat la somme due au créancier ainsi que le montant des frais.

Article 423 :

Les créanciers autres que le saisissant ne peuvent intervenir pour prendre part à la distribution qu'après avoir fait reconnaître l'exigibilité de leurs créances par jugement et après avoir consigné la part des frais fixés par le juge.

Article 424 :

Toutes les difficultés de procédure qui peuvent se produire au cours de la saisie immobilière sont tranchées par ordonnance du Président du tribunal de grande instance sans qu'appel puisse être interjeté.

Ingingo ya 419 :

Uwuharaniwe yishurwa n'umunyabigega wa Reta ku mafaranga yavuye mw'igurishwa ry'icamunara, amafaranga yari aheraniwe hongeweko ayandi mafaranga yakoreshejwe ari uko yerekanye ikopi y'urupapuro ndangatongo rwiwe hamwe n'ibitasi c'amafaranga yarishe.

Kugira igurisha ry'icamunara ntiribe impfagusa, uwuharaniwe ntiyemererwa kuba mu bahiganiwa isoko haba ku giti ciwe canke afise uwundi muntu yatumye kiretse ababuranyi bagiraniye amasezerano ateye kubiri n'ivyo. Urubanza rw'iryo gurisha ryabaye impfagusa ruta igihe haciye ikiringo c'imyaka itatu giharurwa kuva ku musi handikiweko icegeranyo c'igurisha ry'icamunara.

Ingingo ya 420 :

Ibice bitandatu kw'ijana vy'amafaranga yavuye mw'igurisha ry'icamunara ashirwa mu kigega ca Reta.

Ingingo ya 421 :

Mu gihe amafaranga ikitimuka kigurishijweko arenze umwenda uheranywe hongeweko ayandi mafaranga yakoreshejwe, ayarenzako umunyabigega ayasubiza uwari aheranye yasohowe.

Ingingo ya 422 :

Ihererekanwa ry'ibitimuka rigizwe n'uwuharanye amaze guhabwa urwandiko rw'ugufatisha ikitimuka rutegekanijwe mu ngingo ya 309 rica riba impfagusa kiretse ashikirije umunyabigega wa Reta amafaranga aheranywe hamwe n'amafaranga yakoreshejwe.

Ingingo ya 423 :

Abandi baharaniwe atari uwafatishije amatungo ntibashobora kuja mu bagaburirwa amafaranga kiretse bamaze kwerekana ko umwenda wabo ugeze kwishurwa biciye muri sentare kandi bamaze gutanga amafaranga yashinzwe n'umucamanza.

Ingingo ya 424 :

Ingorane zose zifatiye ku mategeko akurikizwa zishobora kwandika mw'ifatishwa ry'ikitimuka zitorerwa umuti biciye mu ngingo y'Umukuru wa sentare nkuru y'igihugu kandi itabanje kwungururizwa.

Article 425 :

Les questions d'ordre sont portées devant les tribunaux en suivant les règles prévues pour les référés.

Le président du tribunal de grande instance compétent peut toutefois, après l'adjudication, ordonner la convocation des créanciers qui se seront fait connaître, afin d'amener entre eux un arrangement sur la distribution du prix.

Si les formalités légales prévues par la présente loi n'ont pas été observées, celui contre lequel la poursuite en expropriation est exercée peut intenter l'action en nullité de la vente devant le tribunal de grande instance territorialement compétent. L'action en nullité doit, à peine de déchéance, être intentée et son exercice notifié au Conservateur des Titres Fonciers dans la huitaine franche de l'adjudication ou, si celui auquel cette action appartient n'a pas assisté à la vente, dans la huitaine franche du jour où l'adjudication lui a été signifiée. L'Etat ne pourra pas être appelé en garantie.

En cas de force majeure, le délai pour l'exercice de l'action pourra être prolongé par décision du juge. Notification de cette décision sera faite au Conservateur des Titres Fonciers par la personne qui l'aura obtenue.

La mutation de la propriété ne pourra être opérée qu'après les délais accordés pour exercer l'action en nullité et, en cas d'exercice de celle-ci, qu'après un jugement passé en force de chose jugée validant la vente.

Article 426 :

Si les deniers arrêtés ou le prix des ventes ne suffisent pas pour payer les créanciers, le saisi et les créanciers sont tenus, dans le mois, de convenir de la distribution par contribution.

Ingingo ya 425 :

Ibibazo vyose vyerekeye urutonde rw'abaheraniwe biturwa sentare hakurikijwe amategeko agenga imanza zihuta.

Umukuru wa sentare nkuru y'igihugu ibifitiye ububasha arashobora ariko, inyuma y'igurisha ry'icamunara, kurengutsa abaheraniwe bimenyekanishije kugira abumvikanishe ku kugene bogabura amafaranga yagurishijwe amatungo y'uwuheranye.

Igihe ibisabwa bitegekanijwe n'iri bwirizwa bitubahirijwe, uwuriko arakurikiranwa kugira amatungo yiwe agurishwe icamunara arashobora kwitwara muri sentare nkuru y'igihugu yo mu karere ibifitiye ububasha asaba ko yogira ubwo buguzi impfagusa. Urubanza rw'ukugira impfagusa ubuguzi rutegerezwa, kugira ntirute igihe, gushikirizwa sentare no kumenyeshwa uwujijwe kwandika no gushinga impapuro ndangatongo mu misi umunani yuzuye iharurwa kuva habaye igurisha ry'icamunara canke, iyo uwo urwo rubanza rwerekeye atigeze abona iryo gurishwa, rushikirizwa sentare mu misi umunani yuzuye iharurwa kuva umusi igurisha ry'icamunara yarimenyesherejweko. Reta ntishobora kuba umwishingizi.

Mu gihe hari intambamyi ntasimbwa, ikiringo co gushinga urwo rubanza kirashobora kwongerezwa biciye mu ngingo y'umucamanza. Iyo ngingo imenyeshwa uwujijwe kwandika no gushingura impapuro ndangatongo n'umuntu aba yayironse.

Ukwimurira ububasha ku kitimuka ku wagitsindiye ntibishora kuba imbere y'uko harangira ibiringo vyatanzwe vyo gusaba ko igurishwa ry'icamunara riba impfagusa, mu gihe sentare yitwaga na ho, bishoboka mu gihe urubanza rwemeza ubwo buguzi rwamaze kuba ntabanduka.

Ingingo ya 426 :

Mu gihe amafaranga yemewe canke igiciro c'amafaranga y'ivyagurishijwe adakwiye kugira abaheraniwe bishurwe, uwafatiwe amatungo n'abaheraniwe bategerezwa, mu kiringo c'ukwezi kwumwe, kwumvikana ingene bayagabanganya hafatiwe ku yo umwumwe yari afatiwe.

A défaut d'accord dans ledit délai, le comptable de l'Etat remettra le prix reçu au greffier de la juridiction ayant autorisé la saisie ou prononcé la condamnation et le Président ou son délégué procédera à la distribution.

CHAPITRE IV. DES ASTREINTES

Article 427 :

L'astreinte est une condamnation à une somme d'argent, à raison de tant par jour, par semaine ou par mois de retard, prononcée par le juge du fond ou le juge des référés, contre un débiteur récalcitrant, en vue de l'amener à exécuter la décision de justice ou tout autre mesure exécutoire.

Article 428 :

Les tribunaux peuvent, même d'office, ordonner une astreinte pour assurer l'exécution de leurs décisions, notamment lorsqu'elles édictent une obligation de faire ou de démolir.

L'astreinte peut être ordonnée postérieurement à la décision au fond par le président de la juridiction notamment dans les cas du refus manifeste de la partie condamnée de satisfaire à la décision exécutoire.

Article 429 :

L'astreinte est indépendante des dommages-intérêts. Elle est provisoire ou définitive. Elle est prononcée au profit de la partie bénéficiaire de l'exécution.

L'astreinte doit être considérée comme provisoire à moins que le juge n'ait précisé son caractère définitif.

Article 430 :

Aucune astreinte n'est prononcée contre l'Etat, une commune, une société publique ou mixte.

Vyanse ko bumvikana muri ico kiringo, umunyabigega wa Reta aca ashikiriza umwanditsi w'imanza wa sentare yafashe iyo ngingo y'ugufatisha amatungo canke yaciye igihano, Umukuru wa sentare canke intumwa yiwe akaba ari we ayabagaburira.

IGICE CA IV : IYEREKEYE AMAHADABU Y'UGUCERERWA KURIHA

Ingingo ya 427 :

Ihadabu ry'ugucererwa kuriha ni igihano c'ukuja hararihwa amafaranga, ku musu ku musu, ku ndwi ku ndwi canke ku kwezi ku kwezi uwuheranye atarishe, gishingwa n'umucamanza w'ido n'ido canke umucamanza w'imanza zerekeye ivyihutirwa, agicira uwuheranye adashaka kuriha, mu ntumbero yo kumutuma ashira mu ngiro ingingo ya sentare canke iyindi ngingo yose itegerezwa gushirwa mu ngiro.

Ingingo ya 428 :

Sentare zirashobora, n'aho zoba zivyibwirije, gushinga ihadabu ry'ugucererwa kuriha kugira ingingo zafashe zishirwe mu ngiro, na canecane mu gihe zitegeka gukora canke kubomora.

Ihadabu ry'ugucererwa kuriha rirashora gushingwa ingingo yo mw'ido n'ido imaze gufatwa n'umukuru wa sentare na canecane mu gihe umuburanyi yahaniwe gushira mu ngiro ingingo itegerezwa gukurikizwa yerekanye akagagazo ko kutayishira mu ngiro.

Ingingo ya 429 :

Igihano c'ugutanga ihadabu ry'ugucererwa kuriha kiratandukanye n'ic'ugutanga indishi. Gishobora kuba igihano c'agateganyo canke ntabanduka. Gishingwa ku neza y'umuburanyi yashikirijwe ingingo itegerezwa gukurikizwa.

Igihano c'ugutanga ihadabu ry'ugucererwa kuriha gifatwa nk'igihano c'agateganyo kiretse umucamanza atomoye ko ari ntabanduka.

Ingingo ya 430 :

Nta gihano c'ugucererwa kuriha na kimwe gihabwa Reta, Komine canke ishira hamwe rya Reta canke ishira hamwe Reta n'abikorera ivyabo basukiraniye imitahe.

CHAPITRE V : DES REGLES PARTICULIERES RELATIVES A L'EXPULSION

Section 1 : Des conditions de l'expulsion

Article 431 :

Sauf disposition spéciale, l'expulsion d'un immeuble ou d'un lieu habité est poursuivie en vertu d'une décision de justice ou d'un procès-verbal de conciliation exécutoire après signification d'un commandement d'avoir à libérer les locaux.

Article 432 :

Lorsque l'expulsion porte sur un lieu habité par la personne à expulser ou par tout occupant de son chef ou porte sur un local à usage professionnel, elle a lieu à l'expiration d'un délai de trente jours qui suit la notification du commandement.

Article 433 :

Lorsque l'expulsion peut avoir pour la personne concernée des conséquences d'une exceptionnelle dureté, le délai prévu à l'article précédent peut être prorogé par le juge pour une durée n'excédant pas soixante jours.

Section 2 : Du sort des meubles

Article 434 :

Les meubles se trouvant sur les lieux sont remis, aux frais de la personne expulsée, en un lieu que celle-ci désigne. A défaut, les meubles sont laissés sur place ou entreposés en un autre lieu approprié et décrits avec précision par le juge ou l'huissier chargé de l'exécution avec sommation à la personne expulsée d'avoir à les retirer dans un délai fixé par le juge.

Article 435 :

A l'expiration du délai imparti et sur autorisation du juge, les meubles sont mis en vente aux enchères publiques.

IKIGABANE CA V : INGINGO ZEREKEYE GUSA IBIJANYE N'UGUSOHORWA

Agace ka 1 : Ibisabwa bijanye n'ugusohorwa

Ingingo ya 431 :

Kiretse hari ingingo idasanzwe ibitegekanya ukundi, ugusohora umuntu mu kitimuka canke aho aba bigirwa hisunzwe ingingo ya sentare canke icegeranyo cerekeye ukwumvikanisha gitegerezwa gikurikizwa urwandiko rutegeka gushikiriza inyubakwa rumaze kumenyeshwa.

Ingingo ya 432 :

Mu gihe ugusohora vyerekeye ukuva mu kibanza umuntu asohorwa asanzwe abamwo canke uwo wese ahaba yahasizwe n'uwusohorwa canke vyerekeye inyubakwa irangurirwamwo akazi, bigirwa hamaze kurangira ikiringo c'imisi mirongo itatu ikurikira umusi urwandiko rutegeka gushikiriza iyo nyubakwa rumenyesherejweko.

Ingingo ya 433 :

Mu gihe ugusohora umuntu bishobora kumugirira ingaruka zihambaye cane, ikiringo gitegekanyijwe mu ngingo ya 432 kirashobora kwongerwako n'umucamanza ikiringo kitarenza imisi mirongo itandatu.

Agace ka 2 : Ico amatungo yimuka akoreshwa

Ingingo ya 434 :

Amatungo ari mu kibanza bisohorwamwo umuntu ashirwa mu kibanza yerekana kandi akaba ari we atanga amafaranga y'ukuvyunguruza. Atayatanze, bigumizwa mu kibanza vyarimwo canke bigashirwa mu bushinguro bwo mu kindi kibanza kibereye kandi bikadondorwa neza uko bimeze n'umumenyeshamanza ari na we mu kuzishira mu ngiro ajejwe gushira mu ngiro ingingo yafashwe na sentare kandi agategeka uwirukanywe kuba yabikuyeho mu kiringo gishingwa n'umucamanza.

Ingingo ya 435 :

Ikiringo catanzwe kirangiye kandi umucamanza abitangiye uruhusha, amatungo yimuka aca agurishwa icamunara.

Le juge peut déclarer abandonnés les biens qui ne sont pas susceptibles d'être vendus.

Le produit de la vente est remis à la personne expulsée après déduction des frais et de la créance du bailleur.

CHAPITRE VI : DE L'EXEQUATUR

Article 436

En matière civile, commerciale, sociale et administrative, les décisions contentieuses et gracieuses rendues par les juridictions étrangères ont l'autorité de la chose jugée sur le territoire burundais si elles réunissent les conditions suivantes :

- 1° qu'elles ne contiennent rien de contraire à l'ordre public burundais ;
- 2° que, d'après la loi du pays où les décisions ont été rendues, elles soient passées en force de chose jugée ;
- 3° que, d'après la même loi, les expéditions produites réunissent les conditions nécessaires à leur authenticité ;
- 4° que les droits de la défense aient été respectés ;
- 5° que la juridiction étrangère ne soit pas uniquement compétente en raison de la nationalité du demandeur.

Article 437 :

L'exequatur est accordé, quelle que soit la valeur du litige, par le tribunal de grande instance dans le ressort duquel l'exécution est poursuivie.

Umucamanza arashobora gutangaza ko amatungo adashobora kugurishwa ahebwe.

Ibivuye mu vyagurishijwe bihabwa uwasohowe mu matungo yiwe hamaze gukurwamwo amafaranga yagiye arakoreshwa muri ico gikorwa n'amafaranga yaraheranye.

IGICE CA VI : IVYEREKEYE ISHIRWA MU NGIRO RY'URUBANZA RWACIRIWE MU MAHANGA

Ingingo ya 436 :

Mu manza zerekeye amatati, ubudandaji, akazi n'intwaro, ingingo zerekeye ibirimwo amatati n'izerekeye ibitarimwo amatati zafashwe na sentare zo mu mahanga ziba zifatwa nk'izabaye ntabanduka mu Burundi iyo zikwiye ibisabwa bikurikira :

- 1° Kuba ata na kimwe kirimwo cohungabanya umutekano w'igihugu ;
- 2° Kuba, hisunzwe amategeko y'igihugu ingingo zafatiwemwo, zarabaye ntabanduka ;
- 3° Kuba, hisunzwe ayo mategeko nyene, amakopi y'imanza zaciwe yashikirijwe akwiye ibisabwa bikenewe kugira yemerwe ko ari ayo ukuri ;
- 4° Kuba uburenganzira bw'ukwiregura bwarubahirijwe ;
- 5° Kuba sentare yo mu mahanga itazihereye ububasha gusa kubera ubwenegihugu bw'uwitwaye.

Ingingo ya 437 :

Urubanza rwaciriwe mu mahanga rushirwa mu ngiro na sentare nkuru y'igihugu yo mu karere rushirirwamwo mu ngiro, hatarabwe agaciro k'icerekewe n'amatati.

Le tribunal statue en formation collégiale par une décision susceptible de recours.

En matière gracieuse, l'instance est dirigée contre le Ministère public.

Article 438 :

La décision d'exequatur a effet entre les parties à l'instance en exequatur et sur toute l'étendue du territoire de la République du Burundi.

Article 439 :

La partie qui invoque l'autorité d'une décision judiciaire ou qui en demande l'exécution doit produire après visa du ministère ayant les affaires étrangères dans ses attributions sauf convention internationale contraire :

- 1° une expédition de la décision réunissant les conditions nécessaires à son authenticité ;
- 2° l'original de l'exploit de signification de la décision ou de tout autre acte qui tient lieu de signification ;
- 3° une pièce délivrée par le greffe de la juridiction étrangère qui constate que la décision n'est pas frappée d'opposition ou d'appel.

Article 440 :

Les actes authentiques, dressés en pays étrangers par les autorités étrangères qualifiées, sont déclarés exécutoires au Burundi suivant les modalités prévues à l'article 437 de la présente loi.

Article 441 :

Lorsque ces documents énumérés aux articles 439 et 440 de la présente loi ne sont pas rédigés en langue officielle au Burundi, la partie requérante en produit une traduction.

Sentare ifata ingingo biciye mu ntahe igizwe n'umugwi w'abacamanza kandi iyo ngingo ishobora kwunguruzwa.

Mu vyerekeye imanza zitarimwo amatati, urubanza rushingishirizwa urwego rw'abashikirizamanza.

Ingingo ya 438 :

Ingingo yafatiwe mu rubanza rwaciriwe mu mahanga igira ingaruka ku baburanyi bari muri urwo rubanza no ku gataka kwose k'Uburundi.

Ingingo ya 439 :

Umwe mu baburanyi yerekanye ingingo yavuye kw'isubirwamwo canke asaba ko ishira mu ngiro ategerezwa, abanje gusaba uruhusha Ubushikiranganji bujewe imigenderanire n'ayandi makungu kiretse amasezerano mpuzamakungu abitegekanya ukundi, gutanga ibi bikurikira :

- 1° Ikopi y'ingingo ikwiye ibisabwa bikenewe kugira yemerwe ko ari ari iy'ukuri ;
- 2° Urwandiko rw'imvaho rwerekana ko ingingo yafashwe yamenyeshejwe canke urundi rwandiko rwose rufatwa nka rwo ;
- 3° Urwandiko rutangwa n'iyandikiro ry'imanza rya sentare yo mu mahanga rwemeza ko ata wasubirishijemwo iyo ngingo canke ngo ayungururize.

Ingingo ya 440 :

Inzandiko zemerejwe mu mahanga ko ari iz'ukuri n'ubutegetsi bubifitiye ububasha, biremewe ko zica zishirwa mu ngiro mu Burundi hakurikijwe ibitegekanyijwe mu ngingo ya 437.

Ingingo ya 441 :

Mu gihe inzandiko zidondaguwe mu ngingo ya 439 n'iya 440 zitanditswe mu rurimi rukoreshwa mu ntwaro rwemewe n'amategeko, uwo vyerekeye aca azihinduzwa muri urwo rurimi.

CHAPITRE VII : DE LA CONCILIATION

Article 442 :

La conciliation est un processus structuré par lequel deux ou plusieurs parties tentent de parvenir à un accord, en vue de la résolution amiable de leur différend, avec l'aide d'un juge ou d'un conseil des notables de la colline ou de quartier du lieu du litige.

Article 443 :

Il n'est déféré devant le tribunal de résidence que des questions qui ont fait objet de débats lors de la procédure de conciliation.

Avant toute instruction d'une affaire civile de la compétence du tribunal de résidence, celui-ci vérifie si les parties ont préalablement saisi le Conseil des notables de la colline ou de quartier du lieu du litige conformément aux dispositions légales en la matière.

Les témoins à entendre sont principalement ceux qui ont déposé devant le Conseil des notables.

Article 444 :

La procédure de conciliation devant le Conseil des notables est obligatoire dans tous les litiges qui sont de la compétence du tribunal de résidence.

Article 445 :

Le tribunal n'est pas lié par l'avis du Conseil des notables.

Le rejet de l'avis du Conseil des notables est motivé.

Article 446 :

Lorsqu'il n'est pas justifié, lors de l'introduction de l'instance, des diligences entreprises en vue de parvenir à une résolution amiable de leur litige, le juge peut proposer aux parties une mesure de conciliation ou de médiation.

IGICE CA VII : IYEREKEYE UKWUMVIKANISHA

Ingingo ya 442 :

Ukwumvikanisha ni uburyo butegekanijwe abegwa n'amatati babiri canke barenga bakoresha kugira bagerageze gushika ku mwumvikano, mu ntumbero yo gutorera umuti amatati yabo biciye mu mwumvikano, babifashijwemwo n'umucamanza canke n'intahe yo ku mugina.

Ingingo ya 443 :

Harungikwa gusa muri sentare ibibazo abafitaniye amatati bagiranjeko mu gihe c'ukubumvikanisha.

Imbere y'ugutohoza urubanza rw'amatati sentare y'intango ifitiye ububasha yashikirijwe, irasuzuma ko abafitaniye amatati babanje kwitura Intahe yo ku mugina hisunzwe amategako abigenga.

Amasura yumvirizwa ni canecane abasuye mu Ntahe yo ku mugina.

Ingingo ya 444 :

Amatati yose sentare y'intango ifitiye ububasha ategerezwa kubanza guca mu Ntahe yo ku mugina kugira yumvikanishe abatase

Ingingo ya 445 :

Sentare nitegerezwa kwemeza ivyashikirijwe n'Intahe yo ku mugina.

Igihe sentare y'intango itisunze ivyashikirijwe n'Intahe yo ku mugina itegerezwa kubitangira imvo.

Ingingo ya 446 :

Mu gihe bidasiguritse, mu gihe c'ugushingisha urubanza, ivyakozwe mu ntumbero yo gutorera umuti abafitaniye amatati biyumvikaniye, umucamanza arashobora kubaterera iviyumviro mu ntumbero yo kubumvikanisha canke kubahuza.

TITRE III : DE L'ARBITRAGE**CHAPITRE I : DES DISPOSITIONS GENERALES****Article 447 :**

Toutes personnes peuvent compromettre sur les droits dont elles ont la libre disposition.

Article 448 :

Le compromis est valable encore qu'il ne fixe pas de délai, et, en ce cas, la mission des arbitres ne peut dépasser six mois, à compter du jour du compromis. Passé ce délai, ils sont déchus de leur mission à moins que les parties n'en conviennent autrement.

Article 449 :

Si les parties n'en sont autrement convenues, elles suivent pour la procédure les formes et les délais établis pour les tribunaux.

Article 450 :

Le choix de la voie arbitrale emporte renonciation de la voie judiciaire.

La sentence arbitrale est définitive et rendue en dernier ressort.

Par la soumission de leur différend à l'arbitrage, les parties s'engagent à exécuter sans délai la sentence à intervenir et renoncent à toutes voies de recours auxquelles elles peuvent valablement avoir droit.

CHAPITRE II : DU COMPROMIS**Section 1 : De l'objet et de la forme du compromis****Article 451 :**

Le compromis doit désigner les objets en litige et les noms des arbitres, sous peine de nullité. Il détermine et circonscrit la mission des arbitres.

IKIGABANE CA III : IVYEREKEYE UKWUMVIKANISHA KA BUHUZA**IGICE CA 1 : INGINGO NGENDERWAKO****Ingingo ya 447 :**

Abantu bose barashobora kwumvikana ku burenganzira basanzwe bafise n'ububasha bwo kubuhanahanako.

Ingingo ya 448 :

Umwumvikano uremewe n'ubwo utokwerekana ikiringo, kandi muri ico gihe igikorwa c'abahuza ntigishobora kurenza amezi atandatu, aharurwa kuva umusi umwumvikano wabereyeko. Ico kiringo kirenze, bifatwa nk'uko vyabananiye kiretse izo mpande zivyumvikanye ukundi.

Ingingo ya 449 :

Iyo abafitaniye amatati batavyumvikanye ukundi, bakurikiza ku vyerekeye ibitegekanijwe n'amategeko, uburyo n'ibiringo bitegekanijwe na sentare.

Ingingo ya 450 :

Uguhita mu inzira y'ukwitura umuhuza ni uguheba inzira yo mu butungane.

Ingingo yafashwe biciye ku muhuza ni ntabanduka kandi ntishobora kwunguruzwa.

Mu gihe abafitaniye amatati bumvikanye kuyatura umuhuza, impande zose ziba zemeye gukurikiza zidateye ingingo iza gufatwa kandi zikavavanura n'izindi nzira zose z'ukwunguruzwa bashobora kuba bafitiye uburenganzira.

IGICE CA II : IVYEREKEYE UMWUMVIKANO**Agace ka 1 : Icateye amatati n'uburyo bw'ugushika ku mwumvikano****Ingingo ya 451 :**

Umwumvikano utegerezwa kwerekana ivyateye amatati n'amazina y'abahuza kugira ntube impfagusa. Uratomora kandi ukaringaniza igikorwa c'abahuza.

Article 452 :

Le compromis peut être fait par acte authentique ou sous seing privé ou par procès-verbal devant les arbitres choisis.

Section 2 : De la fin du compromis**Article 453 :**

Le compromis finit par :

- 1° le décès, refus ou empêchement d'un des arbitres, à moins que le remplacement ne soit fait au choix des parties ou des arbitres restants ;
- 2° l'expiration du délai stipulé ou de celui de six mois, à moins que les parties n'en soient convenues autrement ;
- 3° par l'accord des parties retirant aux arbitres leur mission ;
- 4° par l'accomplissement de la mission.

Section 3 : De la clause compromissoire**Article 454 :**

La clause compromissoire est la convention par laquelle les parties à un contrat s'engagent à soumettre à l'arbitrage les litiges qui pourraient naître relativement à ce contrat.

Article 455 :

La clause compromissoire doit à peine de nullité être stipulée par écrit dans la convention principale ou dans un document auquel celle-ci se réfère. Elle doit, soit désigner le ou les arbitres, soit prévoir les modalités de leur désignation.

Ingingo ya 452 :

Umwumvikano urashobora kugirwa biciye mu masezerano yemejwe n'ababifiye ububasha canke mu rwandiko ruterwako igikumu n'abumvikanye canke biciye mu cegeranyo kigirirwa imbere y'abahuza batowe.

Agaca ka 2 : Ibituma umwumvikano urangira**Ingingo ya 453 :**

Umwumvikano urangira bitumwe na :

- 1° Urupfu, ukwanka canke ugufatirwa k'umwe mu bahuza kiretse ukumusubiriza bigizwe n'abatase canke abahuza basigaye ;
- 2° Igihe ikiringo gitegekanijwe kirangiye canke ic'amezi atandatu, kiretse abatase bavyumvikanye ukundi ;
- 3° Uko abatase bagiraniye amasezerano y'uguhagarika igikorwa c'abahuza ;
- 4° Uko igikorwa c'abahuza kirangiye.

Agace ka 3 : Ivyerekeye ingingo y'umvikanyweko**Ingingo ya 454 :**

Ingingo yumvikanyweko ni amasezerano hagati y'abafitaniye amatati biyemeje ko amatati ashobora kwaduka yerekeye ayo masezerano azotorerwa umuti biciye ku bahuza.

Ingingo ya 455 :

Kugira ingingo yumvikanyweko ntibe impfagusa, itegerezwa kuba yanditswe mu masezerano nyamukuru canke mu rwandiko rubigaragaza. Itegerezwa kugena umuhuza canke abahuza canke igategekanya ingene bogenwa.

CHAPITRE III : DE LA FORME D'ARBITRAGE

Article 456 :

L'arbitrage peut être ad hoc ou institutionnel.

Article 457 :

L'arbitrage ad hoc est celui organisé par les parties elles-mêmes dans la convention d'arbitrage et selon les règles de procédure convenues. A cet effet, les parties peuvent se convenir sur une loi, même étrangère, qui sera d'application.

L'arbitrage ad hoc est composé soit d'un arbitre unique soit de trois arbitres.

Article 458 :

L'arbitrage institutionnel est celui dont les parties ont confié l'organisation à une institution permanente d'arbitrage et qui juge conformément à ses propres règles.

Article 459 :

Le litige est soumis au tribunal arbitral soit conjointement par les parties, soit par la partie la plus diligente.

Article 460 :

Le tribunal arbitral doit être composé d'un arbitre unique ou de trois arbitres.

En cas de pluralité d'arbitres, les deux premiers sont nommés respectivement par les parties, le troisième est désigné de commun accord par les parties ou, à défaut, par l'institution d'arbitrage. Si une partie se dérobe à son obligation de désignation d'arbitre, l'institution d'arbitrage y supplée après l'en avoir averti.

Article 461 :

L'instance arbitrale est liée dès le moment où le compromis des parties est accepté par les arbitres.

IGICE CA III : INGENE UKWUMVIKANISHA KUMEZE

Ingingo ya 456 :

Ukwumvikanisha birashobora kugirwa n'abahuza bashiriweho ico canke n'urwego rusanze rwumvikanisha.

Ingingo ya 457 :

Ukwumvikanisha kugirwa n'abahuza bashizweho n'abafitaniye amatati nyene mu masezerano y'ukwumvikanisha hisunzwe ingingo bumvikanye. Muri ico gihe, impande zose zirashobora kwumvikana kw'itegeko ryokurikizwa naho ryoba iryo mu mahanga.

Ukwumvikanisha kugirwa n'abahuza bashiriweho ico kugirwa n'umuhuza umwe canke batatu.

Ingingo ya 458 :

Ukwumvikanisha kugirwa n'urwego rw'abahuza ni igihe abafitaniye amatati bashinze igikorwa w'ukubumvikanisha urwego rw'abahuza rusanze rwumvikanisha na rwo rukabuzuriza hisunzwe amategeko arugenga.

Ingingo ya 459 :

Amatati ajanwa muri sentare y'umvikanisha n'abafitaniye amatati canke bisabwe n'umuburanyi abifisemwo inyungu gusumba.

Ingingo ya 460 :

Sentare yumvikanisha itegerezwa kuba igizwe n'umuhuza umwe canke batatu.

Mu gihe hari abahuza benshi, babiri ba mbere bagenwa n'abafitaniye amatati bose, uwa gatatu yumvikanwako n'abafitaniye amatati canke bidashobotse, akagenwa n'urwego rujejwe kw'umvikanisha. Mu gihe umwe muri bo yidohoye kw'itegeko ryo kugena umuhuza, urwego rujejwe kwumvikanisha ni rwo rumusubiriza abanje kugabishwa.

Ingingo ya 461 :

Urwego rwo kwumvikanisha ruguma rubifisemwo uruhara kuva igihe umwumvikano w'abafitaniye amatati wemewe.

CHAPITRE IV : DES POUVOIRS DES ARBITRES

Article 462 :

Dès que sa mission est acceptée, l'arbitre a l'obligation de statuer sous peine de paiement de dommages et intérêts.

Article 463 :

L'arbitre n'est point le mandataire des parties. Il accomplit sa mission en toute indépendance.

Article 464 :

Les arbitres peuvent être récusés par les parties soit pour une cause postérieure au compromis, soit pour une cause antérieure au compromis, mais qui était ignorée quand celui-ci a été passé.

Article 465 :

Le tribunal arbitral peut à tout moment durant les débats :

- 1° demander aux parties de produire tous documents ou autres moyens de preuve ;
- 2° se transporter sur les lieux et y procéder à telles enquêtes qu'il estime nécessaires.

Article 466 :

Le tribunal arbitral répond à toutes demandes incidentes additionnelles ou reconventionnelles se rapportant directement à l'objet du différend.

Article 467 :

Le tribunal arbitral peut, s'il estime que les circonstances l'exigent, recommander toutes mesures conservatoires propres à sauvegarder les droits des parties.

IGICE CA IV : IVYEREKEYE UBUBASHA BW'ABAHUZA

Ingingo ya 462 :

Kuva umuhuza yemerewe kurangura amabanga, ategerezwa gufata ingingo atari aho na ho, agatanga indishi.

Ingingo ya 463 :

Umuhuza nta na rimwe yigera aba intumwa y'abafitaniye amatati. Arangura amabanga ashinzwe mu bwigenge ntangere.

Ingingo ya 464 :

Abafitaniye amatati barashobora gusaba ko abahuza bataramuka kubera imvo ishitse inyuma y'umwumvikano canke kubera imvo yashitse imbere yuko haba umwumvikano ariko itari izwi igihe umwumvikano waba.

Ingingo ya 465 :

Sentare ishashemwo abahuza irashobora, umwanya uwo ari wo wose mu gihe c'ukumviriza abafitaniye amatati :

- 1° Gusaba abafitaniye amatati kwerekana impapuro z'ivyemezo canke ibindi vyemezo ;
- 2° Gushika ahabereye amatati no kugiraho amatohoza ibona ko akenewe.

Ingingo ya 466 :

Sentare ishashemwo abahuza irishura ku bibazo vyose vyadutse vyiyongera canke bishikirijwe n'uwari yamwitwariye bijanye n'ico amatati yerekeye.

Ingingo ya 467 :

Sentare ishashemwo abahuza irashobora, igihe ibonye ko bikenewe, gusaba ko hafatwa ingingo zose z'imfatakibanza zijanye n'ugucungera ivyo abafitaniye amatati bafiseko uburenganzira.

CHAPITRE V : DES REGLES APPLICABLES A LA PROCEDURE D'ARBITRAGE

Article 468 :

Le tribunal arbitral suit les règles de procédure établies pour les tribunaux.

Toutefois, les parties peuvent directement ou par référence à un règlement d'arbitrage, régler la procédure arbitrale. Elles peuvent aussi soumettre la procédure arbitrale à la loi de procédure de leur choix.

Article 469 :

La procédure arbitrale est écrite.

Article 470 :

Les arbitres sont tenus de conduire la procédure arbitrale dans le respect de la convention des parties.

Ils ne peuvent appliquer des règles procédurales choisies par eux-mêmes qu'à défaut de la convention des parties.

CHAPITRE VI : DES REGLES APPLICABLES AU FOND DU LITIGE

Article 471 :

Les arbitres tranchent le fond du litige conformément aux règles de droit désignées par les parties ou, à défaut, ils choisissent eux-mêmes les règles les plus appropriées en tenant compte, le cas échéant, des usages du droit international.

Ils peuvent également statuer en amiable compositeur lorsque les parties leur en ont conféré ce pouvoir.

IGICE CA V : IVYEREKEYE AMATEGEKO AKURIKIZWA MU KUMVIKANISHA BICIYE KU MUHUZA

Ingingo ya 468 :

Sentare ishashemwo abahuza ikurikiza amategeko asanzwe ategakanirijwe sentare.

Ariko, abafitaniye amatati barashobora bo nyene canke bafatiye ku yandi mategeko y'ukumvikanisha, gutunganya uburyo bw'ukumvikanisha biciye ku muhuza. Barashobora kandi gusaba ko hakoreshwa amategeko y'ukumvikanisha bihitiyemwo.

Ingingo ya 469 :

Urubanza rw'ukumvikanisha ruba rwanditse.

Ingingo ya 470 :

Abahuza bategerezwa kumvikanisha ababituye hubahirijwe amasezerano y'abafitaniye amatati.

Abahuza ntibashobora gukurikiza amategeko bo nyene bitoreye kiretse igihe ata masezerano y'abitaniye amatati ahari.

IGICE CA VI : AMATEGEKO AKURIKIZWA KW'IDO N'IDO RY'AMATATI

Ingingo ya 471 :

Abahuza bihweza ido n'ido ry'amatati hisunzwe amategeko yashinzwe n'abafitaniye amatati canke iyo atahari na ho bagahitamwo bo nyene amategeko abereye gusamba bafatiye ku bisanzwe bikurikizwa ku rwego mpuzamakungu, iyo bihari.

Barashobora kandi gufata ingingo y'ukumvikanisha mu gihe abafitaniye amatati babahaye ubwo bubasha.

CHAPITRE VII : DE LA SENTENCE ARBITRALE**Article 472 :**

En cas de pluralité d'arbitres, le tribunal arbitral statue à la majorité des voix de ses membres.

Toutefois, tout membre du tribunal peut faire joindre à la sentence soit son opinion particulière, qu'il partage ou non l'avis de la majorité, soit la mention de son dissentiment.

Article 473 :

La sentence doit être motivée. Elle est signée par chacun des arbitres.

Dans le cas où il y a plus d'un arbitre et que la minorité refuse de la signer, les autres arbitres en font mention et la sentence a le même effet que si elle avait été signée par tous.

Article 474 :

Sur requête d'une des parties, le tribunal arbitral peut après notification à l'autre partie, statuer sur toute question sur laquelle il aurait omis de se prononcer dans la sentence ou corriger toute erreur matérielle. La requête doit intervenir dans les trente jours de la notification de la sentence.

Article 475 :

Les sentences arbitrales ne peuvent en aucun cas être opposées aux tiers.

IGICE CA VII : IVYEREKEYE INGINGO IFATWA N'ABAHUZA**Ingingo ya 472 :**

Mu gihe ari abahuza benshi, Sentare ishashemwo abahuza ifata ingingo ari uko benshi mu bayigize ari bo bayemeje.

Ariko, uwuri mu bagize iyo sentare uwo ari we wese arashobora gufatanya urubanza rwaciwe n'icegeranyo c'ivyiyumviro vyawe kuri urwo rubanza asangiye canke adasangiye na benshi mu bayigize canke binyuranye n'ingingo yafashwe.

Ingingo ya 473 :

Ingingo ifashwe n'abahuza itegerezwa gutangirwa imvo. Ishirwako umukono n'umwe umwe mu bahuza bose.

Igihe ari abahuza barenga umwe hanyuma bake muri bo bakanka kuyishirako umukono, abandi barayishirako umukono bakavyandikako kandi iyo ingingo y'abahuza iba ifise inkurikizi co kimwe n'iyoyobaye yashizweko umukono n'abahuza bose.

Ingingo ya 474 :

Sentare ishashemwo abahuza irashobora, ibisabwe n'umwe mu bafitaniye amatati kandi imaze kubimenyeshya urundi ruhande, gufata ingingo ku kibazo cose yoba yari yarirengagije gushikiriza aho ihagaze mu rubanza canke gukosora ikosa ryose ryashitse mu guca urubanza. Uwubisaba ategerezwa kubikora mu misi mirongo itatu kuva ingingo itangajwe.

Ingingo ya 475 :

Ingingo zifashwe n'abahuza ntizishobora na rimwe kwitwazwa imbere y'abandi.

CHAPITRE VIII : DE L'INTERPRETATION DE LA SENTENCE ARBITRALE

Article 476 :

Tout différend qui pourrait s'élever entre les parties concernant le sens ou la portée de la sentence arbitrale peut faire l'objet d'une demande en interprétation adressée par écrit à l'arbitrage ad hoc qui a statué ou aux organes habilités de l'arbitrage institutionnel.

CHAPITRE IX : DES FRAIS D'ARBITRAGE ET DES HONORAIRES DES ARBITRES

Article 477 :

Les organes habilités du tribunal institutionnel ou chaque arbitrage ad hoc fixent les honoraires et frais de ses membres dans les limites qui sont définies par lesdits organes ou ledit arbitrage ad hoc. Toutefois, les parties peuvent fixer par avance, en accord avec les organes de l'arbitrage institutionnel ou l'arbitrage ad hoc, les honoraires et frais de ses membres.

CHAPITRE X : DE LA FORCE EXECUTOIRE DES SENTENCES ARBITRALES INTERNES

Article 478 :

La sentence arbitrale, à défaut d'exécution amiable, est rendue exécutoire par l'ordonnance du président du tribunal de grande instance du lieu de l'exécution saisi sur requête de la partie la plus diligente.

La procédure relative à la demande d'exécution n'est pas contradictoire.

IKIGABANE CA VIII : IYEREKEYE UGUTAHURA INGINGO YAFASHWE N'ABAHUZA

Ingingo ya 476 :

Amatati yose ashobora kwaduka hagati y'abumvikanishijwe yerekeye insiguro canke ububasha bw'ingingo yafashwe n'abahuza arashobora gutuma hasabwa insiguro biciye mu rwandiko rurungikirwa abahuza bashirirwaho ico bari bafashe iyo ngingo canke inzego z'abahuza zibifitiye ububasha.

IGICE CA IX : AMAFARANGA AJANYE N'UKWUMVIKANISHA N'AGAHEMBO GAHABWA ABAHUZA

Ingingo ya 477 :

Inzego zibifitiye ububasha za sentare ishashemwo abahuza canke umugwi umwumwe w'abahuza bashirirwaho ico zirashinga agahembo n'amafaranga abazigize baronka hafatiwe ku yatomorwa n'izo nzego canke n'abo bahuza bashirirwaho ico. Ariko, abafitaniye amatati barashobora gushinga imbere ya vyose, babanje kwumvikana n'inzego z'abahuza zibifitiye ububasha canke n'abahuza bashirirwaho ico, agahembo n'amafaranga abazigize baronka.

IGICE CA X : IYEREKEYE IKURIKIZWA RY'INGINGO YAFATIWE MU MAHANGA MU BIJANYE N'UKWUMVIKANISHA BICIYE KU BAHUZA

Ingingo ya 478 :

Ingingo yafashwe n'abahuza, iyo idashizwe mu ngiro biciye mu mwumvikano, ishirwa mu ngiro biciye mu ngingo y'Umukuru wa Sentare nkuru y'igihugu yituwe yo mu karere ingingo ishirirwamwo mu ngiro bisabwe n'umuburanyi abifisemwo inyungu gusumba.

Mu rubanza rwerekeye ugasaba ko ingingo y'ubutungane yafatiwe mu mahanga ishirwa mu ngiro, abafitaniye amatati ntibahinyuzanya.

La requête est déposée par la partie la plus diligente au greffe de la juridiction accompagnée de l'original de la sentence et d'un exemplaire de la convention d'arbitrage ou de leurs copies réunissant les conditions requises pour leur authenticité.

La formule exécutoire est apposée sur l'original ou, si celui-ci n'est pas produit, sur la copie de la sentence arbitrale répondant aux conditions prévues à l'alinéa précédent.

Article 479 :

L'exécution n'est pas accordée lorsque la sentence est contraire à l'ordre public.

L'ordonnance qui refuse l'exécution est motivée.

CHAPITRE XI : DE LA RECONNAISSANCE ET DE L'EXECUTION DES SENTENCES ARBITRALES RENDUES A L'ETRANGER OU EN MATIERE D'ARBITRAGE INTERNATIONAL

Article 480 :

Les sentences arbitrales sont reconnues ou exécutées au Burundi si leur existence est établie par celui qui s'en prévaut et si cette reconnaissance ou cette exécution n'est pas contraire à l'ordre public.

Article 481 :

L'existence d'une sentence arbitrale est établie par la production de l'original accompagné de la convention d'arbitrage ou des copies de ces documents réunissant les conditions requises pour leur authenticité.

Lorsque les documents ne sont pas rédigés en langue officielle au Burundi, la partie requérante en produit une traduction.

Urwandiko rw'ukwitwara rushikirizwa n'umwe mu bafitaniye amatati abifisemwo inyungu gusumba, akarushikiriza mw'iyandikiro ry'imanza rya sentare agashiramwo n'urwandiko rw'imvaho rw'ingingo yafashwe n'urwandiko rw'amasezerano y'ukwumvikanisha canke amakopi yayo akwije ibisabwa kugira yemerwe ko ari ay'ukuri.

Ikidodo cemeza ko urubanza ruca rukurikizwa kirashirwa ku rwandiko rw'imvaho canke, iyo rutatazwe, kigashirwa kw'ikopi y'ingingo yafashwe biciye mu mwumvikano w'abahuza ikwije ibisabwa bitegekanijwe mu gahimba ka 3.

Ingingo ya 479 :

Ingingo y'ubutungane yafatiwe mu mahanga ntiyemererwa gushirwa mu ngiro mu gihe ihungabanya umutekano w'abanyagihugu.

Ingingo yanka ko ingingo yafatiwe mu mahanga ishirwa mu ngiro itegerezwa gutangirwa imvo.

IGICE CA XI : IYEREKEYE UKWEMEZA N'UGUSHIRA MU NGIRO INGINGO Z'ABAHUZA ZIFATIRWA MU MAHANGA CANKE MU BIJANYE N'UKWUMVIKANISHA KU RWEGO MPUZAMAKUNGU

Ingingo ya 480 :

Ingingo z'abahuza zemezwa canke zishirirwa mu ngiro mu Burundi iyo zisanzwe zashinzwe n'uwubifitiye ububasha kandi iyo uko kuzemeza canke ukuzishira mu ngiro bidahungabanya umutekano w'abanyagihugu.

Ingingo ya 481 :

Ingingo y'umuhuza ifatwa ko ibaho, iyo ishizwe mu rwandiko rw'imvaho ruri kumwe n'amasezerano y'ukwumvikasha canke ikopi z'izo nzandiko zikwije ibisabwa vyose kugira zemezwe ko iz'ukuri.

Mu gihe izo nzandiko zitanditswe mu rurimi rukoreshwa mu ntwaro, uwubisaba arazihinduzwa mu rurimi rukoreshwa mu ntwaro.

Article 482 :

La sentence arbitrale rendue à l'étranger ou en matière d'arbitrage international n'est susceptible d'exécution forcée qu'en vertu d'une ordonnance d'exequatur émanant du tribunal de commerce ou du tribunal de grande instance dans le ressort duquel elle doit être exécutée.

La procédure relative à la demande d'exequatur n'est pas contradictoire.

La requête est déposée par la partie la plus diligente au greffe de la juridiction accompagnée de l'original de la sentence et d'un exemplaire de la convention d'arbitrage ou de leurs copies réunissant les conditions requises pour leur authenticité.

Article 483 :

La formule exécutoire est apposée sur l'original ou, si celui-ci n'est pas produit, sur la copie de la sentence arbitrale répondant aux conditions prévues au dernier alinéa de l'article précédent.

Lorsque la sentence arbitrale n'est pas rédigée dans l'une des langues officielles du Burundi, la formule exécutoire est également apposée sur la traduction opérée dans les conditions prévues à l'article 481 de la présente loi.

L'ordonnance qui refuse d'accorder l'exequatur à la sentence arbitrale est motivée. Elle est susceptible de recours.

Ingingo ya 482 :

Ingingo y'abahuza ifatiwe mu mahanga canke mu bijanye n'ukwumvikanisha ku rwego mpuzamakungu ntishobora guca ikurikizwa ku nguvu kiretse hakurikijwe ingingo isaba ko urubanza rwaciriwe mu mahanga rushirwa mu ngiro ishingwa na sentare y'ubudandaji canke sentare nkuru y'igihugu yo mu karere iyo ingingo ikurikizwamwo.

Mu rubanza rwerekeye ugusaba ko ingingo y'ubutungane yafatiwe mu mahanga ishirwa mu ngiro, abafitaniye amatati ntibahinyuzanya.

Urwandiko rw'ukwitwara rushikirizwa n'umwe mu bafitaniye amatati abifisemwo inyungu gusumba, akarushikiriza mw'iyandikiro ry'imanza rya sentare agashiramwo n'urwandiko rw'imvaho rw'ingingo yafashwe n'urwandiko rw'amasezerano y'ukwumvikanisha canke amakopi yayo akwiye ibisabwa kugira yemerwe ko ari ay'ukuri.

Ingingo ya 483 :

Ikidodo cemeza ko urubanza ruca rukurikizwa kirashirwa ku rwandiko rw'imvaho canke, iyo rutatazwe, kigashirwa kw'ikopi y'ingingo yafashwe biciye mu mwumvikano w'abahuza ikwiye ibisabwa bitegekanijwe mu gahimba ka nyuma k'ingingo ya 482.

Mu gihe ingingo y'umuhuza itanditswe mu rurimi rumwe mu zikorehwa mu ntwaro mu Burundi, urwo rwandiko na rwo nyene rurafatanywa n'urundi rwahinduwe mu rurimi rukorehwa mu ntwaro mu buryo butegekanijwe mu ingingo ya 481.

Ingingo ya sentare yanka ko hakurikizwa ingingo yafashwe na sentare yo mu mahanga iratangirwa imvo. Iyo ingingo irashobora kunguruzwa.

TITRE IV : DES DISPOSITIONS FINALES**Article 484 :**


Toutes dispositions antérieures contraires à la présente loi sont abrogées.

Article 485 :

La présente loi entre en vigueur le jour de sa promulgation.

Fait à Gitega, le 28 décembre 2023

Evariste NDAYISHIMIYE.-



PAR LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

VU ET SCELLE DU SCEAU DE LA REPUBLIQUE,

LE MINISTRE DE LA JUSTICE

Domine BANYANKIMBONA

**IKIGABANE CA IV : INGINGO ZISOZERA****Ingingo ya 484 :**

Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri bwirizwa zirafuswe.

Ingingo ya 485 :

Iri bwirizwa ritangura gukurikizwa kuva umusi ritangarijweko.

Bigiriwe i Gitega, ku wa 28 Kigarama 2023

NDAYISHIMIYE Evariste.-



KU BW'UMUKURU W'IGIHUGU,

BIBONYWE KANDI BISHIZWEKO IKIMANGU
CA REPUBURUNDI,

UMUSHIKIRANGAJI WUBUTUNGANE,

BANYANKIMBONA Domine.

